


# A SISTER'S PROMISE

WRITTEN BY MASIBANDA MAMA DELPHY

+ 27 74764 7472

+ 27657269362

READ COMMENT AND SHARE

CHAPTER 1

MATIPAISHE

" I can't believe kuti wakutoenda sisi ?" I said musodzi yatozara ndichibva ndamumbundira my big sisi Atidaishe uyo aive achangobva kuroorwa aive akuenda kumba kwake kunotanga hupenyu hutsva. Achibvaanditarisa uku achibudawo musodzi akati " I will miss you younger ndirikunzwa kusurukirwa unoziva ndirikuita

kunge ndakutoparadzana newe zvachose " l smile ndichimupukuta musodzi ndichibva ndati

" I will visit you usatye at least l am happy for you my sister wadadisa and handikutyire nekuti Freddy anokuda . Plus kumba kwako it's not far nekuno ndikangokufunga unoona ndatosvika unondiziva wani " she laughed akati

" Promise me kuti every weekend yausingaende kubasa unouya kumba kwangu " l laughed ndikati

" Uchaita kundiguta hako mira uone " mama vakabva vapinda vakati

" Nhaiwe Atie ko uchirikuiteyii muno wamiririrwa naFredie kumota nhai " Vachibva vanditarisa vakati " lwe Matipa rega sisi vaende nhai hanty anogara padhuze here mutown imomu and ndiko kubasa kwako unongomuona chero zuva rawada . Chibudai muperekedzane kumota plz musarambe makanisa mukwasha wangu " we laughed ndikati " Ndirikurwadziwa mama kuenda kwasisi Atie ndirikutonzwa kuremerwa neroom ino ndaive ndajaira kuseka hangu tichirara late tichifara now ndinenge ndangove ndega muno. Apo imi mazuva akawanda munenge muri kunight duty henyu naro basa renyu " Vachibva vaseka vakati

" Roorwawo Matipa usade kunetsa mwana

wangu hanty now you are turning 21 saka wakura chiroorwawo " I laughed zvikanzi nasisi Atie

" Soon arikuuya Blessing kuzoroora nezuro aitoti gulzy ndirikutevera tsoka dzenyu saka musanetseke . Imba ino ichasara yave yenyu mama mega pano naaunty Rhodha " Vachibva vaseka vakati " Ndirikufara girls dzangu hamuna kundinyadzisa unoziva kana uine vana vasikana kudai uri single parent vanhu vanotaurisa vanenge vakuti tinoda kuona kuti vachaitazvipi zvavakasiirwa nemurume achinoroora mumwe mukadzi . I am happy kuti waita kudadisa Atie waona kuti chero daddy vako vaive vachitonyara pamarooro ako " ndichibva ndaseka ndikati

" Vangasanyara here murume mukuru akatiza musha kunogara kugirlfrend sure kutiza mukadzi doctor kuenda kunogara kulocation . Ndakaona vakutoda zvekurara mukavati ko hamusikudzokera kumba kwenyu kkkk paye makavagona daddy vakutongonyara kuti ngatitaurirane ndidzoke kumba " mama vachibvavaseka vakati

" Haa handichada yoo nezvavakandiita baba venyu kudanana nasecretary wavo kwakutopanana nhumbu vakutonditi ndofanirwa kuzvigashira tiite barika inini manje .?" I laughed ndikati " Saka makaramba kuparikwa henyu daddy vachiri kukudai mama " Vachibva varidza tsamwa vakati " Unondiona ndiri cheap zvekuitiswa nababa vako here Matipa . Zvavakaenda

ndakafa here pano inganditori nepeace of mind . Ivo ndivo vanongozvinetsawo havo ngavagare kuBudiriro kwavo ikoko nemukadzi wavo nditori boe ndakadai " we laughed vachibva vati

" Zvakwana vasikana mukuwasha wangu anguri amira chibudai " tichibva tafamba takubuda mumba tichienda kumota kwaive nabamukuru Freddy.  Sisi Atie vakapinda mumota ndichibva ndati kuna Freddy " Bamukuru muchengete munhu iyeye zvakanaka handidi naye " Vachibva vaseka vakati " Inga munondiziva wani mainini kuti Atie ndiye akabata oxygen yandinofema saka musamutyire " I laughed ndikati

" I will miss her henyu asi muchandiguta henyu kumba kwenyu ikoko mirai muone " Atie achibvaaseka akati

" Unotaurisa Matipa chitivhurira gate takuda kuenda tanguri tamiririrwa navo Tembo ava " ndichibva ndaseka ndichibva pamota ndichinovhura gate vachibva varidza hooter vachindibhabhaisa vachibuda kuenda .

Ndakambosara ndakatarisa kuroad mota yavo ichienda kusvika isisaoneke ndikanzwa musodzi yatozara . Sisi vangu ndaivada and taiwiriirana zvekuti vaitiona vaiti tiri matwins nekuti mama vangu vaive vakatirumurisa taive takasiyana ne1yr

chete . Zvekuti vazhinji vaingoti matwins saka kusiyana naye ndainzwa kuti ndarasikirwa chaizvo . Ndaitonzwa kuti pane chashota pandiri ndakaramba ndakamira ndikazonzwa mama vakuti " Iwe Matipa fon yako ikuringer iyi Blessing arikufona " ndichibva ndatanga kufambisa ndichinopinda mumba ndikaona vakaibata ndichibva ndadaira ndichitofamba kuenda muroom mangu ndichibva ndagara pabed Blessing achibvaati

" Ko kunonoka kudaira fon nhai babe wanga uripi ?" Ndichibva ndati

" Nhasi nditori lol babe ndanga ndiripanze hangu ndichiperekedza sisi Atie vaenda

and I am lonely.  Ndirikutonzwa kuti ndarasikirwa chaiko this house will never be the same without my sister " ndakataura zvekunzwisa tsitsi chaizvo achibvaati

" Awuuu babe I understand kuti bond raunaro pana sisi vako it's too much . But usakangamwe kuti ndiripo and soon unenge watove mai Gwenzi" I smile ndikati " I can't wait babe soo urisei hako irisei Sunday yako ?" Akati

" Boring babe inganakidze sei usipo hanty wakaramba kuuya kuno " I laughed ndikati

"  Ndakakuudza kuti ndinoda kuonekana nasisi vangu shaa . " achibvaaseka akati

" Saka ndinokuona palunch kubasa kwako hanty ndine nyaya yandinoda kutaura newe babe " ndikati " Kwakanaka hako nekuti zvenyaya tinodzoka tovhunduka unondiziva kuti ndiri wehana nhete " he laughed akati

" Kuriboe shaa ndinoda titaure about our future shaa hona tatosara vamwe vatove kumberi saka takufanirwa kuita zvinoita " I smile ndichitora continental pillow ndikaisa kumusana ndikaitsamira ndikati

" Oky unouya hako ndinenge ndiriko babe " akati

" Oky my angel ndokuda Matipa " I smile ndikati

" Ndokuda Blessing " tichibva taseka tese achibvaati " Oky bye ndakumboda kuayina hembe dzangu dzekubasa shaa " ndikati

" Same here apo ndikunzwa kusimbe hangu " akati " Ko aunty vako varipi " ndikati

" Aunty Rhonda varikuoff vanouya havo nhasi manheru but hembe dzangu ndoita ndega shaa . Ndamunhu mukuru ndozviayinira . Ivo vanoita dzamama " akati

" Oky babe wangu totaura later take care " achibvaadropa call yacho ndichibva ndamboramba ndakabata fon yangu ndakutarisa mapics emarooro asisi Atie taive takachena veduwee.  Ndaive ndakutorongawo kuti kana ndakuroorwawo naBlessing ndofanirwawo kuita the same nekuti munhu wese aiita kuyemura .

Ndakazoisa fon yangu pasi ndakuenda kukitchen ndaive ndakutonzwa nzara plus time dzaive dzafamba . Ndakaburitsa muriwo wangu pork ndikatanga kubika uku ndichiimba hangu .Pandakapedza kubika ndakanodeedza mama mubedroom vakauya tikadya ndichibva ndatosuka nekuenda kunorara .

The following morning ndakamuka ndichigadzira zvekubasa mama vaitobudawo kuenda kuhospital kwavanoshanda kuBaines avenue saka vaindidropa pabasa pangu paholiday Inn hotel pandaishanda ndiri manager . Patakabuda vachinondisiya kubasa ndaive

ndisiri mumood yekushanda hangu ndakangonanga muoffice mangu ndikaisa handbag ndichibva ndakumbotenderera mumarooms ndichida kuita inspection. Ndikazobvako ndakuenda kukitchen nekulaundry ndikatoona vasikana vachitonyeya havo vari mulaundry room vakamira ndichibva ndasvikomira padoor vasingandione . Pandakakosora vese vakaita kuvhunduka mumwe achinhonga masheets aive pasi achiiswa muwashing machine vachibva vati

" Good morning Mme ?" Ndichibva ndaseka hangu ndikati " Soo muri buzz kunyeya muno masheets aripasi and tarisai time it's now 9oclock matove buzz kutamba murikuzviitirei nhai Chiedza ?"

Achibvaanditarisa zvekuda kunzwirwa tsitsi achibvaati

" Sry Mme it won't happen again " mumwe wacho Sandra achibvaatiwo " Sry Mme plz forgive us " ndikati " Musatambe nebasa vasikana mabasa arikunetsa aya ndikakudzingai mozoti ndakuitirai hutsinye. Mune nguva yekunyeya palunch ndikuoneyi futi muchitamba time dzebasa munondiona " I said ndichitofuratira kubuda mulaundry room ndichidzokera kuoffice kwangu ndichibva ndagara ndave buzz nelaptop yangu.

Fon yangu yakatanga kuringer ndichibva ndadaira zvikanzi nemunhu wacho

" Matipa right?" Ndakatoshaya kuti ndiani asina respect iyeye ndichibva ndangoti pamwe iclient ndikati " Yeah it's me ndiani wandikutaura naye ?" Achibvaati " Ndokumbirawo usiyane nemukomana wangu Blessing handidi zvekunetsana newe I am carrying his child and mazuvano he's avoiding me only to find out kuti you are the reason " Munoziva ndakaita kupererwa ndikaramba ndakanyarara . Achibvaati

" Usave reason yekuti mwana wangu akure asina baba sezvawakaita . I know kuti unonzwisisa pain yekuve a single mother nekuti mai vako she's single saka stay away from my man . Ini ndinotoziikamwa kumba kwana Blessing and mai vake vanotondida saka ndangoti uzive kuti ndozviripo usiyane naye . Inga kuhotel

kwaunoshanda kwakazara varume why chasing my man nhai ? " ndakanzwa musodzi yangu kuzara mumaziso ndichibva ndati

" I can see kuti utori neinformation yese yezvangu can you tell me your name . And ndinoda kuziva kuti Blessing wacho wakatanga kudanana naye riinhi nekuti Blessing ndane 1yr naye I never saw him aine mumwe musikana plus kumba kwake ndoenda why ndisina kumboona anything chiroratidza kuti anemumwe musikana. Even his sister tete Anita she never told me about you ndini wavanototi makoti so who are you and who gave you my number?"

Achibvaaseka akati

" Anita chero akakuziva zvinebasa reyi and zvekuti mane gore mese zvinebasa reyii . Akakosha ndini nekuti I am carrying his child and very soon tinenge takugara tese . Saka kana uchida kuti zvikunakire siyana nemukomana wangu . Ndichakuvinga kubasa kwako ikoko ndikunyadzise pamberi pemaworkers ako good day " achibvaadropa call yacho

Ndakaita kunzwa musodzi kuzara kuti saka Blessing ndozvaari he's cheating on me ini ndichitoronga zvehupenyu naye . I couldn't control my tears ndikatanga kuchema.  Ndakatora fon yangu ndichibva

ndafonera sisi Atie ndichichema kudaro vachibva vadaira ndikati

" Sisi l am heart broken " Vachibva vati

" Ko chii Matipa zvaunenge urikutochema kwakanaka here ?" Ndikati

"  Blessing is cheating on me " Vachibva vatura mafemo vakati " Uuum Matipa bamunini Blessing chaivo here waoneyii ?" Ndakatura mafemo ndichizama kuve calm ndikati

" Ndafonerwa nemunhu ati ane nhumbu yaBlessing and atoti mai vake Blessing vanomuziva sisi moyo wangu watsemuka sure Blessing ndozvaakundiita " ndaive ndakutowedzera kuchema vachibva vati

" Usamhanye kuchema Matipa nekuti munhu uyu pamwe atumwa you never know . Zvauriwe uite hondo naye Blessing inini ndinoona kuti anokuda and iwewe unozviziva saka usamhanye kutsamwa wadii kutsvaga way yekutsvaga nayo kuti ichokwadi here or kunyepa . Ndokumbirawo kuti unditeerere uite your investigations vakanyarara kana chiri chokwadi unozvibata " ndichibva ndatura mafemo ndikati

" Kuti anganyepe here sisi plus why aine information yese yekubasa kwangu plus kumba nezvamama vangu zvese " pandakadaro sisi vakakanuka vakati " Uuye kuno after work Matipa titaure ikozvino calm down uite zvebasa rako totaura wauya " ndikati " Oky sisi " ndichibva ndakata call yacho

Ndaisada kuenda kumba kwake ndichimukanganisa semunhu achangoroorwawo hazvizoite but ndaive ndisina kana frend yekuudza nyaya dzangu kusara kwakwe . Ndakazama kuzvishingisa ndikatanga kuita basa rangu ndikazonzwa knock padoor munhu wacho achipinda and aive Blessing ndichibva ndangomutarisa iye achiita kusekerera achivhura maoko ake kuti andipe hug

End of chapter

[08/19, 08:27] MAMA DELPHY MASIBANDA: https://chat.whatsapp.com/J1uhKbB5S9CJulHeaXZ1Pe

BOOK 21

WRITTEN BY MASIBANDA MAMA DELPHY

+ 27 74764 7472

+ 27657269362

READ COMMENT AND SHARE

# CHAPTER 2

## BLESSING

Ndakapinda muoffice maMatipa ndichiita kusekerera ndaive ndatomusuwa munhu wangu . Ndakavhura maoko angu ndichitarisira kuti achandimhanyira zvaanosiita kana ndauya ndikaona atoramba akagara hake akanditarisa.  Ndakabva ndadzikisa maoko angu ndatopererwa kuti ko mood yaaive nayo yaive yabvepi . Ndichibva ndanomira paside pake ndikaona achichema zvakandinetsa Ndichibva ndati

" Babe what's wrong, why are you crying?" Pandakadaro abvaatowedzera kuchema zvikuti ndakapusa ndikazama kuda kumubata achibvaabvisa ruoko rwangu zvekusada kubatwa ndiichibva ndati

" Babe don't tell me kuti I am the reason yekuchema kwako ndizvo here ?" Achibvaanditarisa akati

" Blessing why kundirwadzisawo zvakadaro ndakakutadzirei Inga ndinokuda wani ?" Ndakatove neconfusion kuti airevei ndikati

" Matipa kana paine zvandakuita wadii kungotaura babe nekuti now I am worried handisikuziva kuti ndakuitasei ?" Achibvaakufemereka akanditarisa akati

" Unevasikana vangani nhai Blessing?" Mubvunzo wake wakaita kuti ndirohwe nehana ndichibva ndaramba

ndakanyarara ndakamutarisa ndichitopererwa. Achibvaasimuka akamira pamberi pangu akati

" Ooh soo kunyarara kwako kureva kuti takawanda ndizvoka . Why usina kundiudza kuti unemusikana atori nenhumbu yako huh ?" Paakadaro ndakatanga kuseka zvekupererwa ndikati " Babe you are joking hanty ?" Achibvaati

" Do I look like someone arikuseka here Blessing huh . Tell me kuti musikana anenhumbu yako ndiani and why usina kundiudza nezvake ?" Ndakatoona kuti zvaari serious ndikati

" Babe ndafunga kuti ukutoseka Inga unoziva wani kuti ndiwe chete musikana wangu and I want to marry you . Handina mumwe musikana anenhumbu trust me babe wazviwanepi nhai ?" Achibvaaita kufemereka zvehasha akati

" Blessing ndakakupa moyo wangu ndizvo here zvawakundiita izvi . Wangu munyama here wekungorwadziswa nevakomana . Ndakakuudza my story naex wangu but wakundiitawo the same . Why Blessing?" Ndakashaiwa chero mhinduro yekumupindura nemood yandaive nayo yakabva yatochinja ndakatoona kuti atori nehasha and kutaurirana pakadai zvaitonetsa ndichibva ndati

" I think ndauya wrong time babe rega ndiende tozotaura wave calm " pandakadaro akabvaati

" Ooh soo you are running away from me hanty . Chirikukutadzisa kupindura chii nhai Blessing " handina kuda kutaura zvakawanda ndakangobata ruoko rwake ndikamupa kiss paruoko ndichibva ndatofuratira kubuda . Ndakanzwa hasha dzichizara mandiri after ndabuda muoffice make ndikaenda kumota kwangu ndichibva ndatodriver kuenda kumba chaiko . Ndakasvika kumba mama vakatogara

nesister yangu Anita vachirudunurwa musoro ndichibva ndasvikomira pamberi pavo ndikati " Mama I need answers ndiani afonera Matipa achitaura zvenhumbu ?" Pandakadaro mama vakanditarisa neziso vachibva vati

" Soo hausati wamuudza nezva Rumbi ?" Ndikati

" Mama ndakakuudzai kuti nhumbu ina Rumbi haisi yangu . Why muchida kuti ndibvume zvemunhu akandidhumhanisa nefrend yangu " Vachibva vaseka vakati

" Blessing handina muzukuru anokurira

kunze wazvinzwa . Rumbi akataura kuti nhumbu ndeyako and zvekuti akakudhumanisa it's a lie akati wakamusvikira achichema arimumaoko aPhilip achitonyaradzwa ukabva watoti mukudanana nekuti unoda Matipa . Manje wakairasa Blessing itoudza Matipa wako chokwadi kuti very soon you will become a  father "
ndakapererwa zvikanzi naAnita

" Mama musadaro soo you mean Matipa knows nezvaRumbi ?" Ndakatura mafemo ndikati

" I couldn't face her achichema unoziva and kuti ndizive kuti amuudza ndiani

ndashaiwa chero confidence dzekutaura ndikangomusiya achichema muoffice make . Pfungwa dzangu dzandiudza kuti mama ndimi munenyaya yese nekuti manemazuva muchingonditi pedza nyaya dzako naRumbi or else I will tell her everything. But why mama muchitruster Rumbi kupfuura inini your own son huh . Why musingade happiness yangu nhai ?" Vachibva vaombera maoko avo vakati " Blessing usade kunetsana neni wazvinzwa unoti Matipa ,Matipa chii chaanacho chisina Rumbi huh . Inini handidi hangu kuti uite rombe munhu ukamupa nhumbu unotofanirwa kuzvimirira don't runaway from your responsibilities nekuti unemumwe

musikana hazvidaro son . Go and tell Matipa the truth kana uchida zvikunakire " Anita akavatarisa mama akati

" Mama musadaro inini kutaura chokwadi I love Matipa than Rumbi he's a cheat aidanana naBlessing vese naPhilip now akavakonanisa vanhu vaive vayiwiririrana kwenguva refu . Nhumbu yacho haiziikamwe kuti muridzi ndiani why muchiti ndeya Blessing " mama vachibvavatarisa Anita vakati " Iwee nyarara urimusikana wazvinzwa uchazvinzwisisa kana

zvaitika kwauri . Ask your brother kuti haana kumborara naye here Rumbi wacho ask him ataure kana asina kurara naye " ndakapererwa ndichibva ndatura mafemo ndikati

" Mom I told you I was drunk pabirthday yake Rumbi handizive kuti what happened chandoziva ndakangomuka ndiri naked pabed pake iye asinawo kupfeka aripaside pangu . Kuti ndirangarire zvakaitika chaizvo ndirikutadza kuzvirangarira but moyo wangu urikuzviramba handina kurara naye " mama vachibvavaseka vakati

" Usade kundiita mwana mudiki Blessing ungarare the whole night pasame bed nemusikana musina hembe wondiudza kuti hauna zvaukaita . Chero bofu risingaone ritotsvanzwadzira wani murima imomo rikaita . Manje wairasa mwanangu unondiziva kuti ini chihera handisekerere zvakapusa go and tell Matipa the truth kuti une musikana wawakamitisa plus you cheated on her wakadanana naye wava naMatipa " ndikati

" Mama you are wrong Rumbi is just my frend handina kudanana naye but iye ndiye anondida ndaingopretender kudanana naye nekuti ndaiona action yaandiitira ndikatoona kuti arikuda

nezvangu . Saka munoti rudo here irworwo what if she put drugs on me that night kuti angowana kundipomera mhosva . Why musiri kufunga nezvazvo nhai mama " vakati

" Blessing zvandakuudza ndizvozvo ini handina muzukuru anokurira musango kana wada wotoita barika nekuti ini chihera handibvume zvisinabasa itaupedze nyaya dzako wanzwa " she said vachitosimuka kuenda kubedroom kwavo ndichibva ndatarisa Anita ndikati

" You see Anita mama ndivo vaudza Rumbi zvese l think Rumbi ndiye

afonera Matipa ndoitasei nhai Anita you know I love Matipa and I don't want to loose her " achibvaatura mafemo akati

" Eish mama vane speed unoziva ini I hate that girl Rumbi . Manje zvazvadai pakutoda kuti paitwe action nekukasira bro " ndakamutarisa ndikati " Action yeyii nhai Anita ndapererwa I can't face Matipa unoziva " achibvaasimuka akandibata maoko angu akati

" Take a chill pill bro do you trust your sister ?" Ndakamutarisa ndikati

" Taura tinzwe Anita now I am not thinking straight shaa " achibvaatura mafemo akati

" I want you to propose to Matipa on her birthday hanty ukuziva kuti next week is her birthday.  Propose to her muitire zisurprise svinu bro I will help you on that one. Uyu anozviti Rumbi I will deal with her inini trust me " I smile ndikati

" Anita,  Anita ndosaka ndichikuda my sister unofunga very fast but for now what will I say to Matipa " achibvaaseka akati

" I will handle Matipa hanty wati wamusiya achichema kubasa kwake . I will go there izvezvi and comfort her zvekuti uchanzwa akukufonera achiti I was wrong . Trust me bro usateedzere zvamai vako unovaziva Chihera kuti dzinodambuka but you must follow your heart hanty . I will promise you kuti

Matipa ndiye wako saka usatye " I smile ndichimuhugger ndikati

" Saka ndichikuda Anita go now sisi unotaura naye " ndakataura ndichitora makey emota yangu muhomwe ndikamupa ndikati

" You can use my car usazoroveresa mota yangu shaa " she laughed akati

" Kwana Blessing handina kuita license rekutenga remember.  Rega ndinokugadzirisira nyaya dzako ibva wandipa card rako shaa after talking naye I must spoil her

kutombobomutengera lunch saka I can't use my money " I laughed ndichipinza ruoko muhomwe ndikatora wallet yangu ndikabvisa card rangu ndikamupa ndikati

" Zvauriwe unoita zvisinabasa nemari yangu ziva kuti every swipe inoisa notification mufon mangu ndinokudhonza manzeve ako aya wadzoka " achibvaaseka akati

" Pin hauna kuchinja hanty ?" Ndikati

" Yeah iyoyo yaunoziva chienda shaa " achibvaaseka achienda kuroom kwake kunochinja achibvaazobuda . Ndakabuda panze ndikaenda kuseri kuorchard ndichibva ndaburitsa fon yangu muhomwe ndichibva ndafonera

Rumbi haana kunonoka kudaira achibvaati

" Babe zvirisei ?" Ndakanzwa hasha ndikati

" Don't babe me Rumbi ndakakuudza kuti nhumbu yako haisi yangu why uchida kundijairira iwewe " achibvaati " Blessing handidi zvekunetsana newe shaa ndiwe muridzi wenhumbu yangu and handidi kunetsana newe ndamirira ndaneta ikozvino mama vangu vachasvika pakuziva kuti ndanenhumbu uchingotsika tsika unoda ndiite kutizira here " ndakanzwa hasha ndikati

" What about Philip wadii kutizira kwaari nekuti he's the father inini handisi muridzi usade kundipusher kuita zvekuti unozondivenga wazvinzwa . " achibvaatanga kuchema akati

" Unofunga kuti handizive kuti unemusikana anonzi Matipa anoshanda kuhotel . Saka ndiye waungarasire mwana wako munhu anzwa nekuchinjaniswa nemaminister kuhotel ikoko manje dakuzvidira jecha mira uone " ndakaita kuvira nehasha ndikati

" I never loved you Rumbi ndiwe waitozviwisira kwandiri did I even

propose to you ndichikuti ndokuda huh . Remind me pandakakunyenga now ndakuona paive neplan yako wakandiinviter kubirthday party yako kuti undidhakwise soo that urare neni uzondinyepera kuti wane nhumbu yangu ,manje it will not work wakapusa Rumbi " achibvaakufemereka akati

" I am carrying your child Blessing handina kumbodanana naye Phil nhumbu ndeyako " paakadaro ndakanzwa kubackground kwake mai vake vachideedzera kuti

" Soo you are pregnant Rumbi now ndakubata ndakakubvunza kuti why are you selecting food mazuvano ukati uripadiet soo unenhumbu hako . Tell me who's responsible now " ndakanzwa

kupindwa nechando ndikakata fon yangu ndakutopererwa kuti zvaatove ma1 nhaimi mai vake zvavaziva what's next

End of chapter

[08/19, 18:21] MAMA DELPHY MASIBANDA: https://chat.whatsapp.com/J1uhKbB5S9CJulHeaXZ1Pe

BOOK 21

WRITTEN BY MASIBANDA MAMA DELPHY

+ 27 74764 7472

+ 27657269362

READ COMMENT AND SHARE

# CHAPTER 3

RUMBIDZAI

Ndakaita kuvhunduka ndichinzwa mama vakamira kuseri kwangu apo ndaifunga kuti ndirindega nenguva yavaive vadzoka kumba ndakaishaiwa .Ndakatanga kubvunda zvino ndakabata fon yangu ichiita kunge ichawirapasi mama vachibva vati

" Rumbi ndirikutaura newe ndati unenhumbu yaani ?" Ndakavatarisa vaita kufutisa chiso chavo ndikaramba ndakanyarara vachibva vandipa mbama vakati

" Ndati nhumbu yaunayo ndeyani Rumbi ?" Ndichibva ndaita kundandama ndikati

" Handina nhumbu ini mama " vakandipa imwe mbama iristrong yekuti ndakaona nyeredzi kupenya kuti vai masikati machena vachibva vati

"Usade kundiita benzi Rumbi ndakunzwa uchitaura pafon saka usade kunetsana neni tell me who's the father ?" Vakaita kudeedzera zvekuti ndakaita kuvhunduka ndichisuduruka pavari ndichibva ndati

" Ndeya Blessing mama " Vachibva vati

" Blessing wekupi nhai Rumbi ?" Ndikati

" Anogara kuGreystonpark mama "

Vachibva vaita kufemereka vakanditarisa  vakati

" Unesure kuti izvezvi  wakamirira maresults ako eform 4 watoita nhumbu . Unoda kunditukisa nababa vako here Rumbi . Wadirei kundinyadzisa kudaro izvezvi baba vako varikuita kudada nevana vavo ana Matipa . Wakavanzwa vadzoka kumarooro  vachiti Atida adadisa vachikuratidza mapics vakatoti soon Matipa akuroorwawo unoda ndisekwe here kuti vana vamaiguru vako vakapedza chikoro vese magraduate . Matipa ndimanager kuhotel uyuwo Atida anoshanda kuZimra iwewe ndokumitiswa wakamirira maresults eform 4 unoda ndife nebp here Rumbi . Baba vako

ndinovatii huh ?" Vakaita kutaura musodzi yazara mumaziso ndichibva ndati

" Sorry mama " vakati

" Sorry yako inochinjeyii nhai Rumbi . Nhasi baba vako vakazviziva pano pamba panogarika here apa wandirwadzisa worse nekudadisa kwakaita vana vababa vako iwewe ndopowomitiswa wandirwadzisa Rumbi manje handidi kutaura newe zvakawanda or kukonana nababa vako nekuda kwako gara warongedza bag rako uende kune munhu akakupa

nhumbu iyeye . Urikuzvinzwa here Rumbi izvezvi pack your bag uende . Handidi kukonaniswa nemurume wangu nekuda kwako chokwadi at 17 watomitiswa huh ?" Handina kuvapindura ndaive ndakutotya kurohwa zvangu . Ndichibva ndafambisa kupinda mumba ndikanozvikiira muroom mangu . Ndaive ndakuchema zvino ndakufunga kuti ndochidii. Apo munhu  wacho aive andipa nhumbu aive mukomana wesister yangu Matipa .

Ndaive ndiine godo navo ana Matipa nekuda kwekuti daddy vangu he always praises them vanoita as if he's still married kuna mai vana Matipa ivo vakasiyana kare . Saka ndakadeveloper hatred towards them nekuti mai vangu namai vaMatipa vaisaonana and taisashanyirana . Zvekuti pese pavainzi vagraduater vazodai ndaisvotwa daddy vangu vachiita kudada navo . Ndichibva ndatsvaga zano rekurwadzisa naro Matipa ndaimuona achiisa mapic aine mukomana wake pafacebook and ndakabva ndamuchiva mukomana wacho ndikamuisira friendly request akandi accepta apo asingazive kuti ndiri half sister yaMatipa . Ndaishandisa rimwe zita kufacebook

yangu tikatanga kutaura semafrenzy kusvika tazoonana achingondiita frend yake but ini ndaitove pakumuda nekutoda kuparadza rudo rwake naMatipa .

Saka ndakatanga kumuitira maaction worse pandakaziva friend yake Phil ndiye wandaive ndakushandisa kuve close naye Blessing kusvika day rebirthday rangu apo mama nadaddy vaive vasipo vakaenda kumuchato wesister yamama ndikaita birthday party yangu pano pamba ndichiziva kuti mama nadaddy havadzoke .

Ndakamudhakwisa Blessing kusvika adhakwa tikarara tese the whole night ndizvo zvandaida kutoita nhumbu yake kuti asiyane naMatipa . Now zvandane nhumbu yake ndakuchifanirwa kurwadzisa Matipa ndivaone daddy vangu vanoswera vachingoti your sister vazodai kuti vachadii. Ndakatora monarch rangu ndikatanga kurongedza hembe dzangu ndikapedza ndichibva ndazama kufonera Blessing angaasingadaire fon yangu . Ndichibva ndati better kufonera mai vake ndaive ndakatombotaura navo pandakaba number dzavo mufon yaBlessing ndichivaudza nezvenhumbu . And ndakataura zvakadzikamira zvekuti vakabva vandifarira .

Pandakavafonera havana kunonoka kudaira ndakatanga kunyepera kupfikura pfikura kuti vanzwe kuti ndaichema vachibva vati

" Rumbi are you okay?" Ndikati nezwi rakashoshoma " No mama l am not okay mama vangu vakuziva kuti l am pregnant saka vatonditi ndibve pamba pavo handizive kuti ndodii mama . Blessing arikuramba nhumbu yake " Vachibva vambonyarara vakazoti

" Haarambe usatye he is my son ndambotaura naye . But kuti utizire hazviite mwanangu tiri vanhu

vanoremekedzwa zvekuti ndinoda mwana wangu achate. Ndokumbirawo kuti nditaure namama vako vambomira kukudzinga tironge zvemarooro ako wonyatsouya zvakarongeka hauzvione ?" Ndakaita kusekerera ndichibva ndati

" Oky mama thank you regai ndivape fon mutaure navo " ndichibva ndatokiinura door rangu ndikaenda kubedroom kwamama ndikavaona vakaita kugara pabed pavo vakaita kugumbata maoko avo . Ndichibva ndati

" Mama oyi fon mai vaBee varikuda

kutaura nemi" Vachibva vanditarisa neziso vachitambira fon yacho apo ndaive ndatoisa paloud kuda kunzwa kuti vachataurirana kutii  vachibva vadaira zvikanzi namai vaBlessing

" Makadii henyu mama vaRumbi kwakadii kumba ?" Mama vachibva vadaira zvinyoronyoro vakati " Kumba kutsvene hako ndidzo nyaya dzandirikunzwa naiye Rumbi kuti anenhumbu yemwana wenyu . Zvino baba vake vanopenga pano pamba hapagarike " Vachibva vati

" Musatye henyu mai Rumbi

ndakutokumbirawo kuti for now mumbomuchengeta tichironga kuno nefamily yangu kuti tironge zvemarooro acho . Family yedu inoremekedzwa hatiite zvekutizirwa saka imbomuchengetai soo long baba vake vasati vaziva tichirongawo kuno . Mongoziva anamai tisu tinovavharira vana vedu saka musatye mwana wangu haana chaanoramba and handina muzukuru anozvarirwa musango hazviite . Chiregai ndimirire kudzoka kwababa vake  Blessing toronga vakaenda kunze nebasa handikwanise kuvarongera vasipo . As soon vadzoka takutoronga zvemarooro acho musatye henyu " ndakaona mama chiso chachinja vakusekerera vachibva vati

" Hoo kana madaro zvakanaka nekuti ndanga ndatove worried kuti saka zvino zvazvadai zvichaitwasei . Baba vake vanopenga chaiko apa mandirerutsira mufunge kungoti vana vedu ava musikanzwa yacho yakanyanya . " mai vaBlessing vachibva vati " Zvakaoma kani tochitongovabatsira sevabereki tingadii mazviita henyu nekunzwisisa mumuudze makoti asaite stress handidi muzukuru wangu akanganisike akandikoshera munhu iyeye mwana wedangwe rangu " mama vachibvavaseka vakati

" Ndinomuchengetedza musatye henyu neniwo akandikoshera ndiye ega mwana wangu Rumbi iyeyu moyo wanga warwadza kuti zvaariye zai regondo obvaandinyadzisawo here . Maitabasa chokwadi ndinombomuchengeta muchigadzirisa chivanhu chacho "

Pavakapedza kutaura vakabva vasekerera vakanditarisa vachibva vati

" Gara pasi titaure Rumbi " ndichibva ndagara pasi vakati " Mai vemukomana wako vanoratidza kuti vanhu vari well up . Vanoitanezveyii uye mukomana

wako wacho anoitanezveyii ?"
Ndichibva ndasekerera ndikati

" Baba vake vanoshanda kupresident's office mama ndivo mashark acho . Vanhu vanemari dzavo hamuna kunzwa vachiti tirivanhu vanoremekedzwa . Mukaona mota dzinofamba nemukomana wangu mama . Ndiye anomanager mabusiness ababa vake " mama vakasekerera vakati " Woow wakamuzivira kupi nhai Rumbi mwana washefu iyeye " I laughed ndikati

" Mama asi hamuone kuti makazviberekera njuzu yemwana here pakunaka ndiripozveini . Mati pane mukomana anodarika pandiri chero arimumota akasacheuka . Imimi chitofarai kuti mwana wenyu akuroorwa

nembinga and ndatodarika ana Matipa zviiye zvekunzi nadaddy masisters ako arikudadisa vachiita kunge vanokusvotesai zvakupera mama . Soon ndimi munenge makudadawo muchivatiwo wangu adadisa "

Vachibva vaseka vakati

" Woow I can't wait mwanangu unoziva ndangandatorwadziwa kuti hama dzababa vako hadzindide dzinoti ndakatorera mai vaMatipa murume dzinonyengerera kudyaka nekuti mai vaMatipa ndidoctor . But now vachandiona mira uone day remarooro

ako I will invite them vese naivo mai vaMatipa ndichavainviter kuti vauye vazvionere vaifunga kuti vavo vana ndivo vanodadisa chete . Hanty pamarooro emwana wavo havana kundideedza manje pako I will show them kuti ndini ndinechimuti . Dai maresults ako akabuda wakapasa ukangozvara woenderera mberi nechikoro . Kuitira kuti level rako rizofanane neremukomana wako . I am happy for you mwanangu hauna kunyadzisa " I smile ndichibva ndati

" Muchaona henyu mama now

ndakutoda kutoronga roora squad hanty manzwa vachiti ndotorwa nemuchato . Ndinoda kuinviter Matipa ndomuti ndinoda uve bestie wangu pamuchato zvekungoda kumurwadzisa chete " mama vachibva vaseka vakati

" Wakutomutangira kuroorwaka apo daddy vako vaiita kudada naye vachiti ane mukomana wakaita maintro naye musvinu . Hazvishamise hakuna kwazvinoenda iwe wakutoroorwa haa this time vanondiona mai vaMatipa ndinoda kuvaratidza kuti neniwo ndinogona kurayira mwana wangu futi " we laughed tichirovana maoko ndichibva ndati " Nhasi ndirikunzwa kuda fish mama ndobika here sadza nefish ?" Vachibva vaseka vakati

" Kachatishupa kamunhu kako ikaka wati surname yake anonzi ani iye Blessing?" I laughed ndikati " Blessing Murwira " Vachibva vati

" Ehoyi mai Murwira chibikai fish dzacho kana zvirizvo zvirikuda muzukuru wangu " I laughed ndichibuda mubedroom mavo ndichienda kukitchen.  Tsoro yangu yaive yabuda bhobho semarongero andaive ndaita ndaida kumuona Matipa kuti achadii ndakuchata nemukomana wake waanoswerera kuposter pafacebook everyday manje ave wangu and I am

carrying his child . Ndakabata dumbu rangu ndikatanga kuripuruzira iro raive risati rakuoneka nhumbu ingori ne2months chete . Ndaive ndakutoImaginer ndiri mumba mangu naBlessing tichidanana ndonyatsoinviter Matipa ouya onyatsoona tichidanana ndichimuyemera Blessing kuti anyatsosvotwa . Vajaira kutuka mai vangu vachiti vakaparadza imba yamai vavo yet daddy vangu vakatapiririrwa namai vangu . Manje this time matables aturner back .

Ndakasekerera ndega ndichibva ndazobvisa fish dzandaida kubika mufridge ndikatanga kudzigadzira  . Ndaitonzwa mate kuzara mumukamwa

nekudzida fish .

End of chapter

[08/21, 09:01] MAMA DELPHY MASIBANDA: https://chat.whatsapp.com/JXBXIgZF0nS57JYCfsTp2r

WRITTEN BY MASIBANDA MAMA DELPHY

+ 27 74764 7472

+ 27657269362

READ COMMENT AND SHARE

# CHAPTER 4

# MATIPA

Ndakaita kurwadziwa ndichiona Blessing achibuda muoffice mangu asina kana kupindura mubvunzo wangu . Ndakasara ndikachema zvekuchema zviye ndaive ndarwadziwa nemadiro andaimuita . Ndakatanga kufunga kuti now taive tapastage yekudawo kuroorana ndipo pandakunzwa nyaya inorwadza kudaro . Ndichatii kumaparents angu chokwadi. Nemadirwo anoitwa Blessing namama vangu nasisi vangu ndopaakundirwadzisa zvakadaro . Ndakatadza chero kushanda kwacho ndakatoona kuenda kumba kwesister yangu kurinani pamwe ndikataura naye

ndainzwawo zvirinani . Ndakatora handbag rangu ndakuda kubuda ndakanzwa kasoft knock ndikafunga kuti pamwe mushandi wepano ndichibva ndadaira ndiri lol kuti apinde ndichipukuta pukuta face yangu kuti asaone kuti ndanga ndichichema .

Paakapinda ndakaona vari tete Anita vachibva vandisekerera vachitondipa hug vakati

" Makoti asi wanga wakutobuda ?" Ndakatadza kuzvidzora ndakaerekana musodzi yatozara yakutoerera ndakavatarisa vachibva vati

" And you are crying chii nhai love waitwasei ?" Ndakavatarisa ndichigara pasi ndichibva ndati

" Hanzvadzi yenyu tete andirwadzisa " vachibva vaita kuvhunduka vakati

" Aitasei Blessing ndozvandisingade zvekuchemedzerwa muroora wangu . Ndingatoburana naye izvezvi akuitasei talk to me sweetheart " she said vachindipukuta musodzi ndichibva ndatura mafemo ndikati

" Tete ndafonerwa nemusikana achinditi ndisiyane naBee atori

nenhumbu yake and that lady anotoziva nezvangu zvese even zvekumba kwedu kuti my mom is a single mom . Akatoti l must not ruin her happiness nekuti ndakakurira mubroken family ndarwadziwa tete Anita . Ndakamutadzirei Bee huh , Auya pano ndikamubvunza nezvazvo haana chaandipindura he just walk away hake but l need answers tete "

Vachibva vandibata maoko angu vakati

" Makoti wangu ndonyaya yacho haa thought pane nyaya svinu ini . Munhu akufonera l think she's jealous of you . And hakuna zvakadaro trust me Bee anokuda and he's going to marry you . Unomuziva wani Blessing kuti haagone zvekutaura ndosaka abuda maybe

asina chaataura . Unoziva zvinoitika in life anogona atori munhu anorwadziwa nehupenyu hwako kuti you are better than her . Saka nekuda kukurwadzisa anodigger information nezvako oita as if anoudzwa naBee . You know my brother Makoti he's not a cheat . Can I see number dzacho dzakufonera maybe ndinogona kudziziva tione "

Ndakangotora fon yangu ndichibva ndavatambidza vachibva vatarisa vakatanga kuseka vakati " Ndiye munhu akufonera here uyu haiwawo friend yaBlessing uyu musikana waPhilip haa

ndatofunga kuti ndeumwe munhu . Nezuro chaiye akati dakumbowachisa Matipa haandizive dakuona kuti achaitasei . Usanetseke naye uyu haana kana deal makoti . Aaah sry hako haana kuziva kuti zvichakubata I will call her she must  apologize to you . Zvaanopenga nhai ndosaka Bee atadza kutaura angosvika kumba nekuzvivharira muroom make . Ndikatozama kuda kumutaudza but aramba ndipo pandatofungawo kuti ndiuye ndikuone ndatongosenser kuti something is not right . Usanetseke makoti munhu iyeye musikana waPhilip " pavakadaro ndakatonzwa kunyevenuka nekuti neniwo ndaive ndazama kuti ndifunge kuti ndepapi

Bee paakanditadzira ndikapashaya . Ndichibva ndavatarisa tete ndikati

" You are telling me the truth right ?" Vachibva vaseka vakati " Makoti dai waiziva kuti uripamoyo pangu usinganetseke hakuna kana munhu anenhumbu yaBee trust me hako .. Izvezvi Bee arikuchema kumba uku zvakaoma usatendere satan kuti apinde pakati pako naBee ndapota hangu makoti . Unoziva kuti pane vasingafadzwe nekudanana kwenyu especially pamave pekuda kuroorana

apa hapatode kuti unyanye kuteerera manzwiranzwira unorasika muroora wangu . Bee anokuda ufunge hako ipapa atorwadziwa chero kudya nhasi haadye I know my brother " pavakadaro ndakanzwa kubatikana ndichibva ndati " Let me call him ugoona atouya achida kuti tironge nezvemarooro edu mufunge.  I think ndangomhanyawo kugumbuka . " I said ndichitora fon yangu tete vachisekerera ndichibva ndamufonera . Yakangoringer ka1 achibvaatodaira ndikati

" Babe I am sry ndangokasira

kutsamwa nekuti ndanga ndarwadziwa sry hako Bee " pandakadaro akaita kufemera padenga achibvaati

" Babe l love you handidi hangu anopinda pakati pedu ndosaka waona chero mashoko ekuti nditaure ndamashaiwa . Ndatouyawo ndichitofara kuti titaure about our future ndabva ndatoomerwa sry hako babe ndatoona kuti kubuda kurinani kunoita kuti tisachinjane mashoko . But munhu iyeye azviita l will deal with her handidi hangu kukanganisirwa nekuda kwake . I hope you are okay now babe unofanirwa kunditruster babe ndiwe wega wandakada Matipa zvekuti kutonetsana newe ndosarudza kufa hangu " ndikati

" No babe ndanzwisisa tete vandiudza vati musikana weFrend yako Philip hanzi akatoudza tete kuti ndinoda kumbochemedza Matipa . But andigona hake nekuti ndachemawo zvesure . Bee handidi newe babe ndabatikana kusvika pakubvunza Mwari kuti wangu munyama here veduwee wekungochemedzwa nevakomana.  But now ndakunzwisisa babe sry hako saka uchandiona wen titaure ?" Akati

" Mangwana ndinouya babe ndanga ndatorwadziwa thanks to my sister at least she  knows me better asi

musikana waPhilip haadaro sure dakumupopotera nhai . Majokes ake haazive pekumaitira angaatokonzeresa confusing pakati pangu newe nhai ?" I smile ndikati

" She's your friend babe maybe angaachida kuona kuti rudo rwedu rwakadii usanetsane naye ariko mafreinds akadaro now I understand " achibvaatura mafemo akati

" Thanks babe for understanding ndokuda Matipa wangu " I smile ndikati

" Ndokuda Blessing saka we are cool

ndinokubata time time rega ndimbotaura natete vangu ava " achibvaaseka hake ndichibva ndakata call yacho zvikanzi natete Anita

" Well done makoti ndozvinoitwa izvi not kuda kutendera satan kuti akupesanisei noo hazviite saka now ndinoda kukutora ndiende newe kulunch timbono refresher hedu " I smile ndikati

" Asi tete soo makutoda zvelunch " Vachibva vaseka vakati " Yes ko ndikasaitira iwewe muroora one ndozoitira ani handei hedu . But not pano pahotel penyu noo todawo kumwe " I laughed ndikati " Oky tete let's go "

Ndichibva ndasimuka ndikatora handbag tichibva tabuda tichitoseka hedu. Tete Anita ndiye munhu wandaiziva kuti haafe akandinyepera chero zvidii ndaive ndakutorangarira zvaive zvataurwa nasisi Atie ndikatoona kuti sure ndaive ndaitawo speed apa . Ndakanotengerwa lunch yepamusoro natete vangu tikadya tichiseka patakapedza ndakavati vanondisiya kuflat kwasisi vangu vachibva vanondisiya pagate vachibva vaenda . Ndakapinda mukati ndikatoona sisi vakatoita kugara vakararira bamukuru pamakumbo vachiita rudo havo ndichibva ndakosora

ndikati

" Love birds " Vachibva vatanga kuseka vese zvikanzi nabamukuru

" Ndiye munhu angaachinzi akuchema here iyeyu nhaimi mainini manditsanyisa masikati ndichida kupihwa bota remasikati zvikanzi munin'ina wangu arikuchema ndabva ndapera feeling.  Manje ndikuona mukutoseka henyu ?" We laughed ndichigara pasi ndikati

" Ndambochema henyu bamukuru sry nekukutsanyisai but it's sorted now

munogona kungonopihwa henyu "
Vachibva vaseka vakati

" Vanhu two imimi muchatinetsa sure tiri paleave rehoney moon kudai tinototoda kumbodanana chaiko tikatanga basa anenge ave ma1 soo murisei henyu chitiudzai kuti manga muchichemeyii ?" I laughed ndikati

" Ndiriboe hangu pane munhu angaandifonera achiti anenhumbu yabamunini venyu ndikarwadziwa henyu bamukuru only to find out kuti ifrend yaBlessing ari musikana weshamwari yake kuda hake kuona kuti ndinodii " sisi vachibva vatanga kuseka vakati

" Ndakuti chii babe paye handina kukuudza kuti l trust Blessing pane munhu arikuda kuona kuti Matipa anotii . Ndambokuudza kuti usamhanye unozviputsira chirongo wakusvika Matipa . Pamave apa hapachade kuteerera zvisinabasa ndafara kana mave sorted " l smile ndikati

" Ndanga ndati munhu wangu abiwaka sisi munoziva madiro andinomuita Bee handidi hangu naye " bamukuru vachibva vaseka vakati

" Iye frend yake inofarisa umuudze kuti bamukuru vangu havazvide zvekuchemedzerwa munhu wangu " we

laughed zvikanzi nasisi

" Ndanga ndatokwira BP ipapa ngaasadaro anyway tora food mufridge uise mumicrowave udye shaa muno unoita save yourself " I laughed ndikati

" Nemagutiro andakaita here sisi ndaendeswa kulunch natete Anita vatondisiya pagate apa . Vanzwa kuti ndirikuchema vakauya vachimhanya ndinovada hangu tete vangu " sisi vakati

" Shame Anita is a darling unoziva ndinotorwadziwa kuti bamukuru vako

havana hanzvadzi pamwe dai ndichitoitawo sezvaunoita naAnita ndinozviyemura . " I smile ndikati

" Yeah she's a darling hake ndomudisa " I said ndichienda kukitchen kunoisa mvura yekumwa muglass ndikamwa ndichibva ndadzoka ndikati

" Saka let me not disturb you ndidzokere hangu kunopedzisa basa munoti nhasi ndamboshanda here nekastress kandanga ndaita " Zvikanzi nabamukuru

" Wangawatoondaka ne2mins runonzi rudo kkkk ko ukudakumhanyirei hanty ndimi mashefu acho here ?" Ndikati

" Ndinoda kuona kuti zvese zviriboe here maclients haafanirwe kucomplainer munovaziva vashandi sometimes vanombotamba havo pabasa vanombosvota havo vanhu vacho . Plus ndinoda kukupai mukana wekuita zviya zviya soon ndirikuda mwana muno guys " Vachibva vaseka zvikanzi nasisi Atie

" Ukutodaro hako nditori nenhumbu ini ine 2months hauna kuona kuti taibirira here nabae wangu musingaone " ndakavhura maziso ndikati

" Bamukuru is it true ?" Vachibva vaseka vakati

" Yes she's 2months pregnant mainini very soon kanenge kavepo kamunhu

kenyu " I smile zvekufara ndikati

" Woow congratulations guys I.am happy for you but haudaro Atie kuvanzira inini like seriuos ndozvawakundiita nhai ?" Ndakataura ndichiisa musoro paside zvekunyepera kutsamwa achibvaaseka akati

" Noo Matipa handina kukuvanzira I was not sure hako nezuro doctor confirmed it soo I wanted to tell you nhasi ndipo pawafonawo uchichema saka ndazongoti I will tell you waveboe . Ndozviripo little sisi soon kamwana kako kanouya " ndakanzwa kufara zvekuti naivo vakazviona ndikati

" Uyu ndewangu mwana iyeyu handidi naye ndini ndichamutengera zvese takawiririrana kare Atie kuti first born yako ndeyangu " achibvaaseka akati " Oooh yes soo chitotanga now mwana wako arikuda pizza " we laughed ndichitora bag rangu ndikati " Haa kana atanga nekuda pizza ashata byee ndakutotiza yoo " ndichibva ndatobuda vakasara vachiseka

End of chapter

[08/21, 18:15] MAMA DELPHY

MASIBANDA: https://chat.whatsapp.com/JXBXIgZF0nS57JYCfsTp2r

BOOK 21

WRITTEN BY MASIBANDA MAMA DELPHY

**+ 27 74764 7472**

**+ 27657269362**

READ COMMENT AND SHARE

# CHAPTER 5

## BLESSING

Ndakarara ndiine mufaro nekuti Matipa aive andinzwisisa . Chaive chasara kutaura naRumbi asiyane neni nekundinyepera nezvenhumbu yake . Ndainyatsonzwa mandiri kuti she's not telling the truth panyaya yenhumbu yake.

The following morning ndakaita kumutsiwa neziknock kunge remupurisa padoor pangu . Ndichibva ndaita kuvhunduka ndikati

" Ndiani aripadoor ?" Ndaisatomboda zvekumuka zvacho ndikanzwa voice radaddy richiti

" Mbavha inoknocker here Blessing huya kusitting tione " hana yangu yakarova kuti mudhara vaive vadzoka . And nyaya yavaitoda kutaura neni obvious ndeya Rumbi . Ndakatanga kunzwa kupindwa nechando ndichibuda mumagumbeze ndichibva ndatora morning gown rangu ndikapfeka nemamorning shoes acho ndichibva ndabuda .

Pandakasvika kusitting ndakatoona namama vakatogarawo ndikatanga kutya . Ndakavamhoresa ndichibva ndagara pasi daddy face yavo yaitoratidza kusafara . Ndakatoziva kuti kana vakasvika husiku obvious muchembere vakatotaura nyaya dzese. Daddy vakanditarisa vachibva vati " Ko tipire nyaya yako chikomana ?" Ndakaita kakuvhunduka ndikati

" Nyaya yeyii nhai daddy ?" Vachibva vanditarisa vakarova serious vakati

" Usandipindure nemubvunzo Blessing unozviziva kuti handizvide . Taura

nyaya yemunhu arikunzi anenhumbu yako zvakafambasei?" Ndakatarisa mama avo vaive vakanditarisa vachibva vati

" Ndavaudza daddy vako nyaya yako son . Saka tell him zvese tiwane kufinalizer nyaya yako " ndakapererwa kuti chii chavanoda kufinalizer ipapa . Ndichibva ndagadzirisa pahuro ndikati

" Daddy thank you nekundipa mukana to explain nyaya yacho nekuti mama is not even listening to me varikungomhanya kuita conclusion. Zvirikundibata kuti why she's taking

side remunhu wavasingazive wavakangotaura naye pafon " ndakataura ndakutonzwa musodzi kuvavira zvikanzi nadaddy

" Chitaura son ndinoda kuziva chokwadi ini ndasiyana namai vako unondiziva " ndakapukuta musodzi ndichibva ndatarisa daddy ndichigadzirisa pahuro pangu ndikati

" Daddy musikana uyu she's just my frend handina kumbodanana naye " daddy vachibva vanditarisa vakati " what do you mean nhai son kana uchiti she's your frend hauna kudanana naye iye achiti she's carrying your child ?" Ndikati

" Daddy l am telling you the truth munoziva this girl ndakamuziva pafacebook andiisira friendly request ndikamuaccepta. Anonzi Lian or Rumbi rekuti Rumbi ndakatozoriziva manje manje . Ndaitaura naye pafacebook kusvika ndazomuona tikangotanga kuwiririrana semafrenzy daddy. But munhu uyu ndakaona kuti anemaintrest neni and l told her kuti ndine musikana wangu . Akatonditi uzondiratidza musikana wako achiita as if arikuzvifarira . Soo nguva zhinji aigara achienda kumba kwaPhilip and you know Philip is staying alone kumba kwavo maparents ake arikunze . At first

ndakatomboti vanenge vakudanana but vese vaizviramba vachingoti we are frenzy. Then pane day raakaita birthday party yake and she invited us naPhilip. Ndakatomboda kuramba but Philip akandimanikidza kuti she's our friend hatingamudaro . Ndikatomboda kuti ndiende naMatipa but day racho aive nemeeting kubasa kwake nemaboss . Ndichibvа ndazongoendawo semunhu aive amanikidzwa . But daddy chakandishamisa ndechekuti ndaive ndadhakwa zvekutadza kuziva zvandaiita and the next morning I woke up ndiri pabed naye musikana uyu tese tiri naked akatondirarira pachest pangu. Ndakatovhunduka zvekuti ndakashaya kuti chii chakaitika and musikana uyu

achibvaaseka akati

" Wakuvhundukeyi Inga we were enjoying the whole night " I.was shocked daddy nekuzvituka kuti what have I done . After that ndakangopfeka nekutomusiya ndisina kutaura anything. I was avoiding her zvekusatoda kumuona nekuti I was suspecting kuti she drugged me that day . And akatanga kundifonera akuti can we talk what what ndisingapindure . Then rimwe zuva ndakaenda kumba kwaPhilip ndisina kumuudza kuti ndikuuya ndikavaona varipabed vakagumbatirana and Philip aive akapfeka boxer shot chete . Musikana akapfeka kadress kapfupi and I doubt kuti mukati aive nechinhu nekuti

vhundukiro yavakaita ndapinda musikana akatanga kupretender kuchema.  Uyu Philip akatanga kumuti " Thank God Blessing wacho asvika let's talk " ndikatomuti totaurei ipapa akanditi musikana auya achimuchemera kuti she's pregnant for you and hausi kutaura naye what what. But ndakatoona kuti aya mastatements ndikasiya ndavashaudha vese ndikabuda . Soo daddy tell me kuti nhumbu iyoyo inganzi ndeyangu here ?"

Ndakaona daddy vakutura mafemo vakatarisa mama vachibva vati

" Mai Bee ndambokuti chii paya uchiti ngatitoronge zvemarooro nekuti hatingasiye mwana wedu achichengetwa musango . According nematauriro aita mwana aya this girl is not honest . And anofanirwa achidanana neshamwari yake uyu . Soo munoda mwana aroore munhu akadaro sei . Worse he's saying haana kudanana naye meaning haatomude saka why forcing him kupinda mumarriage nemunhu waasingade . Don't make a mistake mai Bee yaunozoita regret kwehupenyu hwese . I know kuti Blessing anemusikana wake watinoziva tese and zveuyu wepafacebook ini handidi hangu . Kana mwana ariwepano we must pay the damages tozotora

mwana wedu . Forcing him to marry munhu waasingade hazviite . We must not force him he must follow his heart "

Pavakadaro daddy ndakaita kunzwa kunyevenuka mumoyo mangu ndikaona mama varatidza kuve confused vachibva vati

" Soo zvichafambiswasei daddy nekuti ini ndaudza mai vake kuti asatizire nekuti vanga vatomudzinga kuti atizire . Saka apa vakatomirira kunzwa kuti tichadii nekuti musikana arikuti Blessing ndiye muridzi wenhumbu " daddy vakaramba vakanyarara vakazoti

" We will go ikoko naye Blessing wacho tino addresser nyaya iyi tese tiripo vabereki vemusikana nemukomana toona kuti tinowirirana kusvika papi . Nekuti naivowo vakanzwa chokwadi chenyaya yacho vachatoonawo kuti mwana wavo is lying.  Ini handisikuti wangu mwana ariright but kana zvaataura zviri zvechokwadi pane nyaya apa mai Bee . And handidi kuti vaparadzane naMatipa nekuda kwemunhu iyeyu . Yes imi samai munenge muchizama kuda kuvhara nyaya asi hazviite kuti mwana azocheme nemi mangwana nekuda kweforced marriage iyoyi . Vana vazhinji vakuchema nazvo izvi vabereki tisanyanye kupinda pakati regai azviitire

decision yake ega . Saka kupedza nyaya iyi we will go kumba kwemusikana uyu tese and address the matter hanty unokuziva Blessing?"

Ndakadaira nemusoro zvikanzi namama

" But zvakangooma munoita as if makushandisa chisimba cheposition yamuri mugovenment ndosaka ndaive ndati tiite zviri easy . Ko vakarwadziwa zvekuzotishambadza mumapaper nhai daddy . Zvoita as if mwana wedu ndozvaanofamba achiita zvekumitisa vana vevanhu achiramba . I  was trying

to protect our name chete daddy "
Zvikanzi nadaddy

" You can't ruin your son's happiness in the name of protection our dignity no mai Bee . Ndosaka ndisiri kuramba kuti tibhadhare madamages and also we will do the DNA test if mwana ariwedu we can take the  responsibility yemwana zvekuti haatambure . But nyaya iyi I think it's wise to call Matipa ouya tomuudza nyaya iyi azive kuitira mangwana.  Nekuti if mwana akazonzi ndewaBee varoorana she must know kuti pane mwana aripo not kuita masurprises I hate secrets "
pavakadaro ndakaita kudikitira chaiko ndichibva ndati

" No daddy kumuudza hakuite nekuti ndatoramba nyaya yacho kare it can worsen the situation eish imbomirai mbichana nditange ndamuroora nekuti hamuzozive kuti anozozvitambirasei . She was crying nenyaya yacho nekuti this girl amufonera achimuudza nezvenhumbu zvekuti ndarwadziwa . Saka I lied to her kuti handizvizive nekuti handidi kumurwadzisa . Saka plz daddy let's not tell her anything for now plz " daddy vakanditarisa vachibva vati

" Kutonyepa ikoko ndiko kunototoita kuti pashaiwe trust pahuviri hwenyu . Unoti paanozoziva chokwadi what will

happen huh. Ini handidi kuzoita kunge ndinoprotector musikanzwa yako son dai wawana way yekumuudza nayo Matipa nekuti kuverengera kuchaita muzopesana zvachose . What if musikana uyu akaramba achimufonera zvaane number dzaMatipa wacho "

Ndakatura mafemo ndikati

" She will not do that again daddy l think it's better tikasire kunoona vabereki vake sekutaura kwenyu daddy . Let me call her ndiite as if l am interested ndomuti audze vabereki vake kuti kurikuuya mavisitors then nyaya

yozongotaurwa zvayo tave paground " daddy vakakugutsurira musoro vakati

" Yeah call her utaure naye wondiudza kuti atii pakasununguka kuti tinovaona varipo vese " he said vachitosimuka kuenda kubedroom kwavo ndichibva ndatosimukawo kudzokera kuroom kwangu . Ndakatora fon yangu ndichibva ndafona number yake achibvaadaira ndikati

" Hesi urisei ?" Achibvaati

" Hesi babe l am not okay you are not talking to me " ndichibva ndatura mafemo ndikati

" Sorry ndaive ndakatsamwa shaa this whole story is confusing me . But anyway kana mwana ariwangu hapana

zvekuita l must take care of my responsibilities " ndakamunzwa kuita kutura mafemo achibvaati

" Thanks babe for understanding unoziva ndatoonda nestress kuti zvino kana uchiramba mwana wako unoda ndidii. " ndikati

" Ndokumbirawo usiyane nekufonera my girlfriend kana uchida zvekuti ndikuroore . Ziva kuti ndakungoroora for the sake of my child not kuti ndokuda unozviziva kuti l have my girlfriend wandinoda . Soo stop calling her or insulting her nekuti apa l am forced kuita barika if uchida ?"

Achibvaati " I don't have choice babe ndinoda but unotanga kuroora inini ndine nhumbu uyo wako anenge atove second wife " ndakatoona kuti kamwana aka kabenzi kanofunga kuti ndakapusa zvekudaro . Ndichibva ndati " It's fine saka ndinoda kuuya ikoko nemaparents angu for maintro nekuronga zvemarooro zvacho saka unokwanisa kutaura nevabereki vako here kuti tiuye " kakaita kuscreamer nemufaro kachibvakati

" Yes babe ndinotaura navo ndokuudza pavanenge varipo vese mouya. Woow I

can't wait to meet your parents thanks babe . Vabereki vangu vachafara unoziva mama vangu since yesterday she's not okay pavakangoziva kuti I am pregnant apo ndakamirira maresults " ndakatura mafemo ndikati " Zvinhu unozvida hako and vabereki vangu havatozive kuti wakamirira maresults vakazviziva it will be another story. Anyway ndibate wataura navo vabereki vako and plz stop calling my girlfriend OK?" Akati

" Oky babe I.wont soo long wanditi ukundiroora chete ndozvakakosha " handina kuzoda kudaira ndichibva ndadropa call yangu ndikaridza zitsamwa ndikati " U will regret day rawakandiisira friendly request

pafacebook "

End of chapter

[08/22, 08:35] MAMA DELPHY MASIBANDA: https://chat.whatsapp.com/JXBXIgZF0nS57JYCfsTp2r

WRITTEN BY MASIBANDA MAMA DELPHY

+ 27 74764 7472

+ 27657269362

READ COMMENT AND SHARE

# CHAPTER 6

RUMBIDZAI

Ndakaita kuscreamer nemufaro pandakapedza kutaura naBlessing kuti finally he accepted to marry me yeah my plan worked zvandaida chaizvo . Ndaive ndakutoona nditori mukadzi wake and zvake zvekuti anoda kundiita barika handisikuzozvibvuma . Once ndatove first wife yake ndichatogan'a chaiko kuti handidi kuparikwa . And apa chero daddy vakada kupenga vachiti mukomana wesister yako handisikuzozviteerera nekuti I will pretend as if I was not aware. Ndichavaudza kuti ndaisaziva kuti mukomana waMatipa and now ndane nhumbu yake I can't leave him . Ndinoziva kuti hapana pavangati

ndimusiye ini ndiine nhumbu yake hazviite .

Ndakamuka pabed pandaive ndakarara very fast ndikaenda kukitchen kwaiva namama ndichiita kusekerera zvekuti pandakapinda mama vakanditarisa vachibva vati

" Smile iyi kwakanaka here mwanangu?" Ndichibva ndaita kupindura maziso angu ndikati

" Yes mama kwakanakisa ndine good news " Vachibva vatodhonza chair yaive mukitchen imomo vakagara pasi

vakanditarisa vakati

" Tell me what's the news mwanangu " ndikati

" Ndafonerwa naBlessing ati nditaure nemi nadaddy varikuda kuuya nefamily yake kuno kumba . I think kuzoonekwa nekutoronga zvemarooro acho mama " ndakaona vavhura maziso mama vachiita kusekerera vakati

" Woow sure here mwanangu saka ati vanoda kuuya rinhi ?" Ndikati

" As soon as possible mama kana mukangobvuma mese nadaddy ndotomufonera ndichimuudza kuti

vauye " she smile vakati

" Oky saka pakanaka mira daddy vakamuka totaura nyaya yacho . Vachafarawo daddy vako nekuti he was worried newe unoziva . Vakatoti maitiro ako handimanzwisise now ndipo pavachaona kuti vaive wrong about you . I am happy for you mwanangu " I smile ndikati

" Yes mama and muchavaona vanhu vacho kuti havasi vemhangamanga . Soon ndinenge ndatobva pano pamba ndakumba kwangu uuum I can't wait mama " Vachibva vaita kakusuruvara vakati

" Eish dai ndakaitavo vana vakawanda zvino kuenda kwako ndichasara ndega pano ndakutonzwa kurwadziwa unoziva . But kana wazvara mwana wako unondipa ndogaranaye kuti ndiwanewo shamwari pano " ndakavanzwira tsitsi mama ndikati " Don't worry mama ndinenge ndichiuya kuzokuonayi hangu . Chitofarai kuti mwana wenyu adadisa " she smile vakati

" Amen ndirikufara hako hauna kunyadzisa mwanangu munamato yangu yanyatsodairwa chaiko . Uchaona chero daddy vako vachifara " I laughed ndikati " Amen mama " ndikanzwa daddy vakudeedzera vakamira padoor repakitchen vakati "

Inyaya yeiko yamurikuita kufarira kudai mai nemwana " mama vachibva vandichonya ziso vachisekerera vakati

" Tirikuuyako baba vaRumbi " Vachibva vatonditi tiende kusitting ndinotaura nyaya yangu . Ndakasimuka ndichitevera mama mumashure ndichinogara pasofa ndikavamhoresa daddy ndikambonyarara ndakutoshaya kuti ndotangasei nyaya yangu . Mama vachibva vanditarisa vakati

" Tauraka nyaya yako Rumbi tizive " ndichibva ndakusekenyeka ndichigadzirisa pahuro pangu ndikati

" Oky soo daddy nemi mama ndine

nyaya yandinoda kutaura nemi . Nyaya yacho ndeyekuti ndine mukomana wangu wandinofambidzana naye arikuda kuuya kumaintro nemaparents ake kuno " pandakadaro ndaitarisira kuona daddy vachisekerera but vakabva vatochinja chiso chavo vakati

" Hezvo mashura angu nhaiwe Rumbi wakakwana here pfungwa dzako iwewe . Wakurarinhi zvekutoda kuuya nemukomana pano for maintro huh . Saka unoti zvawakanyora form 4 watokura here . Handidi mahumbwe pano uchiri mwana wechikoro

ukufanirwa kuenda form 5 woenda kuuniversity sezvakaita masisters ako . Ndeupi wawakaona achiuya nemukomana ari form 4 huh . Ndipo pandinoburana newe Rumbi wozonditi munopembedza vana venyu . Unoda ndikusekerere sure form 4 kuti wakuvingwa pano kudakuroorwa unesure.  Chero ivo vabereki vacho vemukomana wako vakakwana here . Varikuziva here munhu wavirikuvinga pano kuti mwana wechikoro huh. Soo imimi mai Rumbi ndizvo zvamanga murikufarira mukitchen zvakapusa kudaro pamwana wechikoro huh . Manje ngavauye pano ndivashure shure kana zvirizvo zvamuri kunyengerana. First finish your studies woita

sevakoma vako chero ukazouya nemunhu pano haundinzwe kutaura zvisinabasa . Not izvozvo wakamirira maresults wotoda kutaura zvekuroorwa unoda kuti ndikurove here Rumbi huh ?"

Ndakaerekana musodzi yatozara mumaziso angu mama vachibva vatura befu vakati

" Nhai daddy ko zvaati anoda kuuya kumaintro ati anoda kuroorwa nhasi here . Why musingadewo kupa Rumbi support yamunopa ana Matipa. Munomusarudza Rumbi hameno kuti why muchiita kunge asiri mwana wenyu

. You don't value her happiness madii kungomupa mukana auya naye tangomuona heduzve chii chakaipa ipapa " Zvikanzi nadaddy

" Chinzwa zvawakataura mai Rumbi hausi kutomboona pane point yangu hanty . Rumbi is my daughter and hapana pandakambomusarudza zvaunoziva all I want is the best out of her . Kana ndichiti anasisi vake vakandifadza ndinenge ndichiisa example yepadhuze . Kuti mwana azive kuti kuroorwa hakumhanyiririrwe munhu asati apedza chikoro . Mukore uno ndiani murume chaiye musvinu achada munhu asina chikoro huh . Munhu ngaatange apedza chikoro onyatsoshanda sezvirikuita anasisi

vake . Ochizoroorwa hake hamuone kuti anenge agonesa not kumhanyira marriage arimwana mudiki zivai kuti marriage is not an achievement "

Ndakaita kunzwa chigodo pahuro daddy vachidaro zvikanzi namama

" Ndirikukunzwisisai baba vaRumbi asizve tisakangamwe happiness yemwana also . Let's support her auye nemunhu wake timuone chero vakazoroorana kumberi hazvizonetsa . Parizvino musapa mwana malectures plz ngatimbomupa mukana tione " daddy vakatarisa mama vachibva vati "

Uchenjere kuzochema mangwana mai Rumbi nekuti mwana haadikupihwa two much freedom . Mukomana wacho ndewekupi kumba kwavo huh ?" Pavakadaro ndakaona kuti kutaura zita vanogona kumuziva sezvo vaive vakapihwa maintro naMatipa ndaifanirwa kutonyepa kuti zviite ndichibva ndagadzirisa pahuro ndikati

" Daddy trust me you will like him zvakawanda munozotaura naye mamuona . Chandirikungokumbirawo kuti mungovagashira sevayenzi then zvakawanda mozotaura naye " Vachibva vatura mafemo vakati

" Oky fine ngaauye tivaone this weekend ndinenge ndiripo . Asi ndichavaudza kuti uchiri mwana wechikoro unoda kumbopedza chikoro vasazotanga kuronga zvemarooro noo " ndakangosekenyeka hangu ndichitofara kuti chero vabvuma zvavo zvekuti ndiri mwana wechikoro vachazoshama vakunzi tauya kuzoroora ndipo pavachaziva chokwadi ipapo . Ndakavatarisa ndichibva ndati

" Thanks daddy ndinovaudza vanouya weekend yacho . But muchafara henyu muchaona kuti havasi vanhu vemhangamhaga daddy . " Zvikanzi namama " Unoti dai varivanhu vasina direction vaizodakuuya kuno here . Izvozvo zvega ndizvo zvinotiratidza kuti

vanhu kwavo . Anyway thanks daddy nekumubvumira kuti vauye tivazive . Mwana anongoda support yedu isusu vabereki chete ndozvakakosha " daddy vachibva vati

" Ini ndinokoshesa education pazvese nekuti ndakadzidza uye vana vangu vese vakadzidza ndosaka ndisingade kuti Rumbi arasike . Anyway mungazoona kunge ndinosarudza vana ngavauye havo ndinzwe nyaya yavo " I smile ndikati

" Thanks daddy " mama vachibvavati

" Chigadzira breakfast mwanangu " ndichibva ndatosimuka kuenda mukitchen.  Mama vachibva vateverawo vachiita kunge vanoda kundibatsirawo vachibva vati

" Zvatoita mwanangu usasatye unoti vakauya vachiti todakuroora ndipo pavacharamba here . Ikokuda kupa maexample evana vavo ndizvo zvinondibhohwa izvozvo . Kunge ndivo vega vatanga kuita magraduate zvichashamisireiko nhai zvekuti magraduate.  Soon unopedzisawo chikoro woitawo graduate racho . Saka ndinoda ugare watipira mukomana wako kuti kana vakuuya daddy vakataura zvechikoro ngaabve ati ndinokuendesa kusvika palevel rese

raunoda kuitira kuti vaone kuti vanhu vakarongeka hanty ?"

I smile ndikati " Oky mama I will tell him musatye nekuti naivo vanhu vakadzidza and vanokoshesa chikoro futi " mama vachibva vasekerera vakati

" Good saka chimufonera uti weekend ngavauye havo " I smile ndikati

" Oky mama " ndichibva ndatobuda kuenda kuroom kwangu ndikatora fon yangu ndikamufonera Blessing achibvaadaira ndikati

" Hesi shaa ndataura navo vabereki

vangu and they agreed kuti muuye sat vanenge varipo vese "

Achibvaatura mafemo akati

" Oky thanks saka sat tinosvika " ndikati

" Another thing babe kana daddy vangu vakatanga kutaura nezvekuti chikoro unongovati you will help me to further my studies kuitira kuti vasazoti hazviite kuti muroore hanty here babe ?" Achibvaamboramba akanyarara akazoti

" Oky l will do soo " mhinduro dzake dzaitondibhohwa aisataurawo masweets words zvekuti ndaitongoona

kuti apa I am forcing him . But ndaigodii nekuti ndaive ndatomuhwina kare zvakawanda zvaizouya ndaizozviona ndave naye ndave mukadzi wake . Ndakatura mafemo ndikati

" Babe unoziva kuti ndirikutambudzika nekamwana kako hakadi kuti ndidyewo food zviri normal kari too selective ipapa I am craving for pork ribs dai wati ndipindewo mutown tisangane umbonditengerawo shaa " ndikanzwa akutoita kunge aridza tsamwa achibvaati

" Idya zviripo shaa nhumbu haisi yekujaidza kunge irimumaoko . Unoti vanogara kumusha kusingawanikwe mapork ribs acho vanoitasei . Zvimwe kungoda kunyepera nhumbu uriwe

unokara . Wafona ndiribuzz hanty will see you sat yacho ndauya nemaparents angu " ndakangoti zvakaoma nechemumoyo ndichibva ndazoti

" Oky babe byee " ndakasara ndotaura ndega yaive yatokatiwa call yacho . Ndakanzwa kurwadziwa but apa chandaingoda kuti abvise chete roora ndochitanga hangu kumuratidza matrue colors angu . For now I will dance according to his tune but soon achaona kuti haasi tsotsi paachaziva kuti ndiri half sister yaMatipa ndipo parikuperera rudo rwake naMatipa

nekuti obvious Matipa haade kuita competition neni anoona kunge azvidzikisira achabvaangomusiya ova wangu zvachose then ndinenge ndamumharisa kunyanya ivava daddy vangu vanongoda kupembedza vana vavo ndivo vacharwadziwa nekuti he will be forced to choose between his two daughters and I can't wait for that . I smile ndichiisa fon yangu pabed ndichibva ndadzokera kukitchen kunopedzisa kubika

End of chapter

[08/22, 18:26] MAMA DELPHY MASIBANDA: https://chat.whatsapp.com/JXBXIgZF0nS57JYCfsTp2r

BOOK 21

WRITTEN BY MASIBANDA MAMA DELPHY

+ 27 74764 7472

+ 27657269362

READ COMMENT AND SHARE

# CHAPTER 7

# ATIDAISHE

Ndakamutswa nefon yangu yaitoringer zvayo ini ndaitonzwa husimbe hwekutomuka kuti ndiitore fon yacho. Ndakabva ndatofuga musoro hangu

ndikanzwa Freddy akundizungunusa achibvaati

" Babe plz answer your fon " ndichibva ndaita kudaira kunge munhu arikuhope ndikati

" Uuum I want to sleep babe " Freddy achibvaamuka akatora fon yacho achibvaati

" Ndibamunini Blessing varikufona babe " ndichibva ndavhura blanket randaive ndazvifukidza naro ndichitambira fon yacho ndichibva ndadaira Blessing wacho achibvaati

" Sry for disturbing you mai mwana ndaona kunge ndafona wrong time " I laughed ndikati

" Haa noo bamunini kutorara hangu

murisei henyu?" Vakati

" Ndiriboe hangu maiguru varisei bamukuru?" Ndikati " Ariboe hake hameno ikoko ?"Vakati

" Boe hako uku sry gulzy ndatoti ndikunetsei hangu kuseni kuno ndine zvandinoda kubatsirwa nemi . It's about Matipa's birthday hanty ririko nefriday saka ndaida kumuitira kasurprise saka ndaida kuriita Friday night if it's oky" I smile ndikati " Woow that's sweet of you bamunini munoziva neniwo kutovarairwa kuti birthday rake rasvika . Oky hapana chakaipa bamunini maida kuti riitirwe kupi and it will be a dinner

also hanty ?" Akati

" Yes ndinoda chero kuhotel but not kwaanoshanda soo ndinoda mubatsirane naAnita kuarranger zvese cake nezvinodiwa even dress raachapfeka nebhutsu dzacho everything gulzy ndimi munoziva her size . Ndinoda kuriita special saka ndozvandirikuda kubatsirwa . We can create kagroup kedu katinenge tichirongera zvinhu zvedu ikoko " ndikati

" Don't wry kuronga ronga ndinokugona bamunini and ndinonyatsoziva zvaanoda Matipa plus tete Anita

vakangwarira ava tinonyatsoita zvese zvikabuda perfect " Vachibva vaseka vakati

" Thanks maiguru ndakuda munhu wangu padhuze " I laughed ndikati

" Asi makuda kuproposer here tifare " Vachibva vaseka vakati " Yes gulzy ndatononokerwa yoo munhu wangu akufanirwa kuchiuya kumba kwedu . Zvinongofadzawo kumuka aripaside pangu soo " we laughed ndikati

" Yeah ndinokunzwisisai ndozvataiitawo veduwee kugara kure nakure kunobhohwa henyu . Anyway thanks bamunini for everything ndirikunzwa kufara henyu . You know I love my sister saka akaitawo

zvinofadza ndinonzwa manyukunyuku " he laughed vakati

" Ndakakuudzai wani kuti ndakuda kuita rondatsimba ndimi makatanga kuita chinhu chakanaka now takuita follow your steps gulzy " I laughed ndikati " Ndozvakanaka Inga Tuku akaimba wani kuti kopa dhoiri rakanaka saka I am happy for you bamunini.  Create group racho tobatsirana since Friday yacho yatosvika hapasisina mazuva " vakati

" Oky gulzy regai ndirigadzire group racho thanks " achibvaadropa call ndikatanga kusekerera ndakatarisa Freddy ndikati

" Bamunini vakuda kuproposer pabirthday raMatipa " he smile akati

" Woow ingazvakanakisa akarongeka hake mupfanha wangu . Ndichanyatsomupa matips acho ko unondiziva wani kuti ndiri doctor love " I laughed ndikati " Imi tokuzivai zvenyu kuti ndokubasa kwenyu ndosaka ndisingade munhu padhuze . Especially kubasa kwako babe ukange wadzokera ndichatoisa macamera mumota dzese handidi hangu mafunnies pamunhu wangu " he laughed akati " I am taken mai mwana makandididyisa wati ndichamboona vamwe vakadzi here . Ndikatototarisa mumwe mukadzi ndinotoona aichiita kunge murume hameno zvawakandiiita iwewe " I

laughed ndikati

" Ndakakupa rudo Freddy usakangamwe kuti tiri ana Sokostina tinogona kutambidza rudo " he laughed achindididhonzera paari ndichibva ndaseka . Fon yake yakatanga kuringer achibvaaitora asati adaira achibvaati

" It's doctor Williams " ndikati

" Ooh but appointment yangu it's next week " akati " Rega tinzwe kuti varikudei " ndikati

"  Put it on loud please " achibvaadaira vakati

" How are your Mr Freddy kurisei kumba namadam ?" Freddy akati

" All is well doctor tirimunyasha " Vachibva vati

" Ndokumbirawo muuye namadam kuno tine mamwe matest atinoda kuita nekukasira " paakadaro hana yangu yakarova zvikanzi naFredie " Hoo asi zvese zviriboe here pane matest amakaita last time " akati

" All is well Mr Freddy svikai tizotaura zvakawanda masvika " akati

" Oky regai tigadzirire tiuye doctor thank

you " vachibva vadropa call yacho ndikati

" Awuu another test veduwee ini ndinoteta zvekungobaiwa nyama yangu majekiseni anondirwadza " Freddy achibvaanditarisa akundipuruzira kumusana akati

" Don't wry babe ndezvenguva diki diki soon unenge wapedza nazvo.  Saka let's prepare tibude tisazononoke " he said achindipa kiss pahuma achibvaabuda mumagumbeze ndichibva ndatomukawo . Ndakatanga kugadzirira zvekuti tibude ndikapedza tichibva tazobuda . Patakadakubuda pagate ndakaona Matipa achitosvikawo achibvaati

" Are you going out ?" Ndikati

" Tirikuenda padoctor apa wapotsa watishaya pano urisei ?" Achibvaaseka akati

" Yeah ndapotsa ndarovera saka let's go together hedu " achibvaapinda mumota tichibva taenda kwadoctor wacho . Takasvika nekutongonzi tipinde tichibva tapinda ndikanzi ndirare pabed ndikarara. Doctor ndaimuziva arimunhu anofara chaiko but face yake yaive isina kana mufaro zvekuti ndakatomboda kumubvunza ndikazongoti pamwe pressure yebasa .

Paakapedza kutora matest aaida akabvaati

" Mr Freddy can I talk to you please let's go to my office " Freddy haana zvaakataura akangotevera mumashure madoctor tikasara naMatipa . Ndainzwa kufara nekuda kwenhumbu yangu zvekuti mwana wacho aitononoka kubuda . I wish mazuva aidhonzewa ndaisva ndadhonza . Matipa aive akanditarisa achisekerera hake achibvaati

" How does it feel sisi kuve pregnant?" Ndakamutarisa ndichibva ndaseka ndikati

" Uuum hameno zvazvingori shaa unenge uine kafeeling kekuti dai mazuva afamba nechidokwa dokwa chekuda kuziva kuti kamunhu rudzii dai kakaita kamusikana ndingafare unoziva " she smile akati " Yes and katoriwo kamusikana ndiye wandirikutodawo shaa . Akandekangu kanonzwa neni yoo chero musoro ndichatanga kukaruka kaine 1 month chaiyo " we laughed ndikati

" Dai kakaita vhudzi serako rakakurisa sure kamwana kamusikana hameno zvakangoriwo soo kane kathat unoziva " we laughed nguva iyoyo doctor vakadzoka vega vachibvva vati

" I can see muno murikufarwa kuita kunzwa kuseka nemupassage yeah ndazvifarira zviri healthy mofanirwa kutogara mese always muchiseka saizvozvo " takatarisana tikaseka futi zvikanzi na doctor " Matipa can you follow me plz imbosiya vakoma vega tinodzoka izvezvi " ndichibva ndatarisana naye Matipa achibvaasekerera akati

" Oky doctor " ndaive ndakutonetseka kuti ko vese vakungodeedzwa kwakanaka here . Vachibva vabuda ndikangosara ndave ndega .

MATIPA

Ndakabuda ndakateverana nadoctor mumashure mavo tikanopinda muroom maive nabamukuru ndikaona vachichema . Ndakaita kuvhunduka ndikati " Bamukuru you are crying what's wrong?" Havana kudaira vakatowedzera kutochema kwacho zvekuti ndakapererwa ndichibva ndatarisa doctor ndikati

" Doctor what's going on?" Vachibva

vatura mafemo vakanditarisa vakati

" Please sit down titaure " ndaive ndakutonzwa kupera simba mumakumbo angu ndakutoshaya kuti chii futi chaive chaitika . Ndichibva ndagara pasi zvekumanikidzira ndichibva ndavatarisa doctor ndikati

" Tell me doctor now ndagara pasi " Vachibva vatura mafemo vachitora mapaper avaive vaisa patable vachibva vanditambidza . Ndakatoshaya kuti mapaper eyii futi ndichibva ndamatora ndikatanga kuverenga ndikaona arimareport emaresults asisi Atie. Ndakaita kurohwa nehana ndichiona

pakanzi BLOOD CANCER ndakambofunga kuti ndatadza kuona ndikadzokororazve ndichibva ndatarisa doctor musodzi yatozara mumaziso ndikati

" Doctor maresults aya ndeya Atie here or you are mistaken ?" Ndakataura nezwi rakashoshomera zvikanzi nadoctor

" I am sry Matipa yes your sister vane blood cancer and it's risk especially nenhumbu yavanayo . Neniwo ndaita kupererwa pauya maresults kubva kulab . Ndosaka tatoti vauye futi tidzokorore matest it's really shocking at her age kuti why satan adaro " ndakaerekana ndaridza mhere ndikabatwa nadoctor akati

" No Matipa usacheme hatisikuda kuti sisi vako vazive zviripo now nekuti hazvingamuitire zvakanaka. Unofanirwa kutove strong isutiation isingatambirike but hatina zvatingaite " ndakanzwa kupererwa nekurwadziwa zvese madiro andinoita sisi vangu kuti vangonzi vane cancer ndakatoona ndatosara ndega ndikatanga kuona kurwadza kwehupenyu.  Ndakaita kupfugama pasi pafloor chaipo ndichizama kuzvishingisa asi zvakaramba . Ndichibva ndasimuka ndakuda kuti ndibude ndichimhanya

Bamukuru vachibva vandibata vakandimbundira vakati " Mainini be strong neniwo I am trying kuve strong but ndirikutadza . Mukabuda muchimhanya munogona kunopinda chero mumota inenge ichiuya musadaro plz calm down . Handizive kuti why Mwari vandirovawo nerakagomara kudai mainini.  I love my wife and my child but now doctor varikuti she can't have a child nekuda kweblood cancer. Vakufanirwa kutomuita abortion mainini kani my baby "

Ndakatanga kuchema ndirimumaoko avo Bamukuru kudaro ndakufunga all the excitement yandaive nayo tese nasisi nekuda kwemwana iyeyu ndikanzwa moyo wangu kuenda mudenga ndichibva ndatarisa doctor ndikati

" Hapana here imwe way to save the baby nhai doctor pane kuuraya mwana " doctor vakanditarisa vaine kushushikana pameso pavo vakati " I wish for that too but the situation is beyond my power. The more mwana yaanenge achikura ropa remai riine cancer kudai it will affect mwana also saka machances ake ekuti ararame ari slim and amai vanobva vakasira kuzofa nekuti vacharasa ropa rakawanda

during delivery saka apa tinoda kutanga kuvaisa patreatment now kuti vamboita hupenyu kwenguva asi vachirarama vaine cancer iyoyi tichivaita chemotherapy. Saka pane patest mamwe asingade pamunhu ari pregnant anonokanganisa futi . Uye imwe medication yaasingafanirwe kumwa during pregnancy saka waona kuti it's beyond my power . If uripaposition yangu wandinzwisisa soo apa you have to choose between the mother or a child "

Pavakadaro doctor ndakatanga kunzwa mweya wangu wakuita kunge wakupera zvishoma nezvishoma ndichinzwa kuti makumbo angu haasisina simba zvachose uku Bamukuru vaive vakandibata kudaro ndikangonzwa kunge munhu aita dizziness ndiye zii ndakadaro

End of chapter

[08/23, 08:20] MAMA DELPHY MASIBANDA: https://chat.whatsapp.com/JXBXIgZF0nS57JYCfsTp2r

BOOK 21

WRITTEN BY MASIBANDA MAMA DELPHY

**+ 27 74764 7472**

**+ 27657269362**

READ COMMENT AND SHARE

CHAPTER 8

FREDDY

**Ndakaita kunge munhu abaiwa nebanga pamoyo ndakatarisana nadoctor achindiudza kuti Atie ane blood cancer. Ndakambofunga kuti doctor arikujocker hake but paakazondiratidza maresults ndakaita weak zvekushaiwa kana simba musodzi ikatanga kubuda . Why my love Atie nhai Mwari,  ndakazvibvunza**

mubvunzo yakawanda isina anopindura . And kuti ndiite decision ndega zvakandiomera ndikati kuna doctor vadeedze mainini Matipa vanzwewo condition yasisi vavo zvichida ndingawanewo solution. Ndaive ndaomerwa zvekutadza chero kunyatsofunga zviri straight .

Pakapinda mainini Matipa ndakatadza chero kushinga ndikaramba ndichichema zvekuti vakatotadzawo kuziva kuti ndaichemeyi . Pavakazoudziwa nyaya yacho ndakaona vaita kubatwa neshock zvekuti ndakatoona vakutodakubuda

vachimhanya ndichibva ndavabata ndikavambundira ndichizama kuvasimbisa asi ndaingoitawo zvekuzvishingisa semurume ndaitonzwawo kuti ndikutoperawo simba zvishoma nezvishoma. Ndakazoona mainini vangoti zii varimumaoko mangu ndichibva ndavhunduka ndikati

" Mainini,  mainini " Havana kundidaira or kutsukunyuka ndichibva ndatarisa doctor ndikati

" Doctor plz do something honai zvaita mainini vangu " doctor vakabva

vavabata vakati tivaise pabed kwakuvararisa pabed pacho akuvaita first aid . Ndaive ndakungofamba famba muroom imomo ndisisazive zvekuita doctor vachibva vati

" Vabatwa neshock mainini venyu vabva vafainta but she will be fine regai ndivaise glucose mukamwa " he said achitora pack reglucose akavhura achibvaavaisa rishoma parurimi ndaive ndakangotarisa misodzi yazara. Pasina nguva ndakaona vamuka mainini ndikanzwa kunyevenuka vakanditarisa vachibva vati

" Bamukuru why my sister kuita cancer?" Ndakangovabata ruoko ndikati

" Only God knows mainini neniwo nditori nemubvunzo yakawanda isina anopindura ndaomerwa muchindiona kudai " doctor vachibva vati " Inguva inorwadza ndinozvinzwisisa asi kuita chirwere hakusi kufa hanty munozvinzwisisa. Ipapa dai pasina matest maizviziva here kuti ndozvaari hanty maizoona munhu arwara . Saka ngatisa panica for now she needs your support zvakanyanya nekuti patichamuudza nezvecondition yake panoda wisdom kuti azvitambire . But for now imimi vaviri itai wise decision like now tione kuti tinotangira papi ndizvo zvatakuda "

Ndakatarisa mainini avo vaive vachingosvinha musodzi ndikati " Todii nhai mainini ndapererwa ini ndosigner here mapaper cc vaitwe abortion ?" Mubvunzo uyu ndakaubvunza ndisiri sure kuti mainini vacho vachatii . Vakaramba vakanditarisa vachibva vatura mafemo vakati

" Bamukuru handina kana answer yandinogona kukupindurai ikozvino ndichiri mushock . Tangatichipembera manje manje nekuda kwenhumbu iyoyi saka Atie wacho tinomuti kudii ?" Ndakapererwa nekuti kuti ndizive kuti

ndamutii ndaitoshaya ndichibva ndatura mafemo ndikati " I love my wife mainini and l can't afford to loose her . That's why l am choosing her ngavabvise havo mwana wacho. Ndizvo zvavada Mwari vacho hapana zvekuzviita " ndakataura ndakutochema mainini vachibva vati

" l know kuti inguva yakaona to choose between a mother and a child but l am with you Bamukuru ngatiiteyi zvinoita kuti mai vacho vararame vatange kuitwa treatment yacho vabatsirike let me call mama " ndichibva ndatura

mafemo ndikati " No mainini nyaya dzakadai hadzidi pafon mama vanoudziwa paground and she's a doctor she will understand " Vachibva vati

" Oky yeah ndizvozvo saka nhai doctor sisi vangu tinovaudza sei or ndimi muchavaudza ?" Doctor vakatura mafemo vakati

" I will do the counseling first ndisati ndamuudza zviripo ndonyatsogutsikana kuti she's OK ndozowana way yekutaura nayo .  But for now ngatiiteyii zvekuti tibvise mwana ndiitirei mapaper acho then totomuita inducing kureva kuti now haachatodzokera kumba " moyo wangu waive watsemuka kuita mapeace peace zvekuti ndaive

ndakungoita zvekuvavarira .

Ndakatora mapaper acho ndikatanga ndamaverenga ndikazoisa masignature ndikatanga kunamata ndakamabata mapaper ndikati " Mwari ndirikurwadziwa nekuda kweshamhu yamandirova nayo inorwadza kudai . Zvakaoma kuti ndinoisira death sentence mwana wangu wamaive mandipa . Munguva yekufara kudai ndipo pandakumusayinira rufu ndine kuchema mumoyo Mwari. Handizive kuti mwana iyeyu angaarimukomana here or musikana asindasarudza mai

vacho I am sry mwana wangu uchandiregererawo handikwanise kusarudza iwe ndichisiya mai vako I hope you will understand me . Yanga iri shuviro yangu kukubata nemaoko angu tichisekerera tese namai vako asi satan azviramba I love you mwanangu dai zvaichinjamwa taidai taswappa hedu ndife inini panekuti ufe moyo wangu uneronda mwanangu.  Situation yandakatarisana nayo inotoda Mwari vapindire nekuti ndega handizvikunde . I love you my child rest in peace "

Mashoko aya ndakataura seprayer akandirwadza chero mainini vakaratidza kushushikana ndichibva ndavapa doctor mapaper acho vachibva vati " For now ndokumbirawo kuti muve strong for her plz . Musamuratidze kuti pane zviripo sekutaura kwandakaita kuti I will do the counseling then ndozomuudza . Saka ndinoda mupukute musodzi mese moactor normal zvekuti haambofungire anything. Hatisikuda kuti akanganisike hanty " ndakazunguza musoro ndichipukuta musodzi mainini vakaitavo the same but zvaingove zvekuvavarira ndairwadziwa . Takazobuda tese naye doctor akutonomuita inducing yacho .

Patakapinda muroom maaive ndakazama kusekerera zvekuda kuforcer but zvakaramba . Atie akatitarisa tese namainini achibvaati

" You guys are you okay ?" I faked a smile ndikati

" Yeah ,yes we are cool babe " uku ndichizama kudzosera musodzi mukati mainini vachibva vati

" We are oky sisi tanga taenda kunotsvaga mamwe mapills asipo pano . Bamukuru vakangamwa wallet yavo kumba ine mabank cards saka

tazoshandisa rangu card ndizvo zvandanga ndadeedzerwa " pavakadaro mainini vakabva vatarisa pasi vachizama kuviga chiso chavo iye Atie wacho achibvaasekerera akati

" Ooh sure mabviro ataita kumba acho taita emergency wallet yasara padressing table " I faked a smile ndikati

" Yeah ndipo payasara but thank God mainini vabva vatibatsira " doctor vakatanga kugadzira madrip avo vachiisa mushonga wacho vachibva vamuisa drip achibvaaati

" Ko doctor makundiisa drip kwakanaka

here Inga handisikurwara wani . Asimadrip akungoiswa vasingarware ?" Doctor vachibva vaseka vakati

" Mutori murwere hamuzvizive kuti kana muine nhumbu makutorwara . Tine matest mamwe atichada kukuitayi asingade kuti mudye ndosaka takukuisai drip kuitira musazonzwe nzara " ndakaona avhura ziso achibvaati

" Yoo meaning kuti nhasi ndoswerapano ?" Doctor vakati " Yeah chero kutorara chaiko musatye henyu ndizvo zvatinoita pafirst trimester kudai. Especially maparaO tinenge tichitarisa zvakawanda mubody menyu musatye henyu " achibvaanditarisa akati

" Eish babe ko zvazviine basa zvenhumbu zvacho nhai " I faked a smile ndichimupuruzira ndikati

" Sekutaura kwaita chiremba kutindezvenguva diki don't panic babe zvinoita zvakanaka hanty " I said ndichimupa kiss pahuma achibvaasekerera akati

" Soo uchandimirira here or wakutomboenda hako kumba mese namainini . Nekuti kuona drip irori ropera makangogara zvinobuda here ?" Ndikati " Yeah I think ndinombodzokera ndozouya babe " mainini vachibva

vatiwo

" Yeah tinozouya sisi ndakutonzwawo nzara regai timbonotsvaga chikafu . Manje vamwe manzi musadye saka touya tichikuona sisi I love you " she said achimupa hug uku akutochema zviri silent.  Haana kutozoda kutarisana naye achibvaatobuda kuenda panze ndakatoona kuti vakutonochema panze ipapo . Ndakasara tikaonekana zvakanaka ndikazobuda ndakutevera mainini ndikavaona vachiita kuchema vakatsamira mota . Ndichibva ndamira paside ndikati

" Sorry mainini Tarisiro hadzisi dzese dzinobuda saka let's be strong for her . Tikave weak naiye achaitawo weak zvizomuaffecta saka ngatingozvigamuchira kuti ndozvazvviri " Vachibva vanditarisa vakati " Bamukuru ndarwadziwa kuona sisi vangu varimurima vachiiswa injection yekuti mwana abude ivo vachitosekerara zvandibata . Handisikukwanisa chero kuzvigashira kuti my own sister kunzi ane cancer zvandirwadza . Chero mama vangu vachatadza kuzvigashira nekuti vanenge vakufunga zvakawanda. Apa Mwari vandicheka nerakagomara handizive kuti ndichakwanisa kuita hupenyu huri normal here ndichiziva her condition ndikurwadziwa Bamukuru "

ndichibva ndavabata maoko avo ndikati

" Ngatingovaise pamunamato sisi venyu mainini zvitiitire zvakanaka. Mwari havatipe nhamo mbiri hazviite uye havatipe dambudziko ratisingagone kukurira saka zvese tongosiira kwavari ivo Mwari.  Apa toenda panaBaines here tinoona mama tivaudze zviripo ?" Vachibva vapukuta musodzi vakati " Yeah varipabasa pavo saka handei tinovaudza vazive . I hope vachazvigashirawo nekuti mama vangu vanogara vachingotaura kuti vana vangu ndivo vandinoraramira . Zvino

zvazvadai marwadzo chaiwo " ndakatura mafemo ndikati " Mudzimu wakupa chironda wati nhunzi dzikudye hapana zvekuita mainini handei tinovaona hedu . Ndichange ndichicommunicater naye doctor kunzwa kuti how far nekuti kudzoka kuno ndichimuona Atie arimupain handingashinge mainini . But mama vanokwanisa kutouya vange vainaye during the process " vakati

" Yeah mama vanotouya havaregi ndinovaziva dai Mwari atisimbisawo semhuri panguva yakaoma kudai ndirikurwadziwa " ndakavavhurira door

remota vachibva vapinda ndichibva ndapindawo ndikamutsa mota ndakananga kuna Baines kubasa kwamama . Paingove panduze nepaAvenues pataive

End of chapter

[08/23, 18:05] MAMA DELPHY MASIBANDA: https://chat.whatsapp.com/JXBXIgZF0nS57JYCfsTp2r

BOOK 21

WRITTEN BY MASIBANDA MAMA DELPHY

+ 27 74764 7472

+ 27657269362

READ COMMENT AND SHARE

# CHAPTER 9

MaivaMatipa

Ndakanzwa knock padoor ndichangobva kupinda muoffice mangu apo ndaive ndati timbozororawo kubva kuseni ndaive ndakangomira nekuda kwemaemergency . Ndakatodaira ndakadhinhiwa hangu ndikati " The door is open please come in " ndichitozamura hangu maoko angu ndipo pandakaona Matipa naFreddy vachipinda zviso zvavo zvakaita

kusvava ndakaita kuvhunduka ndichibva ndakutarisa kumashure kwavo ndichiti ndingaone Atida ndikamushaiwa . Freddy akandimhoresa akaita kusuwa uyuwo Matipa aive akutochema zvakaita kuti hana yangu irove ndikati " Kwakanaka here son zvamunenge musina mufaro aripi Atida ?" Freddy akangotura befu achigara pasi asina chaataura ndikatarisa Matipa ndikati " You are scaring me guys where is my daughter Atida huh ?" Matipa achibvaandimbundira achichema kudaro

Ndakatanga kunzwa makumbo akudedera kunzwa kupera simba ndakutodakudonhawo ndikazozvishingisa ndikatarisa Freddy ndikati

" Son l hope my daughter is OK right ?" Achibvaadaira nemusoro achibvaatura mafemo akati " Mama Atida ariboe hake tamusiya kwadoctor " ndakawedzera kutya ndichinzwa yekwadoctor ndikati

" Kwadoctor why ?" Akati

" Mama Atida is pregnant " paakadaro ndakasekerera ndikati

" Zvino zvamasvika nekundivhundutsira nhai ko kuve nenhumbu ndiwo

makorokotozwe saka zvinosuwisa here nhai mwanangu " I said ndichitobvisa Matipa mumaoko angu zvikanzi naFreddy " Mama verengai this report yemaresults ake aya " he said achinditambidza mapaper aive akabata .

Ndakamatora ndikapfeka maglass angu ndichibva ndatanga kuverenga ndakaita kunzwa kutsva nekuda kwezvandaive ndaverenga ndikati

" Devil is a liar noo mhani mwana wangu haangaite blood cancer hazviite " ndakataura nditori serious zvikanzi

naMatipa

" Mama kani my sister kani " ndikati

" Hakuna zvakadaro Matipa usatye ndinoziva kuti vanhu havafare nemi vana vangu they're busy attacking you spiritual but they won't succeed.  Saka zvanyorwa apa doctor atotanga process here ?" Freddy akati

" Tasiya angoiswa drip rikapera ndipo pavachaita zvekumuinducer zvacho " ndakatura mafemo ndikati " Call your doctor now nditaure naye put it paloud " achibvaabvisa fon yake muhomwe akafonera doctor vacho vachibva vadaira ndikati

" Doctor Williams how are you it's doctor Chauke ndiri mai vaAtida " Vachibva vati

" Ooh how are you doctor Chauke I know you pana Baines apo yes " ndikati

" Yes ndini matotanga here process yekuita inducing kuna Atida?" Akati

" Not yet doc ndambomuisa drip " ndichibva ndatura befu ndikati

" Hang on there ndirikuuyako I want kuti ndiite matest tiritese I want to be sure " vakati

" No problem doctor huyai henyu it's good kuti tibatsire zvamuri doctor also " ndikati

" Oky ndakuuyako see you ndasvika "

Pandakapedza kutaura naye ndakutura mafemo ndikati " Don't panic vanangu blood cancer kana ichangotanga ikakasikirwa inopera ndine vakawanda vandoziva vakatopora vatori vapenyu nhasi uno . I can book maspecilist akawanda chaiwo kuti vamubatsire mwana wangu anonyepa satan . Vanhu vakaona aroorwa zvakanaka vakarwadziwa now vakuisa chirwere muropa make manje they won't succeed ndiripo mai vake l will fight till ndahwina . Vairasa nekuti doctor vakasira kuzvibata saka haana chinomuwana usacheme Matipa "

I said ndichimupuruzira paruoko rwake achibvaati

" Mama saka muchaita here kuti mwana ararame ?" Ndakatura mafemo ndichibva ndamutarisa ndikati

" If ndikaita retest ndikaona still maresults akangodaro pamwana panoti netsei nekuti treatment yacho hayidi munhu ari pregnant.  Zvese zvawaudziwa nadoctor apa haana kunyepa it's risk kuti ave nenhumbu panguva yakadai . Saka I don't want to give you false hope . For now ngatingonamatayi tinokunda " ndakataura mashoko aya ndakashinga nekuti ndaisada kumufadza nenhema . Achibvaatura mafemo akati " Oky mama soo long iye wacho

achizobatsirika it's oky " akataura zvekurwadziwa chaizvo ndakatoona kuti ndikada kutoratidza kurwadziwa pano hazvibude mushe . Ndaitofanirwa kuve strong kuitira kuti vana vangu vasanyanye kubatikana.

Ndakatarisa Freddy uyo aive angotizii akaisa musoro pasi ndikati

" Don't wry son all shall be well unofunga kuti Mwari vangatinyadzise here . Ndinoziva kuti pane vasirikufara nehappiness yangu but havana zvavanoita ndiripano . Handei kunaAtie ndinoda kuita take over inini " I said

ndichitosimuka ndichibva ndatora makey angu emota mudrawer tichibva tabuda . Ndakanoudza assistant doctor wangu kuti ndambobuda ndaita emergency akati anosara ari incharge . Ndichibva ndaenda kumota yangu tikadungamidzana naFreddy kuenda kuhospital kwacho. Patakasvika ndakafonera doctor Williams vacho first ndaisada kutanga ndaona Atida ndisati ndataura naye .

Akabvaauya tikaenda muoffice make tikakwazisana ndikazoti

" Masample amamutora nhasi atoenda

kulab here ndinoda mamwe masample ndimaitise kulab yekwedu ndione if achimatcher " doctor Williams vachibva vati " Yes tamaendesa ndosaka ndati inducing ndozoita manheru ndaona maresults.  Ndichakupai mamwe masample acho doctor monoitisa kwenyu also tione . But hapana chekupanic nekuti takasira kuzviona munoziva kuti it can be cured ikange ichangotanga kudai "

Ndakagutsurira musoro wangu ndikati

" Yes I know kungoti vanhu tinopanica nekuda kwezita chete rekuti cancer . Tinobva tamhanyira kutongera Mwari yet kurwara hakusi kufa . Munhu asina chirwere anogona kungomuka akafa . Chinouraya munhu inguva kana

yakwana chero isu madoctors hatikwanise kumisa nguva . But ndafara kuti Doctor Williams you are a good doctor and pane zvese zvamanyora pareport yenyu it's correct. The only solution ndeyekutobvisa nhumbu yacho kuti akasikirwe . Saka ndinoda kuendesa masample acho tobatsira tishande pamwechete kuti mwana wangu abatsirike " vakati

" Yeah tichazama nepese patinogona kuti zviite I do believe kuti God is with us and Mwari ndiMwari veminana saka tisanyanye kuchema . Chakudiwa apa minamato inesimba kuti irerutse

zvinorema . I know you doctor Chauke muri munhu anonamata saka munamato yamai inesimba. Declare life pamwana and Mwari vanopindura " ndikati

" Amen and Amen thanks Doctor Williams can I see my daughter now ndibve ndamhanya nemasample acho " he smile vakati

" Sure let me show you maari " tichibva tasimuka tese kuenda kuward yaaive. Patakapinda aive akatorara achiverenga Bible rake paakationa akasekerera achibvaati

" Mama you are here " I smile ndikamumbundira ndikati " Yes my darling daughter how are you ?" She

smile akati " Ndiriboe ini mama kutobhowekana nekugariswa muno ini ndisingarware " I faked a smile ndikati

" Ndizvo zvazvinoitwa mwanangu ndiko kuve mai kwacho . Don't wry soon zvinopera hanty ?" She smile akati " Asiana Matipa vangavatonokutorai kani kubva zvatoita kunge ndamurwere nhai vanhu " takaseka tese ndikati

" Hanty waive usina kundiudzawo the good news nhai mwanangu.  Mufaro wandiinawo nekuda kunzi gogo wakanyanyisa " we laughed akati

" Soon mama munenge makutonzi gogo vegirls " ndakapindura maziso

ndikati

" Ayewa ndakudawo boys veduwee woti ndakatadza kuita vakomana imi motadzazve kundiitira boys noo I rejected it in Jesus name " she laughed akatarisa Matipa akati

" Maiwee Matipa gogo vazviramba zvegirls saka uchaitasei ?" Matipa achibvaaseka akati

" Tichaona kuti who's going to win inini or gogo let's bet " I laughed ndikati

" Obvious gogo ndirikuzowinner zivai kuti I am a doctor " we laughed asimumoyo ndainzwa kutsva chaiko .

Ndaiti ndikatanga kufunga nezvazvo mufaro wese waipera kuti hwaa. Ndakaona drip rake rakutopera ndikaribvisa ndichibva ndatomutora ropa ndichida kunoitisa mamwe masample . Pandakapedza ndakatarisa doctor Williams ndikati " I think ngaaende kumba tozobatana ndauya nemaresults aya neamaendesa tobva taita compare then we start the next stage " ndakataura ndichiita dimikira kuti asabate musoro wenyaya . Ndaimuzivaka kuti akadzidza haufe wakamucheater . Doctor Williams vachibva vati

" It's oky doctor thanks zvatave kushanda pamwe kudai zvinoreruka , saka Atida you are free to go hako kumba " she smile akati

" Woow thanks Doctor aaah muno manga makutobhohwa apo mati drip nderekuti ndisanzwe nzara ini ndipo pandakutoziya hangu nenzara " we laughed ndikati

" Saka ndamboti mwana uyu ndiboy anenge anokara uyu . Nhasi I am inviting you kumba kwangu tinodya dinner tese kumba parisei nhai vana vangu ?" Vakaseka zvikanzi naMatipa

" Let me call Blessing auyewo aaah ndini ndadiiwo ndinodawo mumwe

wangu padhuze " I smile ndikati " Mufonere hako nhasi ndinoda muve mese vana vangu " I said ndichiisa masample aye muplastic tichibva tabuda ndaitoda kunanga nawo kulab ndomasiya ndobva ndaenda kumba .

Patakasvika pamota ndakadeedza Freddy paside achibvaauya ndikati

" Sry mwanangu ndinoda kuti Atida ambouye kumba tichiita zvemasample aya tione kuti tinosvikepi . Ndinoda kumbomumonitor inini saka kana masvika kumba just pack her few clothes usamuratidze kuti pane

something hanty . Tinoda kumirira aya masample kuti titange process sezvandataura kuti don't panic anoita zvakanaka ndirikuona hauna mufaro mwanangu. Trust me l am a doctor and ndichasarudza kupedza mari yangu yese to make sure she's oky hanty here son usatye ?" Akati

" Thanks mama for everything now l feel relieved and l do believe kuti Mwari vachachinja situation. Yeah it's good kuti amboveikoko since anenge ave mumaoko enyu murizve chiremba zvakangonaka . Ndichaisa a few clothes and l will be there too zvekuti haafungire kuti pane zvirikuitika thanks mama " l smile ndikati

" Oky you can go munotiwana takumba

naMatipa ndikangosiya masample aya chete zvatopera " achibvaasekerera achienda kumota yake ini naMatipa tichibva tapinda mune yangu tikaenda kuchipatara kwangu .

Ndakaenda nemasample acho kulab ndikatosiya ndavaudza kuti aitwe nekukasira ndaitoda maresults acho nekukasira . Ndichibva ndabuda ndikadzokera kumota ndikawana Matipa achiyemerana hake naBlessing pafon vachiudzana kuti ndokuona wauya kudinner kumba . I smile hangu ndichibva ndamutsa mota tichibva

End of chapter

[08/24, 09:02] MAMA DELPHY MASIBANDA: https://chat.whatsapp.com/JXBXIgZF0nS57JYCfsTp2r

WRITTEN BY MASIBANDA MAMA DELPHY

+ 27 74764 7472

+ 27657269362

READ COMMENT AND SHARE

CHAPTER 10

MATIPA

Ndaive ndatombonyevenuka nekusimbiswa namama zvekuti ndaive ndakutongoti ndimunamatire Atipa kuti pashaiwe chinoitika kwaari . Patakasvika kumba ndakatanga kubatsirina naAunty namama kuprepare dinner yacho . Pandakapedza ndakageza ndichibva ndachena semunhu aidawo kuonawo mumwe wangu ndaive ndamusuwa . Ndakaenda kubedroom kwamama ndichibva ndagara pabed ivo vaitochinjawo vachangopedza kugeza ndichibva ndati

" Soo mama are you going to tell daddy

about Atida's condition?" Vakati

" Not soo fast Matipa unoziva sometimes I don't trust mukadzi wababa vako . Handimuchenese mukadzi uye nekuda kwekuti baba vako mabviro avakaita pano vakaita kunge munhu atodyiswa nekuti vaive vakungoti kwandiri kana usirikuda kubvuma barika saka chisara ugare wega apo iwewe uri mucheche ndikatoona kuti zvavatoshinga nhai Mwari .And vakaenda sekuseka hama dzavo dzikambozama kumiramira asizvakashaya basa. Soo kuvaudza nezvaAtie kufadza muroyi handidi hangu . Usavaudze rega vakadaro " ndikati

" Hoo oky ndafunga kuti vanofanirwa kuziva situation inenge iripo kuitira mangwana " Vachibva vanditarisa vakati

" Usanetseke nazvo Matipa nekuti kana vakumba kwavo hauzozive zvavanotaurirana ikoko handidi kukuvadzirwa vana vangu nezvisinabasa . Chandirikuda kuti for now Atida asazive zviripo izvozvo ndizvo zvinoita kuti asaite stress . And iwewe ndiwe wandakutyira haufanirwe kuzviratidza kuti unezvirikukunetsa . Ino haisi nguva yekufunga zvekuti sei zvadaro inguva yekuwanza munamato

woshomesa kutaura hanty here mwanangu?" Ndakagutsurira musoro vakati

" Good ndirikunzwa kunge pane mota irikutinhira panze pamwe vasvika ana Sisi vako endaunotarisa " I smile ndichisimuka pabed ndichibva ndabuda panze

Ndakaona iri mota yaBlessing I smile ndichienda kunomutambira . Achibvaavhura maoko ake ndikamupa hug achiita kusekerera achibvaandipa kiss pahuma akati " I miss you babe ndafara pawafona kuti ndiuye kuno " I

smile ndikati

" Wototenda mama vangu ndivo vatoti nhasi ngatimboitai dinner sefamily " he smile akati

" Ingavaita havo mama vangu , rega nditore mapaper bag andauya nawo ndangotiwo semunhu anzi dinner rega ndidarike nepanandos nditengewo something to add " I smile ndichimira paside pake achibvaaavhura padoor repamashure akatora mapaparbag 2 acho ndikamatakura tichibva tapinda mumba .

Mama vachibva vauya vakamumhoresa vachifara yaisave first time kuuya kumba semunhu aive akuziikamwa aingouya paadira . Anasisi Atie nabamukuru vakabva vasvikawo vakafarirana naBlessing.  Ndainzwa kufara ndakatarisa family yedu takadai asindaiti ndikafunga nezvecancer ndaibva ndatotadza chero kugarisika . Worse munhu wacho aitove murima hake achitofara ndainzwa kubatikana. Takabatsirana kusaver dinner yacho naye Atida tikatanga kudya tichifara . Patakapedza ndakamboenda kunogara naBlessing muroom mangu tichitandara . Ndakamboda kumuudza nezvasisi Atie ndikati regai ndimbozvinyarara. Fon yake yakatanga

kurira achibvaaibvisa muhomwe paakatarisa munhu aifona akaita kakuvhunduka achitoikata .

Zvakandinetsa kuti ndiani waaikatira fon kudaro . Yakaringer futi akaita the same ndichibva ndamutarisa ndikati

" Ko wadii kudaira fon yako nhai babe what if paine zvisvinu zvaarikuda munhu wacho " achibvaati " Haiwawo haana basa uyu babe watindinomboda zvekuintertainer macalls asinabasa here  kana ndiinewe kudai babe . Nhasi ndatoti ndawana mukana wekuti titaure about us babe . Ndakuda kuroora shaa

zvekuti ndirambe ndichiita kutsvira mukati izvi ngazvipere shaa . Waready here kuti uite muroora wamai Blessing?" I smile hangu but ndaive ndisina kufarira zvaaive aita zvekukata macalls ake . Zvakandipa picture yekufunga kuti he's hiding something from me . Handina hangu kuda kumuratidza kuti hazvina kundiitira ndichibva ndati

" Yeah I can't wait babe hanty unozviziva kuti nditori ready " achibvaasekerera akati

" Ndakaudza daddy vangu kuti ndakura

ndakuda kuti makoti achiuya and he's happy varikutoda kuti tizviite nekukasira . Saka ndaida kuziva kuti tingazviite zvarinhi babe ?" Ndakamutarisa ndichisekerera ndikati

" I am ready Blessing shaa chero ukatoti mangwana ndinoda . Asi ndinoda kukubvunza something babe handizode masurprises or masecrets anozongonyuka . Gara wandivimbisa kuti ndini ndega here and hauna zvipomerwa zvinokutevera mumashure ?" Pandakadaro akaita kakuvhunduka achibvaaseka akati

" Babe trust your man handina kana zvipomerwa zvinoteverana neni . Iwewe ndiwe zvangu zvese saka sununguka hako shaa usambotye kuti

ndichakurwadzisa nekuti ndiwe zvangu zvese "

Ndakamutarisa kumeso achitaura ndichibva ndatura mafemo ndikati

" Babe unoziva nyaya yaAustin my ex uye wekuzonogara kuchando . He promised me heaven and earth saizvozvo achiti ndini ndega but akazodii paye kutengerwa ticket nemusikana wake kuti atevere kuchando kwakutomuperekedza kuairport ndichitofara izvo munhu akatomiririrwa nebabe kumberi . The next thing ndakutoona mapics munhu

akuchando nebabe vachitoita engaged ndikarwadziwa zvekumboramwa kuita mukomana.  Saka I don't like surprises kana paine zviripo it's good kugara watondiudza kuti babe usazoshamisike soo ,soo "

Achibvaaseka but airatidza kuti anezvekutaura asi he was not ready achibvaati

" Usatye babe wakatomiririrwa kumba kwedu izvezvi tete vako Anita everyday chinenge chiri chiyimbo kuti Matipa ngaachiuya . Saka ndicharonga hangu maitiro atinozoita acho usatye babe "

ndikati

" Fine then kureva kuti tese we are clean that's good I can't wait to be with you hako " achibvaandibata ruoko rwangu akati

" Soon babe tinenge tatove nyama imwe hona bamukuru nagulzy vanodanana zvandinoyemura vanhu ndovada hangu ivava . Ipapa ndinezvandinoda kumbotaura hangu navo usipo kunyanya maiguru ndisati ndabuda saka ndokumbirawo privacy " ndakamutarisa ndichipindura maziso ndikati

" Watanga kuda kundinyeya ndizvoka " achibvaaseka akati " Obvious ndinotoda kukunyeya navo haisi secret " I laughed

ndichisimuka pabed ndichibva ndaenda kusitting kwaive nasisi nabamukuru ndikati

"  Sisi Atie hanzi nabamunini venyu huyai timbonyeya " Vachibva vaseka vakati

" Ipapa ndikutonetsana nabamukuru vako varikuti vakuda kuenda kumba nhai havasikuda kurara apa vatondirongedzera kabag nhaiwe hanzi imbosara uchitandara . Ndakutodzingwa kumba kwangu zvakaoma " I laughed ndikati

" Ndini ndavafurira aaah ndinezvandirikuda tironge saka don't wry it's for few days modzokera henyu kumba kwenyu maimwana zvagara pano hatitokudeyii " Vachibva vaseka vese sisi vachisimuka kuenda kuroom kwangu ndikasara nabamukuru ndikati

" Mamutii nhai bamukuru munhu wenyu kuti abvume kusara " Vachibva vaseka vakati

" Pakaipa mainini ndamuti I have meeting kubasa vanenge vakuda kuti ndidzoke leave risati rapera saka ndinoda kunokweshana navo . Saka kuti  uswere wega kumba unobhowekana wadii kumbonoita week kwamama muchimboyemerana namainini nekuronga zvemarooro avo

sezvo bamunini vakuda kuroora kudai . Saka haana kuoma hake musoro abvuma but mainini kutaura chokwadi I am not okay ndirikurwadziwa "

He said vatosuruvara ndikati

" Yeah chero ini ndirikuzama kuve strong asi zvirikutizvikauya mupfungwa ndikunzwa kuremerwa kuti Mwari havangangoitewo miracle here maresults akachinja " I said maziso atozara musodzi vakati

" Ngatinamateyii ndozvakungodiwa

chete apa mainini " ndikati

" Yeah sure nekuti panechakanaka satan ndipo paanoda kuunza confusion"

Taive takungoshingisana hedu kusvika sisi naBlessing vazouya kwataive Blessing akuoneka vese nabamukuru vachibva vabuda tikasara nasisi Atie takunorara .

The following morning ndakamuka ndikagadzira zvekubasa ndikabuda namama tikasiya Atie naAunty varikumba . Kubasa kwacho pfungwa

dzaita kundiwandira chaiko zvekuti ndaingoshanda zvekuvavarira . Palunch hr ndakabuda ndichibva ndaenda kubasa kwamama ndaida kunonzwa kuti how far nemaresults asisi Atie. Ndakasvika mama vasimo muoffice mavo vachitonzi vaenda kulaboritory kwacho . Ndichibva ndavamirira ndakagara muoffice mavo . Pavakadzoka vakawana ndakagara vachibva vatura mafemo vakanditarisa vakati

" Haa it's true mwanangu maresults haana kuchinja zvakaoma . But ndafara pakuti it's early stage she's going to be okay " ndakaerekana musodzi yabuda ndikati

" Saka what's next mama ?" Vakatura mafemo vakati " Hatina choice now zvakataurwa nadoctor Williams ndizvo zvatakuita mwanangu kuti atotanga kupinda patreatment. Zvinobata but apa pakuda kushinga kunamata kuti zviite " ndakavatarisa mama ndikati

" Saka are you going to tell her ?" Vakazunguza musoro wavo vakati

" No mwanangu we will tell her later not izvozvo aine excitement yemwana zvinomukanganisa . Saka I want to have a meeting nadoctor Williams titange the process but I don't want kuti ave kuhospital I will do it kumba ndiinaye . Remember I have everything at home

mumedical aid box . Saka I will inform Freddy kuti ndozvatakuita kuti atange treatment yacho zvagara hapana chichachinja . Let's be strong for her mwanangu apa hapadi kuita weak nekuti iye anozoita stress hanty ?"

Ndakadaira nemusoro ndichibva ndati

" Yeah satan amira nemakumbo chaiwo apa " vakati " Haana nekuti my daughter is going to survive it  wait and see ndiri doctor usakangamwe I will do zvese zvinoita kuti apore even to send him kunemabest doctors I will do " ndakaramba ndakanyarara vachibva

vati

" Let me drop you kubasa kwako ndinoona doctor Williams ndironge zvinoita mwanangu " ndakangosimuka ndaive ndakungovavarira but ndainzwa kurwadziwa.  Ndaive ndakungonamatira iye Atie nekuti zvemwana zvaive zvatokona hazvo . Takabuda vakanondisiya kubasa vakadzokera . Ndakamboita munamato ndiri muoffice mangu ndichibvunza Mwari kuti why matendera kuti izvi zviitike pana sisi vangu . Ndikazongozvishingisa ndichiti kana ivo Mwari vazvitendera kureva kuti vane zvavanoda kuratidza kunyika kuburikidza nasisi vangu kuti hukuru hwavo hwuonekwe

End of chapter

[08/24, 18:46] MAMA DELPHY MASIBANDA: https://chat.whatsapp.com/FvWKng6l9yNHwdxNXzDWFG

WRITTEN BY MASIBANDA MAMA DELPHY

+ 27 74764 7472

+ 27657269362

READ COMMENT AND SHARE

# CHAPTER 11

## Blessing

Pandakabva kumba kwanaMatipa ndakasvika kumba vanhu vatorara ndichibva ndatongonanga kuroom kwangu ndikarara . The following morning ndakaita kumutsiwa nefon yangu yairinger ndichibva ndaitora ndikaona ari Rumbi ndakatonzwa hasha mandiri kuti arikudei nezuro akandifonera futi ndiina Matipa aive akuda kundijairira manje . Ndakadaira ndakaita kukwidza izwi ndikati " Kwakanaka here nhaiwe kwauri kungofona fona kudaro ?" Achibvaati

" Uuum Bee ndizvo zvazvinoitwa here shaa . Kubva patakataura tese kuti

urikuuya kunopaweekend haunawo time yekundibvunza kuti ndirisei even kuti mwana wako arisei ndozvazvinoitwa here nhai Bee . Unoziva kuti kuve nenhumbu it's not easy you must check on me from time to time kuti ndirisei " ndakaridza tsamwa ndikati

" Rumbi ndinezvakawanda zvekuita ndakakuudza kuti weekend ndirikuuyako saka problem yako ndeyeyii . Ini zvemunhu anoda kundifudza fudza handizvide . Nezuro ndaive nditori nemusikana wangu pawaifonafona asi ndakakuudza kuti

you must respect my girlfriend handina kudaro here ?" Ndakamunzwa akuita kupfikura kuchema achibvaati " Hoo maitove mese henyu yet inini ukushaiwa time neni apa I am carrying your child . Wakanditi ndisafonere musikana wako ndikateerera asi iwewe hausikuita zviri fair kuside kwangu . Soo apa ndingori baby mama vako chete here Bee . Why usina moyo nhai?" Ndakatoshaya kuziva kuti munhu uyu anopenga here . Angandibvunze mubvunzo wakadaro sei kunge tinodanana . Ndakatura mafemo ndikati

" Urikumbonyanya kudei nhai Rumbi ?" Akati

" Can we meet mutown ndine zvandinoda kutaura newe ?" Ndikati " Ko wadii kungotaura pano pafon nhai ?" Achibvaatura mafemo akati

" No pafon hazviite shaa let's meet mutown nhasi" ndichibva ndatura befu ndikati

" What time uye kupi ?" Akati

" Chero kuma1 pajoina city " ndikati

" Oky " ndichibva ndanyarara ndaisatoda zvekutaura zvinoenda kure naye . Akaona ndanyarara achibvaakakata call yacho ndikaridza tsamwa . Ndichitomuka pabed ndichibva ndapinda mubathroom ndikageza

ndikapedza ndichibva ndachinja ndikabuda muroom mangu ndikaona mama vakagara musitting vakabata cup yecoffee yavo . Ndakavamhoresa vakadaira kunge munhu asirikuda zvekutaura ndichibva ndagara pasi vakati

" Ko nezuro wakadzoka nguvai kwawanga waenda nhai son ?" Ndikati

" Ndakadzoka late maive marara mama ndaive ndaenda kunoona muroora wenyu " pandakadaro vakaita kusekerera vachiisa cup patable vakati

" How is she nenhumbu yake " ndakavatarisa ndiine kushamisika

ndikati

" Nhumbu? Who is pregnant mama ?" Vachibva vapindura maziso avo vakati

" Asi wangawaenda kuna Matipa thought wainoona Rumbika semunhu akazvitakura nezuro aiti she's not well " ndakapererwa ndikati

" Mama Matipa is the only one wandinodanana naye why muchida kuisa topic yaRumbi apinda papi uye why murikuramba muchitaura naye hatina kuwirirana kuti tirikunopedza nyaya dzacho paweekend here ?" Vachibva vati

" Son nyaya haisi pakuti nditaure naye noo but munhu anenge aine nhumbu unofanirwa kuratidzawo rudo nekuti nezuro akafona achitoti mama I am not well and you are not talking naye kuti unzwewo kuti arisei . Hazvinakundifadza mwanangu usaitire hutsinye mwana arimudumbu nekuda kwaMatipa . Hauzive marongero a Mwari pamwe iyeyu ndiye achakwanisa kukuitira mwana chete uchimutsvinyira kudaro wacho waurikuda otadza kuita mwana wacho " ndakavapa ziso ndikati " Are you cursing me or mukuzama kutii mama . Ndaifunga kuti daddy zvavakati nyaya iyi tinoyipedza paweekend makazviteerera . Now ndakuona kuti

munenge musingafarire Matipa. Nerudo rwaanarwo kwamuri hamufanirwe kudaro mama . Zveuyo anenhumbu takawiririrana kuti kana mwana ariwepano we will take the responsibility saka munoda ndidii huh ?" Ndakataura ndatotsamwa vachibva vati

" Saka unoda ndirege kukuonesa here kuti itazviri fair pana Rumbi . Ko iye Matipa wacho wakamuudza here nezvaRumbi ?" Ndakambonyarara ndichitoshaya kuti ndotii ndikazoti " I will tell her wen the time is right mama "

vakanditarisa necorner yeziso vakati

" Heya pakanaka mwanangu " ndakatoona kuti vanenge varikutoda zvemashoko neni ndichibva ndatosimuka ndikati " I am going to town kunosangana naye Rumbi wacho " Vachibva vasekerera vakati

" Hauchiona ndozvinoitwa mwanangu kana wamuona talk to her nicely uchiziva kuti she's pregnant.  Handidi kuti acheme necondition yaari chienda unganonoke " handina kuvadaira ndakangofamba ndichibuda . Mama vaitoda zvekundiitisa chaiko manje sat zvese zvirikupera ndichanomuudzisa pamberi pevabereki vake ipapo chokwadi chese .

Ndakapinda mumota ndichibva ndaenda kutown ndikamufonera ndasvika pajoina city pacho akati ndipinde mukati aive akagara imomo . Ndakapinda ndichibva ndaenda paaive akagara aribuzz kubaya baya fon yake . Ndakangosvika nekugara paside pake ndikati

" Hesi " achibvaanditarisa achiisa fon yake patable akati " I am not well shaa ndirikunzwa mabayo saka ndaudza mama kuseni vakati ndikuudze undiendese kwadoctor since vasiri kuda kuti daddy vazive kuti I am

pregnant. Even mama vako ndakavaudza nezuro ndozvandaida kutaura newe pandaifona but waindikatira fon yacho " ndakamboramba ndakanyarara ndikazoti

" You can go kwadoctor kwacho Rumbi haisi problem imarii ?" Achibvaanditarisa achipindura maziso ake akati " Ndega here shaa hanty tofanirwa kuenda tese uchinzwawo kuti mwana wako arisei here ?" Ndakamboda kuseka ndikazvidzora ndikati

" Unoziva kuti I am not sure about your

child Rumbi apa ndirikungoitawo for the sake of peace saka no need yekunge ndiriko hangu . I will give you the money unoita yaunoita kwadoctor kwacho " achibvaanditarisa atsvukisa maziso akutochema akati

" You are not even caring nemwana wako unofunga kuti ndinopenga here inini kukuti mwana ndewako asiri . If usiri kuda kundiperekedza it's oky zvagara wataura kuti you are not sure kureva kuti mwana wacho haunabasa naye . Rega ndiende hangu ndega hanty ndini ndirikurwara here " she said akutowedzera kuchema ndikati

" Let's go kwadoctor kwacho Rumbi ndine meeting na3 kuoffice saka I can drop you handipinde " achibvaati

" Oky " achitora fon yake ndichibva ndafamba kumberi iye kumashure taitoita kunge vanhu vasiri pamwechete. Ndakanopinda mumota iye akada kuuya kumother seat ndikati

" Gara pamashure Rumbi " ndichito locker door racho achizama kurivhura rikaramba achibvaaratidza kushatirwa achinogara pamashure ndikati

" Which doctor kwacho kwaunonorapwa ndinokusiya ?" Achibvaaramba akanyarara ndikamutarisa nepawindow ndikati

" Rumbi ndati toenda kuna doctor upi ?"

" Ndinoda kuprivate shaa mwana uyu haasi wemurombo zvekuti ndingatoenda kumadoctors emangamanga , let's go kuAvenues clinic " paakadaro pfungwa dzangu dzakamhanya kufunga kuti mai vaMatipa ndidoctor kunaBaines ndikaona kusingaite ndikati

" KuAvenues noo Rumbi handidi kuenda ikoko it's too expensive " achibvaati

" Mama vako vati tiende ikoko saka ndakuvafonera kuti hausikuda urikuda

kundiendesa kumwe " ndakaridza tsamwa ndikati

" Ko wadii kuenda navo nhaiwe kana manga mawirirana huh " ndichibva ndakufunga kuti ndodii ndikati better kuenda kuAvenues kwacho not paBaines . Ndakadriver kusvika kuavenues clinic kwacho tikapinda mukati tese sezvo ndaida kushandisa card ndaive ndisina kufamba necash .

Ndakaita payment zvese ndakutoda kumusiya kuti apinde ega madoctor macho ndipo pandakanzi neumwe nurse

" Huyai henyu mese ndinokuratidzai doctor achakubatsirai munofanirwa kuitwa matest muripamwe chete baba naamai . Magona mauya mese kuno please follow me " ndakatoona kuti hapasisina way out ndichibva ndatongotevera sister vaye ndikati kuna Rumbi

" Ndezvanhasi chete hanty usazonyanya kutofara uchiti pese paunouya ndichauya newe noo ndakuitira zvese paunenge wakuuya kumacheck up kwako uchauya wega . And usabve watoti kwati kwati neni senge tiri mukadzi nemurume ndirikungoitira kuti mai vangu vanozotaurisa otherwise dai ndisina chero kutouya kuno kwacho "

achibvaapindura maziso ake akati

" Unoti zvichachinja here zvagara mwana ndewako shaa unotofanirwa kumuitira zvese sababa vake . Zvawatoita izvozvo watogona chaiko and handidi kuti vanhu vaone kuti hatisi mukadzi nemurume.  Handidi kuti mwana wangu aite kunge mwana wemusango noo " ndakamutarisa neziso ndikatoona kuti munhu uyu anotoriwo mhepo zvayo . Handina kuzomudaira ndakafamba tichibva tasvika pawaiting area paive nemachair zvikanzi nanurse vaye " Garai henyu pano doctor vane vavainawo mukati

vakabuda mopinda . Vanonzi doctor Williams he's the best doctor zvekuti muchafara neservice yavo . Hanty muchaitirwa zvese pano nekuzosununguka pano ?" Ndakaramba ndakanyarara iye Rumbi ndiye akadaira akati

" Yes sister pano ndipo pandichange ndakuuya nekuzozvarira zvese . Kana mati he's the best doctor ndafara ndivo vachaita zvese nekuti ndinoda doctor anoziva zvaanoita " sister vaye vachibva vaseka vakati

" Trust me you will like his services he's

the best saka vamiririrei henyu vakapedza nevavainavo mukati mobva mapinda henyu " sister vaye vachibva vatofuratira vakudzokera tikasara takagara ini ndaitononokerwa nezvese zvaitika ndaitoda kuenda kumeeting ndozonoona Matipa kubasa kwake

End of chapter

[08/25, 08:43] MAMA DELPHY MASIBANDA:

https://chat.whatsapp.com/FvWKng6l9yNHwdxNXzDWFG

BOOK 21

WRITTEN BY MASIBANDA MAMA DELPHY

**+ 27 74764 7472**

**+ 27657269362**

READ COMMENT AND SHARE

CHAPTER 12

MATIPA

Pandakapedza basa ndakaenda kumba straight ndaida kunoita nyaya nasisi vangu semunhu wandaive ndaswera ndisina kuona . Blessing aive amboti achauya kubasa kwangu but time padzakakwana ndakatoona kuti pamwe azobatikana ndichibva ndabuda hangu. Ndakasvika kumba ndikananga

muroom mangu ndikaona musina munhu sisi Atie vaive vasimo ndikaenda kukitchen ndikangoona muina Aunty vachitobika ndikavasweresa ndikati

" Ko sisi Atie varipi ?" Vakati

" Ndavaona vachipinda mubedroom mamama I am sure ndomavari " handina kuda kumira ndichibva ndatofuratira kuenda kubedroom kwamama.

Pandakasvika padoor ndakanzwa voice

raAtie achichema arimukati hana yangu yakarova ndichibva ndavhura door . Ndakamuona akaita kugara pasi pafloor chaipo achiita kuchema ndichibva ndapfugama pamberi pake ndikati

" Sisi what's wrong?" Haana kudaira akatowedzera kuchema zvakaita kuti ndiwedzere kutya . Ndichibva ndati

" Talk to me sisi chii chaitika?" Achibvaanditarisa aine kushungurudzika kwakanyanya achibvaaisa ruoko rwake muhomwe kwakuburitsa mapaper akati "So I have blood cancer and you are hiding it from me MATIPA?" Ndakaita kupererwa zvekushaiwa chero simba ndichibva ndatipasi pfurugwada.  Handizive kuti

mama vaive vaita mistake sei yekukangamwa mapaper emaresults ake pachena .

Musodzi yakatanga kubuda yega ndakamutarisa achibvaati " Soo mese henyu namama murikuziva zviripo mukasarudza kunyarara . Even my own husband Freddy kubvaandivanzira but why ?" Ndakapererwa ndichibva ndamutarisa ndikati

" Sorry sisi it's not what you think . We are not hiding anything to you asikuti you need to go for a counseling session first sisi . Now that you know

ndokumbirawo usacheme we can talk nezvazvo hanty ?" I said ndichizama kumunyaradza achibvaati " Soo very soon I am going to die ?" Akataura akaita kunditarisa kumeso kwangu ndikazunguza musoro wangu ndikati

" No ,no sisi hausikufa trust me doctor akati it's early stage and it can be cured saka nothing to worry " akati

" Matipa I know chirwere ichi shaa usade kundifadza nemhema . Saka ndasarirwa nenguva yakadii kuti ndife ?"

Mubvunzo wake wakaita kundibaya pamoyo chaipo ndikatanga kuchema ndikati

" Hausikuzofa Atida mama varikutofambira nyaya dzacho kuti utange kuitwa treatment.  Saka usaite stress unoziva kuti mama ndidoctor and varikubatsirana nemamwe madoctors kuti zviite . Usatye hausi kuzofa sisi " akati

" And what about my child ndaverenga zvese Matipa I am going to loose my child again " she said achitowedzera kuchema ndikamumbundira ndikati " Atie listen sisi nyaya iripo ndeyekuti patangwe kuitwa treatment kuti

ukasikirwe ndosaka varikufanirwa kuti vabvise mwana I am sry sisi " achibvaati

" No ,no, no Matipa handidi nemwana wangu handina mwana achabviswa hazviite . Rega ndife inini not my child hazviite . Mwana wangu iyeyu akandikoshera she's Inocent I can't kill her hazviite . It's better ndife inini mwana wangu achisara . Handina mwana achaurayiwa I am sry Matipa I choose my child " ndakaita kunzwa kutsva muviri wose nemashoko ake ndichibva ndamutarisa ndikati

" I love you sisi and l don't want to loose you " Akati

" What about my child you don't love her too huh . Hausiwe wainditi she will be yours here Matipa why wakudakuti afe huh ?" Ndakashaiwa chero mhinduro yekumupindura achibvaati

" Even Freddy my husband he chooses me over our unborn child he's heartless l can't believe he even signed the death penalty for our child l am heart broken " achibvaakuchema achiita kufemereka ndaive ndatopererwa nekuti zvinhu zvacho zvaive zvaitika soo quick kuti azive her status ndakamubata maoko

ake takatarisana ndikati " No sisi bamukuru is not wrong apa don't blame him havana choice he wants you kuti utange treatment mwana munozoita umwe " akati " Wen nhai Matipa ndafa here ndipo pandinozoita mwana wacho huh. According to this results varikuti handitofanirwe kutoita mwana now till blood rangu rave negative to cancer and it's impossible l know " ndikati

" Sisi no listen sandizvo very soon you will be fine uchatoita vana vakawanda ndokumbirawo ubvise pfungwa yekuti wakutofa . Hausikuzofa and uchararama kusvika wabata vazukuru

vevazukuru vako " achibvaazunguza musoro akati

" I can't have an abortion no handisi kuzobvuma anything chinechekuita nekuuraya mwana wangu.  From now no medication or what nekuti I don't trust you guys munogona kutondipa mushonga wekuuraya mwana wangu sezvamaive makuita izvozvo.  Saka handina chandichada from you guys I believe kuti Mwari vachandikundisa " ndakamutarisa ndichibva ndatura mafemo ndikati

" Sisi we are talking about cancer here you must do the process we don't want to loose you and the only way ndeyekubvisa mwana for you to survive " achibvaaseka zviye zvehasha akati

" I thought you are my sister I was wrong you don't love me Matipa . How can you say zvakadaro kwandiri unonyatsoziva kuti Freddy anoda vana and kusaita vana nekuda kwecondition yangu kunoparadza marriage yangu . I love my husband and kumuona akunotsvaga vana kunze uko hazvindiitire . Unofunga kuti Freddy pane paachamirira inini kuti ndipore then tozoita vana here . Haamire ndinovaziva varume mufaro waaive nawo pandakaziva kuti ndane nhumbu akaratidza kufara now zvodai huh

ndarwadziwa Matipa.
Ndakanyanyotadzei nhai zvekuti satan anoita take take neni kudaro . Kana kurikunamata ingandinonamatawo wani sei zvadai nhai Matipa.  Does that mean pamwe l only have few months left huh ?" Ndakazunguza musoro ndikati

" No sisi l will die first kana zvichiita ndinokumbira kuna Mwari vacho ndife inini usare hako unyatsoona kuti l truly love you sisi . Yes l understand zvawakataura kuti varume vanoda vana and handizive kuti bamukuru

vachamirira for how long . But what I know is bamukuru vanokuda Atie ipapa he's going through a lot kubva day rataudziwa nadoctor he's not okay sisi plz don't worsen the situation.  It will be hard kuside kwavo unoziva kuti kuudziwa kuti choose between your own blood nemukadzi kwakangooma . But nekuda kwerudo rwavanarwo kwauri he chooses you sisi saka ndokumbirawo usavarwadzise plz. " I said ndabatanidza maoko angu pleading to her akati

" No Matipa mwana wangu will survive

inini ndofa that's my decision saka mukufanirwa kutevedzera zvandinoda inini . " ndakapererwa ndikaramba ndakamutarisa ndikazoti

" Machances ake ekuti aitewo chirwere ari high sisi unozofara here mwana achitambura huh ?" Achibvaati " Are you God huh . Why muchida kutongera Mwari akuudzai kuti mwana anotapurira chirwere ndiani . Plz respect my decision kana muchidakuti tiwirirane . She's my last hope ndisati ndafawo ndomuonawo at least mweya wangu unozorora murugare. I can't kill an Inocent child nekuti murikuda kusaver inini ndatove a moving grave kare.  Why musirikufunga kuti inini I don't have more life pane mwana

wandakatakura huh . Plz musandirwadzise kusvika pakadaro ndokumbirawo nemweya waMwari musiye mwana wangu momirira rufu rwangu plz "

Ndakatanga kuchema ndakamutarisa and matauriro ake aive akashinga zvekuti kuti ndirambe ndichimupikisa ndaive ndakutotyira condition yake kuti haidi stress . Ndakatura mafemo ndikati " I love you sisi unoziva kuti ndiwe wega wandinoti weropa rangu . And bond ratinoshare riristrong . I can't let you die saka better ndife inini first

soo that zvinozouya kumberi handizvione . Watadza kundinzwisisa kuti ndinokuda zvese zvatirikuita hazvirevi kuti hatidi mwana noo . Tinotomuda mwana and tirikushungurudzika nazvo . Saka inini hangu kuti ndirambe ndiine pain handichada . I think it's better to end it if mama vachisara vasina mwana ndizvozvo. Hanty ndozvavanenge vatendera Mwari vacho here . I will kill myself zvopera kuti unyatsoona kuti I love you . Handichakumanikidze kuita zvausingade but I can sacrifice my life for you sisi handikwanise kurarama usipo uye ndichikuona uchitambura . Saka ndakuitawo zvinondirerukirawo "

I hugged her ndikamupa kiss pahuma ndichibva ndasimuka ndikamutarisa ndikati

" I love you sisi " ndichibva ndada kubuda achibvaati " Matipa stop plz stop " ndichibva ndamira ndakamutarisa achibvaasimuka akauya pandaive ndakamira akandimbundira achibvaati

" I love you Matipa plz don't do this to me . Unoziva handikwanise kurarama usipo ndinzwisisewo kuti it's hard for me also . Plz let's talk " she said achindibata maoko tikanogara pabed yamama akanditarisa uku akandibata

maoko acho achibvaatura mafemo akati

" Ndakunzwisisa Matipa ndinoziva kuti bond ratinoshare is unbreakable and kuti one wedu ararame mumwe asipo it will be difficult.  Saka zvawataura ndazvibata I can do the abortion "

Paakadaro ndakaita kuvhura maziso ndichisekerera ndikati

" You will do it sisi like serious ?" Akazunguza musoro achisekerera akati

" Yes nekuda kwako I will do the process are you happy ?" I smile ndikati

" Thank you sisi l am happy and trust me Mwari havatisiye uchaona kuti zvese zvichafamba zvakanaka hanty ukuona kuti hauna kana pain yaunonzwa kurwadza now you are fit . Ndosaka madoctors arikuti zvaita zvakanaka kuti takasira kuzviona at an early stage saka machances ako ekuti chipere ari high thanks sisi  . Saka usatye sisi ndinewe ziva kuti you are not alone " achibvaasekerera achindipukuta musodzi achibvaatura mafemo akati

" I have a condition sisi ndinoda kuti

undivimbise something and kana wandivimbisa handichafe ndaita stress futi nezvehutano hwangu . Or even to question my husband ndichararana normal life yekuti tese tinenge tichifara and unoziva kuti ndizvo zvichaita kuti ndiite nguva yakareba panyika . Kana wabvuma to my condition then we are cool " ndakatura mafemo ndikati

" Name it sisi and consider it done " achibvaasekerera akandibata maoko achibvaatura mafemo akati

" Can you do it for me shaa. I mean mwana ndiitirewo mwana then I will be at peace?" Ndakaita kuvhunduka ndikati

" Atida unoreva kuti ndirare nabamukuru kuti ndiite mwana here sisi

?" Akati

" No Matipa panenge pasina zvekurara mese but you will carry my child be my surrogacy mother , will you do it for me right ? Plz promise me kuti unondiitira plz Matipa promise me " ndakaita kupererwa ndakamutarisa musodzi ikatanga kubuda

End of chapter

[08/25, 18:04] MAMA DELPHY MASIBANDA: https://chat.whatsapp.com/FvWKng6l9

yNHwdxNXzDWFG

BOOK 21

WRITTEN BY MASIBANDA MAMA DELPHY

**+ 27 74764 7472**

**+ 27657269362**

READ COMMENT AND SHARE

CHAPTER 13

MAIVAMATIPA

Pandakapedza kutaura nadoctor Williams ndakabva ndatosimuka ndichibuda muoffice mavo vachiteverawo mumashure vachida kuti patient yaive yavamirira ipinde. Ndakangoti ndichibuda padoor ndiye dhuma dhuma naBlessing akatogara pawaiting area . Ndakabva ndatomira

ndichida kuona kuti aive auya nani . Pandakatarisa munhu waaive naye hana yangu yakarova ndichiona ari mwana wababa vaMatipa anonzi Rumbidzai . Iye aive akatarisa pasi aribuzz nefon yake asina kundiona . Zvakandinetsa kuti ko aive azivana naye kupi Rumbi zvekutowanikwa vachifamba vese . Ndakafamba ndichibva ndanomira pamberi pavo ndikati

" Hesi son ko urikuiteyii pano ?" Pandakadaro Blessing akaita kuvhunduka achinditarisa zvakandishamisa achibvaati

" Aaaah mama " ndikatarisa Rumbi ndichibva ndamuti " Ko mozivana henyu naRumbi ?" Akatarisa Rumbi achiita kakuvhunduka kunge munhu avhiringika achibvaati

" Mama do you know her ?" Ndichibva ndamutarisa ndikati

" What's going on son ?" Akatadza chero kundidaira ndikatoona kuti pano pane zvirikuitika pakati pavo vari two . Zvikanzi nadoctor Williams

" Munovaziva here doctor?" Ndikati

" Yes uyu ndiye mukomana arikuda kuroora Matipa munin'ina waAtida . And uyu waanaye mwana waivo baba vana Matipa wavakaita nesecond wife yavanogara nayo "

Pandakadaro Blessing akaita kunge munhu arohwa nemagetsi akatanga kubwaira bwaira achinditarisa akati " Mama mati uyu munin'ina waMatipa ?" I laughed ndikati

" Yes asi hamuzivane ?" Achibvaabata musoro wake akati " Oooh shit mama sry I can explain handisikutoziva kuti chii chirikuitika ipapa . Yes Matipa told me kuti ane half sister but we never talked into details sezvinhu zvatisinabasa nazvo . Manje zvazvadai oooh my God " ndakaramba ndakamutarisa ndakutoshaya kuziva kuti arikuzama kutii . Ndichibva ndatora

file ravo raive raiswa pekuti doctor anoritora ndichibva ndavhura ndikatanga kuverenga.

Ndakaita kunzwa kutsva ndichiona pakanzi Rumbi ari 2months pregnant and the father of the  child ari Blessing. Ndakamutarisa Blessing ndakutonzwa hasha ndikati

" Blessing don't tell me kuti you are dating two sisters and Rumbi is even pregnant for you huh ?" Pandakadaro Rumbi wacho akabvaapindura maziso akati " Soo mwana wenyu akutodanana nemukomana wangu ndizvoka . Manje tell her kuti I am pregnant for Blessing

sezvamatoona kuti he's with me kuno kwadoctor for checkup . Saka imi samai matongoona kuti ndini muridzi wemukomana saka muchaitasei ?" Mashoko aRumbi akandirwadza ndikatanga kufunga zvandaive ndakaitwa namai vake kutorerwa murume now zvaitikazve kumwana wangu kutorerwa mukomana nemwana wacho . Ndakaita kurwadziwa ndikatarisa Blessing ndikati

" Soo ndozvauri izvi Blessing huh wadirei kucreator ruvengo pavana vanyamunhu . Ko zvawakatizwe soon

wakuroora Matipa now urikuno kwadoctor nemunin'ina wake ndaisaziva kuti ungadaro nemadiro andaikuita . Chero Matipa wamurwadzisa Blessing anyway let me not disturb you sezvo chiremba vatokumiririrai mukati all the best " I said ndichibva ndatofambisa ndichibuda . Handina kana kucheuka ndaive ndaita kurwadziwa pamoyo chaipo kuti why mai nemwana kuita competition yekuparadza mufaro mumba mangu . Ndakasvika pamota yangu ndichiita kufemereka zvekuti ndakatadza chero kudriver ndikambomira ndichifunga kuti ndodii . Ndiri stressed already nenyaya yaAtida now zvave kuna Matipa ndakazvibvunza kuti why inini nhai

Mwari . Chii chandaive ndakatadza zvekuti ndishaiswe mufaro namai nemwana.  Ndakatoona kuti kufonera baba vaMatipa ndiko kunototoita vanofanirwa kuziva nyaya dzevana vavo .

Ndakatora fon yangu muhandbag ndichibva ndafona number dzababa vacho vachibva vadaira ndikati " Baba Atida ndokumbirawo tisangane kumba kwangu nhasi uno without fail " vakati

" Kwakanaka here mai Atie?" Ndikati

" Kwakanaka dai zvandirikuda zvaiita

kuti titaure pafon ndataura but zvinoda takagara " vachibva vati " Oky ndinouya neko after work I hope all is well ?" Ndikati " See you mauya " ndichibva ndatodropa call yacho . Nhasi ndaitoda kuti vapedze nyaya dzevana vavo ndaneta nekungorwadziswa nesame munhu . Not this time nekuti matauriro aive aita Rumbi ndeekutondivhairirira . Manje this time ndaitoda kuitawo zvehondo namai vake . Ndaizama kubatanidza kuti ndepapi paakadanana naBlessing ndikapashaiwa .

Ndakapinda mumota ndichibva ndaenda kubasa ndikanotora mushonga yandaida kuti ndizoitira Atida ndichibva ndabuda . Ndakaita kudriver slowly nekutobhowekana ndaitadza kuziva kuti Matipa achazvitambirasei pandichamuudza nyaya yacho nemadiro aanoita Blessing. Ndakapererwa zvekuti chero pandakasvika pamba ndakamboita almost 30mins ndakangogara mumota ndichitopererwa kuti ndinotii kumwana wangu . Ndakazobuda mumota macho ndikapinda mumba ndichitoita makumbo ekuzvuwa chaiko ndichibva ndaita kuzvikandira pasofa . Ndikanzi naaunty

" Maswerasei mama nhasi makanetaka

ndaona nestep yenyu ?" Ndikati

" Yeah nhasi ndaswera ndakamira wena nyama dzacho hadzichada " akati

" Yeah ndazviona " time yandaitaura naaunty ndakaona Matipa naAtida vachibuda mubedroom mangu vakabatana maoko vachitofara .

Vakandisweresa vachibva vagara paside pangu zvikanzi naMatipa

" Mama hapasisina secret now sisi Atie vakuziva about her status " ndakavhunduka ndichitarisa Atida wacho aisaratidza kubatikana

achibvaatosekerera akati

" Yes mama I know everything kuti I have blood cancer.  Ndapinda mubedroom menyu ndichida kutarisa shinda netsono mudrawer reheadboard yenyu ndipo pandadhumhana nemapaper emaresults angu . Saka musasatye henyu we talked naMatipa and I am ready for abortion.  Saka munondiudza pamuri ready then you can do it mama " ndakapererwa nekufara same time kuti munhu wandanga ndichitotyira ndiye arikutosekerera kudai . I faked a smile ndikati

" Sure here mwanangu are you okay nezvese ndichakuudza zvakazara nezvacho chirwere ichi usanyanye

kutya hanty ?" Achibvaaseka akati

" Mama Matipa andiita counseling kare munozongozadzisa henyu sadoctor but l am cool mama . Ingavazhinji vanemabp sugar etc kusiyana kwezvirwere asikwese kurwara saka handina kana fear mama . So long imimi family yangu muchingondipa support sezvamurikuita izvi l am cool " ndakatura mafemo ndakutonzwawo kurerukirwa nazvo . Iyi yaAtie yaive yarongeka sare yaMatipa ndiyo yandaisaziva kuti vachaitambirasei . Ndakambonyarara ndichimirira kusvika

kwababa vacho . Pavakasvika ndakaona ana Matipa vakutarisana zvikanzi naMatipa nekazevezeve

" Ko mudhara vauya ndimi mavadeedza ?" Ndikati

" Yeah ndini " haana zvaakazotaura zvakawanda vaitofunga kuti ndirikuda kutaura nyaya yaAtida .

Vakamhoresana vakapedza vakumbotaura dzekuseka havo ndisati ndapinza nyaya yangu . Patakapedza kudya sadza ndipo pandakazotarisa baba vaMatipa ndikati

" Murehwa ndini ndakudeedzai ndine nyaya yatinoda kuti tionesane sevabereki tiripamwechete kudai . Nyaya yacho inoinvolva mwana wenyu Rumbidzai " pandakadaro ndakaona vasikana vanditarisa vachitoshamisika kuti inyaya yeyii . Zvikanzi nababa vacho

" Oky aitasei Rumbi?" Ndichibva ndatura mafemo ndikati " Murikuziva here kuti anenhumbu?" Pandakadaro vakaita kuvhunduka vese nevasikana zvikanzi naAtida

" Aaaah mama nhumbu chaiyo mazvinzwepi ?" Baba vacho vakati

" Hezvo mai Atida munoreva kuti Rumbi anenhumbu maudziwa nani ?" Ndikati

" Rumbi auya kuavenues achitoda kurapwa and zvaitika tasangana pana doctor Williams iye achitodawo kupinda kuti abetserwe ndipo pandamuona ndikatoverenga report yake she's 2 months pregnant " baba vacho vakaita kuvhura ziso vakati " Ooh now ndakubata nyaya yese zvirikureva kuti mai nemwana varikuzivana inini ndini ndirikutovharwa apa . Musiuno Rumbi akanditi mukomana wake adakuuya kumba kuzoonana neni namai vake ndikatomuti handidi kuzvinzwa uri mwana wechikoro.  Mai vacho

vakatanga kutaurisa vachiti ndinomusarudza mwana wavo ndinongopembedza ana Matipa. Zvekuti ndakatoona kuti nyaya yacho kwayakuenda hakuchaite ndichibva ndangoti ngavauye kumaintro kwacho but I will tell them kuti Rumbidzai mwana wechikoro handisi kutarisira zvekuti aroorwe soon . Anofanirwa kupedza form 6 oenda kuuniversity ndiko kuti azofunga zvemarriage . Ndipo pandakapa maexample enasisi vake ava . Now chokwadi chabuda she's already pregnant what a disappointment "

Vakataura vaine kurwadziwa zvekuti ndakatovanzwira tsitsi ndikati

" Saka mai vake varikuziva nyaya yese kuti mwana wavo anenhumbu ndosaka vabereki vemukomana vakuda kuuya . But mwana wenyu haana respect Murehwa pandataura naye she's even proud of herself like atoita achievement nenhumbu iyoyi ndanzwa kumurwadzirwa . Munhu akamirira maresults eform 4 kuita zvakadaro chokwadi.  Manje hupenyu ukatamba nahwo ndiwe unochema nekuti zvaarikufunga kuti ari same level nana Matipa arikuzvinyepera . Ava magraduates and vese vane mabasa avo vatori papayrole.  Nhamo inaye

nekuti achapa imimi nhamo yekumuchengeta iye nemwana wake " baba vacho vachibva vati

" Mai Atida usaite kunge usingandizive kuti handidi zvisinabasa.  Izvozvo ndichibva pano kumba ikoko kurikunokamiwa imbwa vese mai nemwana hakuna anorara mumba . Varikuperekedzana kumurume akamupa nhumbu iyoyo . And ikokuzoenda kuavenues kunodhura kureva kuti angaariega here or angaaine munhu wake wacho ?" Ndakatura mafemo ndichibva ndatarisa

Matipa uyo aive achitoratidza kuda kunzwisisa nezvenyaya yacho ndikati

" Zvakaoma Murehwa handizive kuti sei Mwari vasingade kuona ndichifara . Nhumbu inaRumbidzai muridzi wayo ndi Blessing mukomana waMatipa " pandakadaro Matipa akaita kuvhunduka akati

" Mama mati Blessing upi huh ?" Ndikati

" I am sry mwanangu Blessing itsotsi ndatomuona varivese kuavenues naRumbidzai vachitoda kupinda vese madoctor ndiye muridzi wenhumbu yaRumbi "

Matipa akaita kuridza mhere achibvaati

" So ndiye munhu akandifonera achindututuka achitaura kuti anenhumbu yaBlessing and ndofanirwa kusiyana naye nekuti hasikudakuti mwana wake akurire mubroken family sezvatakaita achitoshoropodza mai vangu . Achindituka soo ndiye Rumbidzai mwana wenyu daddy ?" Daddy vacho vakangoita kuvhura maziso vachibva vatosimuka vachifambisa kubuda mumba ndikanzwa vakumutsa mota yavo vachibva vaenda

End of chapter

[08/26, 08:34] MAMA DELPHY MASIBANDA: https://chat.whatsapp.com/FvWKng6l9yNHwdxNXzDWFG

BOOK 21

WRITTEN BY MASIBANDA MAMA

DELPHY

+ 27 74764 7472

+ 27657269362

READ COMMENT AND SHARE

# CHAPTER 14

## Baba vaMatipa

Hasha dzandakanzwa ndaudziwa zvenhumbu yaRumbi nekuti akatotuka Matipa kureva kuti aitoziva kuti

Blessing mukomana waMatipa kwakupinda pakati pavo. Manje this time l will do the right thing ndakarwadzisa mai vaMatipa handingarambe ndichivarwadzisa hazviite . Ndakatadza chero kutaura ndichibva ndangobuda mumba mavo ndakaita kutsamwa ndichibva ndabuda . Ndakaita kudriver muroad mese kunge benzi ndiine hasha mandiri. Pandakasvika kumba ndakaona mai nemwana vakatogara musitting vachiona malndia . Mai vacho vachibva vati

"Ko kuzononoka kuuya nhasi nhai daddy asimanga muine meeting?" Ndakaramba ndakavatarisa neziso raive raita kutsvuka nehasha  ndichibva ndati " Sei usina kundiudza kuti mwana wako anenhumbu?" Vachibva vaita kuvhunduka vakati " Uuum daddy mazvinzwepi izvozvo ?" Mwana wacho achibvaati

" Obvious vaudziwa nemabest daughters avo nekuti mai vacho vandiona kuavenues " paakadaro ndakamuregedzera nembama akavarairwa zvekuti chero mai vacho vakashama kuti ndini here . Nekuti zvekurova mwana ndaisaita hangu chero ivo mai vacho ndaive ndisina kana zuva randakasimudza ruoko

rwangu ndichivarova . Mai vacho vakabva vasimuka vakamira kumberi kwangu vakati

" Soo makuti mukaudziwa zvinhu kuvana venyu mouya kuzorova mwana wangu ndizvo here ?" Ndichibva ndavapawo 2 mambama aristrong akatevedzana vachinowira pasofa ndichibva ndaenda pane mwana wacho ndikabvisa belt randaive ndakasungisa trouse ndikati

" Nhasi I will teach you a lesson wazvinzwa unogara uchivenga vana vangu vakakutadzirei huh . Each time

unongotaura nezvavo zvakupa kuti usvike pakumitiswa nemukomana waMatipa nekuda kwegodo ririmauri . Ndinoda kuripedza nhasi godo raunaro. " Ndichibva ndatanga kumukiya nebelt achiriridza mhere . Ndakamurova ndisingatarise kuti ndirikurova payi . Mai vacho vakaona zvanyanya vachibva vati

" Daddy let's talk mati Rumbi akamitiswa nemukomana waMatipa how ?" Ndichibva ndavatarisa ndikati " Don't pretend as if you don't know wazvinzwa usade kundiona kunge ndakapusa uriwe unegodo . Kutuma

mwana wako kuparadza happiness yemwana wangu sezvawakaita iwewe . You are the reason I left my wife nevana vangu . Now mwana wako ndopaanorutsa mashoko kumwana wangu kuti akakurira mubroken family zvakakonzereswa nani huh ?" Ndakataura ndichiita kubuda furo mumuromo nehasha amai vacho vachibva vatarisa mwana wavo vakati

" Rumbidzai is it true huh , ndizvo zvawakaita here ndiani akakupa nhumbu Rumbi ?" Vakataura vaita kukwidza izwi mwana wacho achibvaati

" How do I know kuti mukomana WaMatipa iye ndaisamuziva why are you taking sides " ndichibva ndatarisa mai vake ndikati

" You see zvaataura huh now you have succeeded in destroying my daughter's happiness amai nemwana " mai vacho vachibva vakuzunguza musoro vakati " No daddy handina chandinoziva munyaya iyi ask her . Ini chero mukomana wacho handimuzive zvenhumbu yes I know ndosaka mai vemukomana wacho vaive vati vakuuya kuno nekuti ndaive ndamudzinga mwana wenyu uyu . But mai vemukomana vakati ndimire mbichana nekuti vanhu vanoremekedzwa kwavo havaite zvekutizirwa. Saka zvekuti

mukomana waMatipa ndikutozvinzwirawo pano daddy . How can l allow her kudanana nemukomana wasisi vake huh . Why makundibatanidzirawo nhai daddy ?" She said vakutochema ndikati

" Liar don't shedd crocodile tears uchiziva kuti you are behind everything. Manje let me tell you this ndini wawakagona kuparadza happiness yangu not my kids . Pawazobata vana vangu waenderera muno mumba uchamugara musodzi iripamatama. Usandione sendakapusa zvandakasiya doctor kuuya kwauri munhu angaari

secretary  wangu . Hausvike pana mai vaAtida ndakatoona kuti ndatoita mistake kare and hapana pandaikwanisa kumuconvincer kuti abvume barika ndosaka ndakabuda for the sake of peace . But ndakuda kuchikuudza chokwadi I still love my wife . She's my first cut ndiye mukadzi wehujaha hwangu . Now matambira kunonyudza especially kamuroyi kawakazvara aka kanemuromo unenge wehurekure kanoudza mwana wangu kuti akakurira mubroken family.  You will withdraw your statement kwaari now ndiudze kuti wakazviitirei zvekudanana nemukomana waMatipa?"

Ndakataura ndichimuzamurira bhande kumupura mai vacho vakatanga kuombera maoko vakati

" Munoda kuuraya here nhai baba vaRumbi zvaariye ega mwana wangu moda ndidii huh . Mashoko enyu amataura ekuti mai vaAtida is better than me andirwadza . Madii kudzokera henyu kwavari kana muchiona ndisingakuitirei . Mungabatanidze nyaya yemwana neni ndapindawo papi pakumitiswa kwake huh ?" Ndikati " Wakandinyepera why usina kutaura kuti mwana wako anenhumbu huh . Worse nhumbu yemukomana waMatipa .

Manje let me tell you this . Haasikuzoroorwa naye ndiripano achazvarira mwana wake pano worera iwewe mai vehure iye odzokera kuchikoro . Hanty hauende kubasa saka wawana basa rekurera muzukuru wepamba mwana wako arikuchikoro "

Vakaita kufemereka vakanditarisa vachibva vati

" Daddy musaite zvinhu makatsamwa madii kuti tideedze mukoma wacho tinzwe kuti anoda upi pavari vari two . Pamwe anoda iyeyu munoti dai asingamude aizoenda naye kuavenues

kunodhura here . Zvese zvekuti varikuda kuuya kuzoroora hanty kureva kuti waanoda ndiRumbi here . Why makuda kubatirira mwana muchizama kuda kugadzirisa mistake yenyu . Makuda kuzviita good munhu kunamai vaMatipa nekuti makuda kunyengerera kudzokerako . Tinokuzivai kuti vana kana vave magraduate munenge makuda kutambira mudhuze kuda kuchengetwa " ndakaridza tsamwa ndikati

" I blame myself nekusiya doctor kuenda kwauri kuti nditi mushonga here

wakandigona hako . Ndaive a happy family usati wapinda pakati pawakazongopinda handizive kuti chii chawakandiita . Unotaura zvekuti vana magraduate ndakuda kuchengetwa navo . Ndiani aibhadhara fees dzavo huh . Handina kubvira ndakarasa vana vangu shaa I was doing everything for them . Chandakangotadza kwavari kuvasiya ndichigara kuno but providing for them ndaiita zvese ndosaka uchiona vachindida . Saka kana ndikatodya mari dzavo ndinekodzero yekudya nekuti ndini ndaibhadhara fees . Ko iwewe wako uyu uchadyeyii zvaakutoziva varume ari form 4 . Wazviona kuti Karma never forgot his adress.  Now wakuda kuparadza happiness yemwana

wangu. Manje hakuna kurikuendwa pano ndipo paachakanga waya aripano Blessing is marrying Matipa that's my decision.  Uchida usingade ndizvo zvichaitika ndatopedza nemi "

Mai vacho vakatanga kuombera maoko avo vakati " Woow ,woow handisati ndakamboona murume anehutsinye sewe now wakuparadza happiness yemwana wangu nekuda kwekuti haasi graduate. Urikuregerei kudeedza mukomana wacho ataure nyaya yake ataure waanoda . Why murikuda kuita conclusion muridzi wenyaya asipo .

Hamuna kunzwa chero side rake Rumbi mato concluder kare . This is not fair baba Rumbi maifanirwa kusapembedza chihure chemukuwasha wenyu . Why are you protecting him muchitadza kumira sababa kuti zvawakanganisa vana vangu vese hauna waucharoora . But makutoita zvekuda kusvotesa inini yet anosekwa nenyika handisini ndega . Mukuwasha wenyu ndiye benzi kuchinjanisa vana vanyamunhu imi buzz kumupembedza " I laughed zvehasha ndikati

" Urikuda kunzwa side rake hanty. Fine I

will call him vese nevabereki vake tinoenda kwanaMatipa ndikwo kuchanotaurirwa nyaya dzacho tese tiripo newe nemwana wako " Vachibva vanditarisa vakati " Why kwana Matipa huh . You know handiende kumba kwavo why wakuda kuti tiendeko . Unoda kunotaura marara ako pamberi pemukadzi wako uchionererwa ndizvoka ?" Ndikati " Urikuda kunzwa divi remukuwasha wako here hongu kana kwete ?" Vachibva vaita kufemereka vakati " Hongu " ndikati

" Fine munhu wese kuchiyedza tirikunosangana kumba kwana Matipa. I want this bitch to apologize to my daughter for what she said to her . Handina mwana anoita bullying

mumwe mwana nezvekuda kupindira mumaaffairs angu . I have my reasons andakasiyana namai vaMatipa saka handidi mwana anoda kuita mutongi gava . Hamuna kubvira makaona anaMatipa vachikutumidzai mazita pano . Ndivo vaitofanirwa kupopota vachitaura zvavanoda nekuti because of you I left them . But wako mwana ndiye omisa diti mudenga seostrich kutuka mwana wangu . Handidi hangu anobata vana vangu handidi "

Vachibva vaombera maoko vakati

" Yeah ndakazvireva kuti

ikokwakutambirwa tambirwa kwana Matipa uko muchanodyiswa now zvapachena makatopedzwa neni . Hamuchafunge semunhu mukuru . Anyway I will go kwana Matipa kwacho hanty ndini ndine mwana akamitiswa . Asi chandinoziva murikunonyara mese ikoko nekuti mwana wangu anodiwa nefamily yese . Musazorwadziwe kana Blessing akuchooser Rumbidzai achisiya graduate renyu . Munofunga kuti rudo rwunotarisa level of education muchasvava . Ndakatotaura navo mai vaBlessing and vanomuda Rumbidzai uyu . Muchasvawa mangwana acho wamunoti mukuwasha achikurasisai . Ndopamuchaziva tsumo inoti chenga ose manhanga hapana risina mhodzi

ndiripano . Mangwana muchachema henyu manyadziswa nefamily yekwana Blessing yacho tinoenda " ndichibva ndaridza tsamwa ndikati

" let me call him " ndichibva ndaburitsa fon yangu muhomwe ndikatarisa Rumbidzai ndikati

" Ndipe number dzaBlessing now or dzamai vake" achibvaasimuka akatora fon yake akandipa number dzaBlessing ndichibva ndamufonera achibvaadaira ndikati

" Blessing ndini baba vaMatipa ndokumbirawo kuti mangwana tisangane kwana Matipa nefamily yako .

Hanty manga magara muchida kuuya kuno nezvaRumbi saka ngatisanganeyii kwana Matipa ndinoda titaure and solve whatever issues dziripo tiripamwechete " achibvaati

" Oky daddy tinouya maitabasa " ndichibva ndatokata call yacho ndikatarisa mai nemwana ndikati " Mangwana tese kunopedza nyaya dzenyu good night " ndichibva ndatofuratira kuenda mubedroom ndikatolocker door racho nhasi vanorara vese mai nemwana kuroom kwake . Handidi zvekujairirwa ndinoda kuita the right thing kuna Matipa . I wronged them kare not anymore if Blessing chooses Rumbidzai handitambire pfuma yake ndinoda

kumuratidza kuti haaitise vana vangu and getaway nazvo

End of chapter

[08/28, 08:38] MAMA DELPHY MASIBANDA: https://chat.whatsapp.com/FvWKng6l9yNHwdxNXzDWFG

BOOK 21

WRITTEN BY MASIBANDA MAMA DELPHY

+ 27 74764 7472

+ 27657269362

READ COMMENT AND SHARE

CHAPTER 15

BLESSING

Ndakaita kumerera ndichiona mai vaMatipa vakamira pamberi pangu . Ndakabva ndatoshaiwa simba chero rekuti nditaure ndivaudze nyaya yese. Pane pekuti unotaura ukanzwisisisiwa but apa paive pakaoma . Worse Rumbi wacho atori half sister yaMatipa ndakaona rudo rwangu naye Matipa rwaparara .Handizive kuti achandinzwisisa here or ndokutongosiiwa kwandakuitwa apa nekumbonyepa kwandakaita paakandibvunza . Pavakabuda mai vaMatipa ndakatarisa Rumbi uyo aitopindura maziso ake asingatomboratidze kutya ndikati

"" Are you happy now hanty ?" Akati

" Happy why ?" Ndikati

" Why wakandiitisa zvisinabasa nhai Rumbi huh. Soo pese apa wanga utoripa mission pekuparadza rudo rwangu naMatipa ndizvoka . Waitoziva kuti she's your half sister ukati uuye padhuze neni kuti ukanganise rudo rwedu ndizvoka . Why wakandinyepera zita zvese nesurname huh ?" Ndakataura ndiine hasha ndakaita kumutarisa kumeso chaiko achibvaapindura maziso ake akati

" Blessing ndisiye wazvinzwa ndaikuziva here zvaunoti ndakapinda pakati pako naMatipa.  Zvezita nesurname zvinebasa reyii l use my mother's surname " ndakapotsa ndamupa mbama ndikazvidzora . Ndikati

" Rumbi wakandiisira friendly request kufacebook waive wandizivira kupi huh  . Zviripachena kuti waindiona kufacebook kwaMatipa uchibvawaronga zano rako rekuda kupinda pakati pedu . Wakaoma hako and you have succeeded urimuroyi Rumbidzai.  Chirega ndikuudze shaa ndikangorambwa naMatipa nekuda kwako uchaona kuti rudo rwekumanikidza kugarira tsono . Chiita

zvawavinga pano I am going handichakwanise kuve newe . Ndakagara ndiine madoubt nenhumbu yako now zvatove clear kuti uripamission ndakuenda " I.said ndichitosimuka achibvaada kundibata ruoko rwangu ndikamusairira kure ndichibva ndatofambisa ndichimusiya .

Ndakanopinda mumota ndikaimutsa ndakananga kumba. Chero kuoffice kwandaida kuzoenda ndakatoona kuti hakuchatoendeka . Ndakasvika kumba ndichiita kunge munhu akutopenga chaiko . Ndakapinda mumba ndiri

muspeed ndikaona daddy namama vakagara musitting.  Ndakavatarisa uku musodzi yaita kuzara mumaziso zvikanzi nadaddy " Ko kwakanaka nhaiwe ?" Pavakadaro musodzi yacho yakabva yatoita manyemwe ikatanga kuererera zvikanzi namama

" Ko zvawakutochema nhai Blessing chii chaitika ?" Ndichibva ndagara pasi ndakavatarisa mama ndikati " Mama you ruined everything nekuda kwekuti munoda ndiite zvamunoda chete" vachibva vanditarisa vaine kushamisika vakati " Hezvo nhaiwe son ko ndadii ?" Daddy vakanditarisa vakati

" Kwakanaka here son chii chavaita mama vako taura nyaya yako semunhu rume . Asiurimbwende here ?" Vaive vakutokwidza izwi ravo zvikanzi namama " Musamukwidzire izwi daddy ngaatare nyaya yake tinzwe . Hameno kuti ndadii zvaarikutaura zvacho handitorina kana zvandamuita " ndakavatarisa mama ndikati

" You forced me kuti ndionane naRumbi and ndimi mamuudza kuti ndiende naye kuavenues kwadoctor " vakati

" Ko zvakaipeyii hanty she's carrying your child . Kana munhu atiarikurwara hanty ikodzero yako kumuendesa kwadoctor here ?" Daddy vachibva

vanditarisa vakati

" Soo after what I said to you mwanangu uchiri kuenda nekuseri kunoonana naye Rumbi wacho huh . Hatina kuti tinonokurukura nevabereki vake here topedza nyaya dzacho .Ko wazoendako sei kunoonana naye ?" Ndakatarisa mama ndikati

" Ask your wife daddy she's always munyaya yaRumbi . Vandimukira kunditsamwira kuseni vachiti Rumbi akurwara ndofanirwa kunomuona nekuita care naye nekuti she's carrying my child . Daddy I am finished zvese zvatirikutaura hazvinabasa pane

zvaitika nhasi " daddy vakatarisa mama vachizunguza musoro wavo vakati " Mai Blessing unoziva  handizive kuti unodanditaure sei kuti usapinde munyaya dzevana . We are not sure if the baby ariwaBlessing yet munenge muchikwichidzira kwichidzira kuti mwana atambire kuna Rumbi asichokwadi akakuudzai . Tell me son chii chaitika ?" Ndakatura mafemo ndakuita kufemereka ndichibva ndati

" Munhu anonzi Rumbi uyu she's a cheat daddy she's on mission munoziva kuti nanhasi ndirikutadza kunzwisisa

kuti ndirikurota or handisi . Rumbidzai naMatipa are sisters daddy " pandakadaro mama vakaita kuvhura ziso vakati

" Sisters what do you mean by that son ?" Ndikati

" Yes matozvinzwa mama ndozviripo Rumbidzai ihalf sister yaMatipa vana vemunhu one . Vakasiyana anamai chete baba vavo vamwechete . And she lied to me about her name and surname achiziva kuti ndaizozvibata kuti munin'ina waMatipa.  Ndaonekwa namai vaMatipa ndiina Rumbi kuavenues ndivo vatozoita ndizive kuti Rumbi mwana wemurume wavo . Chindiudzai daddy kuti family yatirikufanirwa kunoona ndivo same

father vaMatipa vandinoziva haa daddy apa ndagarira razor "

Daddy vakaita kushamisika vese namama zvikanzi nadaddy

" You see mwanangu zvandaive ndakuudza kuti udza Matipa nezvenyaya iyi . Saka zvazvadai uchadii manje huh. Nekuti now chokwadi chese chabuda and mabudiro acho aita nyaya yako inonetsa kuti Matipa nevabereki vake vakunzwisise . Waona kusadzikama kuti kwakaipa saka kutoreva kuti watove mufakose kaiwe . Unoona paine chichabuda here kuna

Matipa. Ko baba vake vachakuita munhu akaitasei huh . ?" Handina kudaira nekuti mubvunzo yese yavaindibvunza ndaitozvibvunzawo ndega kuti saka ndichaitasei . Mhinduro ndichiiishaya mama vakaita kufemereka zvino vakutambisa tambisa makumbo avo vachibva vati

" I am sry mwanangu zvakuita sekuti ndini ndakonzeresa . Unoziva now ndipo pandakuona kuti waisave wrong pese pawaitaura nyaya yemusikana uyu . Ini samai ndaingorwadziwa nazvo ndichiti mwana wangu haafanirwe

kurwadzisa mwana weumwe munhu zvakaipa . Ndosaka ndaiita zvese zvandaiita mwanangu.  Now ndakuona kuti musikana uyu inyoka . And aitoziva kuti urimukomana wasisi vake nekuda kwegodo raanaro akabvaapinda pakati pako naMatipa.  Haa ndiregererewo mwanangu I was wrong I wish dai ndaikwanisa kuzvigadzirisa kuti zviite . And zvatainonyara nhaimi tichinoonana nababa vaMatipa ikoko haa aya ndiwo anonzi ma1 chaiwo . Neniwo handichada kunzwa nezvake musikana uyu muroyi chaiye . Haangadaro pamukomana wasisi vake huh . Dai Matipa akangokunzwisisa mwanangu ndichazamawo kutaura naye . I hope she will understand eish . Saka wati

musikana uyu anoita nezveyii chaizvo nhai son ndaive ndisina kubvunza ?"

Ndakatura mafemo ndikati

" She's waiting for maresults eform 4 " mama vakati " Watii hezvo mashura angu pese apa ndaitoti munhu wacho musvinu akatopedza chikoro ini . Haa son newewo waidei kukamunhu kakadaro huh . Nezvauri izvi ungaite shamwari yekamunhu kari form 4 . Matipa is a graduate and she's a manager apa wakamudzikisira chaiko mwanangu.  Ndiye munhu angakuitise zvakadaro munhu ariform 4 sure .

Handidi kuona chero tsoka yake pano mwana mudiki anodazvinhu . Kana kugeza kwacho anogona here nhaiwe . Haa ko zvatakaitirwa mashura chaiwo pano nhaimi . Ndaimboziva kuti wakapusa kudaro nhai Blessing. Kuitiswa nekamwana keform 4 unesure mwanangu?" Ndakatoona ndakutototukwa futi navo mama vacho .

Handina kudaira daddy ndivo vakadaira vakati

" Nemiwo mangamuchiitiswa wani naye zvamakangofanana naye Blessing wacho kupusa . Hanty zvese izvi

zvaitika nekuda kwenyu musingakwanise kubvunzawo mwana zvakanaka . Ipapa makutozvinzwira pano kuti mwana wechikoro nekuti paita nyaya . Ko zvamaimupushira ikoko maiti zvidii . Munhu wamai anoti akanzwa nyaya anogara pasi nemwana wake womuonesa murunyararo uchimubvunza nezvemunhu wake . Kwete kungomhanya kuti handina muzukuru anokurira musango . Nhasi uno chionayi tanyadziswa naye mwana wenyu iyeyu . Tichatarisana navo sei vekwana Matipa huh . Apazivai kuti kana Matipa akaramba mwana wenyu ndimi mazvikonzeresa . Hamuna kumira samai chaivo vakakwana . Dai makaenda kudivi rake maidai murimi

makatomudeedza pano momuudza kuti pane nyaya iripo mwanangu.  Munoziva zvinhu zvikabva nekwamuri zvine chiremerera . Manje makabva matomusasamura mukati uyu anemimba ndiye chaiye . Kurasa chirimumaoko nekuda kuombera . Ipapa Matipa achavenga tese family yese kuti maiziva chokwadi asi mukanyarara . "

Mama vaive vakungoboira boira vakushaiwa zvekuita vachibva vati

" Handidi kukaona kajoki ikako pano kamhunza musha ikako kamutumwa

kasatan . Chokwadi kuuya kuzoparadza family yangu yanga iri happy . Yes I admit I was wrong pakusaenda divi raMatipa now ndakuchiona kuipa kwazvo . Sorry hako mwanangu I will talk naye Matipa wacho ndimukumbire ruregerero.  Ndichazama nepese pandinogona kuti anzwisise sry mwanangu.  Ndini ndaive ndatoita muroyi wako chaiye apa . I hope zvichapera zvakanaka " ndakatura mafemo ndikati " I hope soo mama izvezvi ndirikutya chero kumufonera Matipa wacho . Handizive kuti arikutii now nekuti obvious atoudziwa nyaya yese namai vake . Ugoona nezuro chaiye she asked me if ndisina zvipande ndikati hapana . I regret lying

to her . Dai ndakangotaura chokwadi nhasi uno pasina zvese izvi . Haa neakandiroya handifunge kuti mupenyu ini . Kuroyewa zvekupusiswa kudaro munhu akadzidza now ndarasa chirimumaoko nekuda kwaRumbi . "

Nguva yandaitaura fon yangu yakaringer ndikadaira hana yangu yakarova ndichinzwa voice rababa vaRumbi vachinditi mangwana tisangane kwana Matipa tese titaure nezvenyaya iyi . Handina kukwanisa chero kutaura chinhu ndaitonzwa kupererwa. Ndakangovati oky daddy

chete . Havanawo kudakutaura nyaya dzinoenderera vachibva vakata call yacho . Ndakatarisa daddy namama ndikati

" Ndibaba VaMatipa vangavafona hanzi mangwana tisangane kumba kwana Matipa titaure nezvenyaya dzacho " Zvikanzi nadaddy

" Yes vagonesa mangwana you must expose kabenzi aka . Haungaputsirwe relationship yako wakuda kuroora nekuda kwake . Hazvishamise kachirwa godo rekuti vanoshare same father naMatipa . Manje kairasa mangwana will go tese ikoko unofanirwa kutaura chokwadi son. I know kuchaita kutukana but iwewe mira nechokwadi ndiko kuti zvikuitire zvakanaka " mama

vakadairawo vakati

" Mangwana ndichakaratidza kuti hakana kungwara ndinoda kukaudza kuti tanga wasvika palevel raMatipa ndiko kuti uve muroora wangu . Kamwana kepi kanoda zvinhu kandibhohwa chaiko . Chirega kutya mwanangu tinonomira naMatipa mangwana " ndakatotanga kunzwawo kunyevenuka mandiri . Ndakazosimuka ndikaenda kuroom kwangu kuti ndimborara chaiko nekuti ndaive ndakaita kuremerwa

End of chapter

[28/08, 5:15 pm] +27 62 191 5872: https://chat.whatsapp.com/Gv7qGdv9MCk3f2oxCVkkhJ

WRITTEN BY MASIBANDA MAMA DELPHY

+ 27 74764 7472

+ 27657269362

READ COMMENT AND SHARE

# CHAPTER 16

# MATIPA

Kana ndakamborwadziswa nevakomana munhu anonzi Blessing aive andirwadzisa zvekusvika pakuzvibvunza kuti ndakanyanyotadzei panyika pano . Ndakazvitarisa ndikatarisa Rumbi ndikaona kuti apa ndaive ndadzikisirwa kusvika pekupedzisira . Ukaona uchiita competition naRumbi ziva kuti wapera . Ndakachema zvekuti mama vangu vakapedzisira vachemawo vachizama kundinyaradza . Ndakavatarisa mama ndiine shungu ndikati

" Mama ndakatadzei chokwadi zvekuti ndiri wekungorwadziswa nevakomana . Ingandikazvitarisa pamirrow ndakanakawo wani . Why Blessing

andidzikisira zvakadaro mama ?" Vakanditarisa vachizama kundinyaradza vakati

" Mwanangu haunakana munyama usazvishore or kutuka Mwari nekuti hauzive kuti sei zvakadai zvaitika kwauri . Zvichida pamwe it's a blessing in disguised.  Unoda kuti Mwari vadii vakuratidza kuti ndozviripo saka usacheme chitoti thank you Mwari nekuexposser vavengi vangu . Kana urimunhu akanaka Mwari vanokurwira dzimwe hondo chinyararire saka usacheme mwanangu "

Ndakatarisa sisi Atie ndikati

" Sisi you are blessed hako wakawana murume anokuda kubva pakutanga till now handisati ndakamboona uine musodzi pamatama . I think zverudo izvi hazvisi zvangu ndakumbosiyana nazvo . I am done " Sisi Atie pese pandaichema nekutaura vaive vakangonyarara vakanditarisa . Vachibva vatura mafemo vakati

" Matipa don't tell me kuti unoda kusiyana nemukomana wako nekuda kwaRumbidzai ?" Ndikati " Yes I am done naye sisi handichada hangu ngaachiiite nezvaRumbi . Hanty Rumbi is carrying his child chii chichachinja ipapa " akati

" Matipa not this time wazvinzwa unoda here kuti zvinzi history has repeated it's self  huh. Usakangamwe kuti mai vaRumbi she robbed our happiness vakatora daddy vedu . Now mwana wavo akurepeater the same zvakaitwa namai vake never , not this time hatidi kujaidza makudo zvekudaro "

Ndakamutarisa Atie ndikati

" You don't understand my pain sisi " akati

" I do understand you more than zvaunoziva ndosaka ndati this time

vakajaidzwa mai nemwana we will fight till tasvitsana kumapena. You are not cheap Matipa you are everyman's dream pauri ipapo . But apa nekuti zvaitwa naRumbi I won't allow you kumusiira mukomana wako never . Chero daddy vakati musiye nekuti she's pregnant ndipo pavachatiguta ipapo . Nhasi uno tiri mubroken family nekuda kwavo ana Rumbi wakuda kumupa mukana wekumusiira mukomana wako never " achibvaauya pandaive ndakagara akandibata maoko angu ese achibvaanditarisa akati

" Usakanganwe a sister's promise shaa now l want you to promise me again kuti hausiire Rumbidzai mukomana . And l am promising you also as a sister kuti l will be with you in this battle.  We shall fight the devil together handikusiye we are in this together saka let's make a promise to fight for what is yours . Patakabirwa mufaro kare daddy vachienda taive vana vadiki asiikozvino takura hatichaitiswe. Promise me kuti ticharwa tese kusvika takurira Rumbi namai vake . And now we want our father back saka let's make a promise yekuti this broken family ichabatana kusvika tarwisa and we will bring back our father pano pamba . We want kuti Rumbi anzwewo

kuti kuve broken family kunoitasei . Hanty akakutuka nazvo now let's put our hands together and show her kuti enough is enough.  Look at me Matipa nditarise mumaziso mangu chaimo let's make a sister's promise yekuti zvese zvatichaita will do it together " akataura akaita kushinga chaiko .

Ndakaramba ndakanyarara ndakamutarisa ndichizama kubatanidza kuti zvaataura ndinozvikwanisa here . Mumoyo mangu makatanga kuuya mashoko aRumbi achindituka nekushora mai vangu

ndikanyatsoona kuti my sister is right . We must fight for what belongs to us . Rumbidzai namai vake vanofanirwawo kumborwadziwa nehupenyu kupfuura zvatakaitawo . Ndichibva ndapukuta musodzi ndikamutarisa Atida ndikati

" Yes sisi you are right handifanirwe kuchema now wandionesa . Let's fight together tidzidzise munhu anonzi Rumbidzai hupenyu . I am ready for war we want our father back pano pamba anzwewo kuti zvinodii kuve mubroken family. I am in " ndakataura ndakashinga achibvaandipa hug akati

" From today Matipa usasacheme ngatigadzirise zvakatadziwa namai vedu nababa vedu inini newe tinebasa . Ndikatarisa mama nadaddy ndinonyatsoona kuti vanhu ava vanodanana asi parikushaya anopinda pakati . Enough is enough baba vedu ngavadzoke pano . " ndakagutsurira musoro wangu ndikati

" You are right sisi mai nemwana vakufanirwa kunzwawo pain yavakatinzwisa kwemakore akawandisa . Now it's pay back time " she smile achibvaati " Matipa about what l asked you earlier zvekuti undiitire mwana ndazofunga manje let's cancel it . Nekuti inozokanganisa rudo rwako

naBlessing owana reason yekukusiya nayo . Ndaive ndangotaura ndiine kubatikana mandiri but after this incident now ndakuda kuti tichibatana tirwise muvengi kwese . Uchiroorwa naBlessing baba vedu vachidzoka pano . Iyi ndiyo promise yataita vana vanyamunhu . Our mom is lonely pano yet Rumbi namai vake is happy nekuparadza hupenyu hwedu never this time varikuzochema "

Ndakamutarisa musodzi yazara mumaziso ndikati

" But ndaive ndada hangu kukuitira

mwana wacho Atie " she smile akati

" I know but nezvazoitika izvi ndagaya Matipa I don't want to be a coward . I want kuti ufare ndichatsvaga umwe surrogacy mother wandobhadhara iwewe naBlessing munofanirwa kuroorana kunyadzisa vavengi and our father must come back " I smile ndikati

" Thanks sisi " pese pataitaura mama vaive vakanyarara kuti zii vachibva vatura mafemo vakati " Soo maive maronga kuti Matipa ave surrogacy mother wako Atie . Musina kumbotaurawo neni mai venyu and ask for my opinion.  Your idea was not bad nekuti you are sisters ndinoziva kuti hapana chinoramba . But now zvazvadai neniwo ndatoona kuti

tinenge takupa satan mukana wekuti arambe achitijairira . Saka let's fight together nyaya iyi ndazvifunga ndega kuti mai vaRumbi vanofunga kuti she's a genius pakutora mufaro wangu. Munozviziva vana vangu kuti kubvira muchikura hamuna kubvira makaona ndiine mumwe murume pano pamba . Hazvireve kuti ndaishaya murume noo handina kumboda kuita varume vaviri muhupenyu hwangu . Ndaifunga kuti daddy venyu one day he will come back to his senses vodzoka kumba . But ndakatozvitambira kuti zvakakona saka now kana makuda kuvadzosa pano I won't stop you vanangu . As sister's you must fight hard kusvika Rumbi namai vake varwadziwa vazive kuti ukaitira

munhu hutsinye asinakukutadzira zvinodzoka back kwauri . Ngachive chishamiso kuti after 18 yrs baba vaAtida vakadzokera kumhuri yavo kuburikidza nevana vavo . Saka you have my support girls "

She said vachiuya patiri vachibva vatipa hug tikaita kanguva takadaro ndichibva ndati

" Mama we shall bring back your happiness again yamakabirwa eighteen yrs ago . Inini nasisi Atie takutofambira nyaya dzacho nekuti sometimes Mwari anobatsira vanozvibatsira kumwe

kunyarara people will take advantage saka musacheme mama zvakakwana zvamakaitirwa tiripano girls dzenyu " mama vachibva vati

" Good you have my support vanangu " tichibva tasiyana mood yangu yakabva yatochinja ipapo ipapo . Ndaitoda kumuona Rumbi achanyatsoona kuti abaya wrong button . Takazoparadzana namama takutonorara hedu nasisi Atie .

The following morning ndaisaenda kubasa ndakatononoka kumuka . Pandakamuka ndakanogeza ndikachinja ndichibva ndazoenda kubedroom kwamama ndikavaona vachitogadzira bed yavo . Ndakavamhoresa vachibva vati

" Daddy vako vafona vati varikuuya vese nemhuri yavo . Vati vakafonera futi ana Blessing kuti auye nefamily yake nyaya yotaurwa pano munhu wese achinzwa " I smile ndikati

" Yeah that's my daddy now vakugona kuronga sababa . Ngavauye nevanhu vavo we are ready tione kuti zvinopera sei " Sisi Atie vakabva vapindawo mama vakavaudza futi vachibva vasekerera vakati " Matipa zvanaka izvi munin'ina usakangamwe a sister's promise . Chero pakataurwa zvichakubaya sei iwewe mira

nezvatakawirirana usaburitse musodzi pamberi pemuvengi wako unomupa manyemwe . Saka yanaka iyi yakuvhiyirwa pano haichanetse kugocha takavamirira " we laughed ndikati

" Ngatitonobatsira aunty kutoshongedza mumba kuitira kuti ana Rumbi namai vake vanyatsoona kuti muno mumba maChiremba not masecretary "

We laughed zvikanzi namama

" Yeah vabatsirei mukasire nekuti

panenge pakawandiwa pano kuti family yekwana Blessing nevababa venyu . Saka itayi chop chop vasvike mapedza " hatina kuzoda kumira takabva tatobuda tikatanga kuita buzz buzz kubatsirana naaunty kunyatsoshongedza mumba medu . Nhasi vanondiona Rumbi  namai vake . Patakapedza kugadzira mumba takabva tagara hedu takumirira kusvika kwavo . Ndakanzwa mota yaitinhira panze ndichibva ndadongorera nepawindow ndikaona iri yadaddy ndikasekerera ndichibva ndatarisa sisi Atie ndikati

" Shasha dzasvika manje " Zvikanzi namama

" Takavamirira nhasi mai vaRumbi ndokekutanga kusangana mushure

mekunetsana kwatakamboita 18yrs ago ndaziva kuti mai Rumbi akuhura nemurume wangu . Nhasi vazouya pamba pangu nesame story tinovapedzera nhasi " We laughed hedu tikanzwa knock padoor aunty vachibva vanovhura door racho isu takangogara hedu takatarisa

End of chapter

[29/08, 8:42 am] +27 62 191 5872: https://chat.whatsapp.com/Gv7qGdv9MCk3f2oxCVkkhJ

BOOK 21

WRITTEN BY MASIBANDA MAMA DELPHY

**+ 27 74764 7472**

**+ 27657269362**

READ COMMENT AND SHARE

CHAPTER 17

Baba vaMatipa

Ndakamuka kuseni seni ndichibva ndafonera mai vaMatipa ndichivaudza kuti tirikuuya kuzogadzirisa nyaya yaMatipa naRumbidzai.  Ndakabuda mubedroom ndikaona mai Rumbi vakaita kufundumwara vakarara pasofa vakafuga chichari . Ndichibva ndati

" Itayi tibude handisikuda zvekunonoka " Vachibva vanditarisa necorner yeziso vakati

" Saka makakiya door remubedroom asi handisisiri mai vemuno here . ?" Ndakamboda kunyarara ndikaona kuti varikutoda zvemashoko rega ndivape anoenderana navo ndichibva ndati

" Kubva pawandivanzira nezvenhumbu yemwana wako wakaratidza kuti handisi murume wako saka ndinoshare bedroom newe kuti zvidii . Handisikuda zvemashoko gadzirai tibude plz " I said ndichitodzokera kubedroom ndikavanzwa vakupopota vega handina kumboita shungu nazvo .

Pavakapedza kugadzirira takabva

tabuda hapana aitaura neumwe road yese taiita kunge musina vanhu mumota. Patakasvika pamba pamai Matipa ndakanzwa Rumbi akuti kunamai vake

" Mama honayi imba yacho kunaka yoo asi daddy vakatadzawo kutivakisira yakadai " Zvikanzi namai vacho " Siyana nezvepamba pevanhu Rumbidzai. Zvekuti yavo yakanaka kupfuura yedu zvinebasarei " haana kuzodaira tichibva tadzika mumota ndikatungamira kuenda kudoor ndichibva ndaknocker . Tichibva tavhuririrwa namaid tikapinda . Ndakaona mai vaMatipa nevana vavo vakagara musitting tikaenda imomo tichibva tagara pamasofa . Tikamhoresana mai vaRumbi vaiitoita

kutarisa divi kusada kutaura namai vaMatipa . Mumba makamboita runyararo pasina ataura neumwe waingonzwa kufema chete kuti munevanhu . Ndakazonzwa mota yaive yasvika pamba ndikaziva kuti imota yemhuri yana Blessing.

Vakaknocker padoor vakavhuririrwa vaive vatouya imbayese mai nababa nevana vavo vaviri . Tikamhoresana vakapihwa pekugara vakagara havo . Uyu Blessing ndiye aingonyara chero kutarisana neni aiita zvekubirabira . Ndaisada kutambisa nguva

ndakamutarisa ndikati

" Right I think tese takwana handifunge kuti tingade kuramba takamira. Ngatichitaurai nenyaya iripo tione kuti tinopedzasei . Ndakuda kubvunza kwauri Blessing kuti chii chirikuitika pavana vangu vese varitwo ?" Achibvaatarisa Matipa asati ataura achibvaati

" Pamusoroi daddy nanamama mese murimuno chekutanga ndokumbirawo kuregererwa ndirikunzwa kunyara muchindiona kudai . But it is what it is I can't runaway from it.  Back to your question daddy with due respect ndinoda kutaura chokwadi ndisina divi randakarerekera " paakadaro ndakaona mai vaRumbi vachikwenyana nemwana

wavo vachiratidza kufara chaiko ndikati.

" Sununguka hako kutaura nyaya yese uye zviripamoyo pako ndozvandinoda kunzwa . Chero zvichirwadza asi unofanirwa kuzvitaura ndokuti tione kufambira mberi " achibvaagutsurira musoro wake akaombera maoko ake akati

" Oky daddy thank you , nyaya iripo daddy ndeiyi inini ndine musikana one anonzi Matipa zvamunoziva mese . She is the love of my life zvekuti

ndirikunzwa kuzvishora kuti ndakazopindandana nema1 aya sei . Daddy I love Matipa wholeheartedly zvekuti I can't leave without her . Uyu Rumbidzai uyu haasi musikana wangu she was my friend daddy . Why ndakuti she was ikozvino haasisiri chinhu kwandiri nekuti she's a cheat and anonyepesa . Akauya muhupenyu hwangu kuda kupinda pakati pangu naMatipa. First she's the one akanditsvaga pafacebook achishandisa fake account zita nesurname zvese . Mistake yandakaita ndeye kuaccepta friendly request yake . Takatanga kutaura tese as friends nothing more . Iye ndiye aitove pamission nekuti nguva dzakawandisa ndiye ainditsvaga achiti let's meet

tisangoita hushamwari hwepafacebook chete . Ndakazobvuma kumuona nditori nefriend yangu and from there taingoonana . Zvaaita aienda kumba kwefriend yangu kakawanda ndiko kwandaimuona . Handina kuziva kuti anezvaarikuronga till one day akati ane birthday party . Akati tiuye kuparty yake kubudiriro ini ndakatomboramba asi shamwari yangu akandimanikidza . Day racho reparty aiti maparents ake maive maenda kumuchato here soo paisave nevanhu vakuru . Chinondinetsa nanhasi ndechekuti takamwa wine tese neshamwari yangu but inini ndakadhakwa zvekutadza chero kuziva kuti chii chaiitika . Ndakazongopepuka kuseni ndakarara same bed naye tese

tisina kupfeka . And ndakatovhunduka kuti how come ndiri naked same bed naye but kuti nditi ndakarara naye sezvaanotaura I can't remember it . The next thing ndopaakazonditi she's pregnant for me .The whole situation is confusing daddy Rumbi akandidrugger uyu kuti andishandise if nhumbu yaanayo iri yangu nekuti handina kumbodanana naye she was just a friend daddy . You can ask her if ndanyepa zvandataura"

Ndakaita kupererwa zvekuti ndakatarisa Rumbi ndiine hasha

dzekuda kumurova . Mai vacho vaive vasvawa zvino varatidza kupererwa nezvaive zvataurwa naBlessing. Ndakatarisa Rumbi ndikati " Ko birthday wakaita party sei zvatisina kuziva ndiani akakutengera zvinhu zvacho zveparty nekuti I can't remember buying anything for you . Saka mari yekuita party wakaiwanepi . Rumbi I want nothing but the truth from you . Now ndatotanga kuona hutsotsi hwako pangotaurwa zveparty yatisingazive . Yawakaita nekutorara vakomana mumba mangu ndisingazive kasira kutaura " ndakataura ndakwidza izwi achibvaati

" Sry daddy but party yakarongwa naPhill friend yake Blessing ndiye

akatenga zvese " paakadaro ndakaona Blessing ashamisika akati

" Oooh soo party wakaitirwa naPhilip and kwandiri you acted as if ndiwe waita well done Rumbidzai naPhilip I wish he was here today . Soo kureva kuti iwewe naPhilip ndimi makandirongera mukandiisira madrugs . Ndosaka ndichiti nhumbu iyi haisi yangu ndeya Philip nekuti ndakakuonai muripabed muri half naked naPhilip. Saka daddy uyu Rumbi uyu ngaataure chokwadi muridzi wenhumbu yaanayo " ndakatarisa mai vake vakudonhedza

musodzi vakatarisa Rumbidzai ndikati

" Nhaiwe Rumbidzai ko Philip aizokuitira party pakudii zvisingaziikamwe nemumwe wake . Hanty manga muri mafreinds.  Saka why makaita zvekuhwandirana uye is it true kuti Blessing akakuona uri pabed paPhilip uri half naked ?" Akanditarisa achibva akasira kutarisa pasi akati

" Yes it's true but he was comforting me chete nekuti Blessing airamba nhumbu yake . Zveparty akangozviita achiti sefriend yangu but haasikuda kuti zviziikamwe kuti ndiye aita "

ndakatanga kutoona kuti mwana uyu itsotsi ndichibva ndati

" Rumbidzai Blessing akambokunyenga here kuti ndokuda ?" Ndakataura ndaita kukwidza izwi akati " No daddy haana asikuti ndini ndaitomuda hangu . Daddy ndimi makaita kuti ndiite zvese zvandakaita nekuti munongorumbidza vana venyu ava . Pese pamunotaura munoita kunge munenge muchindisvotesa ndozvakandirwadza ndikati ndinoda kurwadzisawo mwana wenyu . Ndosaka ndakatsvaga Blessing pafacebook but nhumbu ndeyake daddy . " ndakanzwa hasha ndakaerekana ndasimuka ndikamupa mambama zvekuti vanhu vese vakashamisika . Ndichibva ndati

" Unoti nhumbu ndeyake how iye aive akadhakwa achiti he can't remember anything huh ?" Ndaida kumuregedzera imwe mbama achibvaati

" Yes he was drunk daddy but ndini ndaiita iye akarara ndakatokwira pamusoro pake ndichiita the whole night ndipo pandakaita nhumbu " ndakamubata zvinesimba ndikatanga kumurova amai vacho vachibva vati

" Ooh soo ndizvo zvamatiunzira kuno kuti murove mwana wangu here . Hamusikuona kuti zvese zvaarikutaura ane fear chete . But arikuziva muridzi

wenhumbu saka musarove mwana wangu . Blessing zvese zvawataura urikunyepa iwewe ava amai vako vakatondifonera vachiti vakuuya kuzoroora mwana wangu . Vakati vanotomuda saka why kudakuramba zviripachena yet wakakanganisa mwana wangu "

Mai vaBlessing ndivo vakabva vadaira vakati

" I was wrong ndaive ndichitomanikidza mwana wangu zvisizvo . Now manzwa mwana wenyu achiti she raped my son nekuti she was on mission.  Zvaakaita

it's rape case akatora advantage yekumupa madrugs kwakumuraper saka nhumbu iyoyi haisi yake . Chero ikave yake nezvaakaita kumwana wangu isusu semhuri yake hatina zvatichaita you can go kucourt or kwamunoda but mwana wenyu ihure uyu . Mutarisei age yake kubata zvinoera kudai . Kureva kuti aive asiri virgin hakuna virgin rinoraper mukomana husiku hwese . Anonyadzisa mwana wenyu nezera rake kurwa naMatipa munhu akapedza chikoro anozvishandira . Kamuroyi kamwana aka " mai vaRumbi vakaita kuvira nehasha vakati

" Heeede mai imi mukwane mazvinzwa wamunoti muroyi makamuona achiroya ani huh  . Manje uyu ndiye arikuzogara kumba kwenyu nenhumbu yemwana wenyu . Inini kumba kwangu handichamude motomubvisa mwana wenyu waakatakura ndiko kuti adzoke kumba kwangu . Makajaidzwa vanhu imimi . And nemi baba vaRumbi you contributed munyaya iyi nezvamunongoita vanoshamisirei vana venyu ivava vamunenge muchingopembedza . Hezvo munovadisa why makavatiza muchiuya kwandiri zvamunoda kuacter lnocent pamberi pavo huh. Nhasi uno vanakeyii zvavakakakura vasingazive fathers love .

Hanty vakakura vachirerwa nesingle parent imi muri vapenyu . Zvino musade kuonererwa henyu pamberi pavo . Taurai nemukuwasha wenyu uyu kuti atore mwana wake arimudumbu memwana wangu ndokuti nyaya yacho ipere ."

Ndakanzwa hasha ndikapotsa ndavarova ndakazongozvidzora kuti mumba munevanhu zvikanzi naAtida

" Daddy garai pasi pese apa taive takanyarara muchitaura now takudawo kutaura isusu saka garai pasi " ndakabva ndagara pasi Atida achibvaati

" Daddy handina mashoko akawandisa ekutaura nemi . Manzwa mukadzi wenyu achitodada kuti makatisiya tiri vana vadiki tikarerwa nesingle parent muripo henyu which is true . And even your darling daughter insulted Matipa also nesame statement . Kureva kuti you are happy nekuti insulter hanty. Hazvina kuipa daddy ndimi makazvikonzeresa pamakasiya amai vedu muchienda kunamai vaRumbi nhasi uno chave chitukiso kwatiri vana . Manje mwana wenyu zvaakuti godo plus kuroya . Oti kutitorera baba vedu mai vake kutorera mai vedu mufaro nhasi uno akutorawo mukomana waMatipa . Ndosaka zvichinzi nyoka inozvara nyokawo . Saka now Matipa

simuka mwana wamai vangu "

She said akatarisa Matipa ndaive ndatopererwa zvino kuti ndochidii . Vachibva vabatana maoko vakamira pamberi pangu vachibva vati

" Today you have to choose daddy between your two daughters and your darling daughter . Takuda rudo rwamakatadza kutipa 18 yrs ago. Saka nhasi uno mukangobuda door iro muchidzokera kumba kwenyu mubve mabuda zvachose muhupenyu hwedu musasatitsvage mokangamwa kuti mune vana vanonzi Matipa naAtida.

Moramba muchipa rudo kwamuri ikoko isusu motisiya sebroken family. Saka now choose between us or your family "

_______???????

End of chapter

[29/08, 6:07 pm] +27 62 191 5872: https://chat.whatsapp.com/Gv7qGdv9MCk3f2oxCVkkhJ

BOOK 21

WRITTEN BY MASIBANDA MAMA DELPHY

+ 27 74764 7472

+ 27657269362

READ COMMENT AND SHARE

# CHAPTER 18

MATIPA

Blessing ayiita kunditarisa zvekubirabira achiita kunyara zvese nekutya . Paakataura nyaya yake ndaive ndakamutarisa hangu ndichinyatsoona kuti ayirwadziwa zvakanyanya nenyaya yacho . Handina kudakudaira kana kudii ndakangoramba ndakanyarara ndaive ndatobata musoro wenyaya yese kuti Rumbi ndiye honye sekutaura kwasisi Atie . Saka ndaive ndatomugadzirira size inoenderana naye kana aifunga kuti achaparadza rudo rwangu naBee aive aitira tsvina paanorarira . Paive

pakuita kuchinjanwa mashoko pakazosimuka sisi Atie vakutaura . Pavakanditi ndisimukewo ndakatoziva paive nenyaya yavo and ndakabva ndatosungawo chiso ndikatarisa daddy ndiri serious ndichitsinhira mashoko asisi Atie ndikati

" Yes daddy nhasi murikufanirwa kubuda pachena soo that we can move on nehupenyu hwedu . Taneta kuitiswa chitukiso nemi we didn't choose kukurira mubroken family you abandon us we were young and lnocent asivamwe vanhu vakutitiita chitukiso .

Noo daddy nhasi munhu wese aripo you must choose tibve tasiyana nemi for good saka taurai nyaya yenyu sarudzo yave kwamuri now ?" Daddy vaive vapererwa zvino vakutoshaya zvekuita zvikanzi namai vaRumbi

" Nhaimi baba vaRumbi ndizvo zvatavinga here kuno izvi . Makuita matare mangani muno hatisati tapedza nyaya iripaground matotanga kuita madrama . Chii chamuda kuti vachoose ipapa hanty vagara vakatokuratidzai kunovaitira why makuda kuita semunodakuvatyisa " ndakavatarisa ndichibva ndati

" Mai Rumbi or what ever you call yourself hatisi kutaura nemi . This is between the father and his daughters saka munokwana papi . With due respect kana nguva yenyu yekutaura yakwana muchataura thank you " vachibva vanditarisa vachiita kupindura maziso avo vachibva varidza tsamwa vakati " Kana nyaya dzacho dzisina musoro daddy handeyi kumba " she said vakutoda kusimuka zvikanzi nadaddy

" Kumba kupi kwaunoda tiende nekundinyadzisa kwamaita pano . I think zvataurwa nevana vangu zvinemusoro ndakavatadzira 18yrs ago now vatondipa mukana wekuti ndiite

the right thing . Saka now l am choosing my two daughters nemukadzi wangu mukuru " pavakadaro daddy vakabva vasimuka vakaenda paive pakagara mama vakasvikopfugama vakati

" Ndiregererewo mai Atie ndarwadziwa nemashoko anenge achitukwa vana vangu nekuda kwangu . Ndakuona kutadza kwangu wakazama kuda kundionesa kare uchiti zvawakuita izvi wazvisikira moto muziso . Chokwadi waireva mukadzi wangu hona zvakuitwa vana vangu nekuda kwangu .

Ndakatadza mai Atie nhasi chero zvichidii handisi kuzobuda padoor apo sekutaura kwaita vana vangu . I choose you nevana vangu ndiregererewo ndinoziva kuti it's hard for us nekuda kwenguva yatakaita tisiri pamwechete. Pakangofambawo satan mufunge " mai vaRumbi vakabva vasimuka vakanomira paive nadaddy vachiita kufemereka vakati

" Soo kana muchiti pakangofamba satan munoreva kuti ndini satan wacho here . Apa murikuzama kudii murume mukuru makuda futi kutama musha nekuda kwevana venyu here .Ndakazvireva izvi kuti kwamakutambira uko muchagadzirwa chionayi murume mukuru kupfugama

pamberi pemukadzi wawakasiya 18 yrs ago wakuda kudzoka wakambomusiireyii huh ?"

Mumba maive matove nenoise zvikanzi nasisi Atie " Daddy musazvinetse nekupfugama now kunamama muchaita henyu later tavetega . Garai henyu pasi ndinoda muzvitaurire mega kuvanhu vese varimuno vazive kuti maita sarudzo pasina kumanikidzwa . Hatidi mangwana zvizonzi ndakamanikidzwa saka garai henyu pasi tinezvakawanda nhasi zvekuita " daddy vachibva vasimuka vachinogara

pasi mai vaRumbi vakatanga kuombera maoko avo vakati

" Ndakazvitaura nezuro izvi Rumbi mwanangu kuti why baba ava varikuda kuti nyaya dziitirwe kuno . Wazviona kuti ndozvavanga vakaronga mwanangu " Rumbi wacho haanakudaira aive achingoerera musodzi akagara mucorner zvikanzi nadaddy

" Unofunga kuti kana wakanditora nemushonga ndozvinoita vanhu vese . Dai vaibata mushonga ndaidai ndakaita 18yrs ndinewe here .Handisikuda

zvekutaura zvakawanda pane vayenzi ngatipedzei nyaya iripo tione kusunungura vanhu vadzokere kudzimba dzavo . Kwamuri vana vangu tinotaura regai tipedze nyaya iripano vayenzi vasununguke " zvikanzi nasisi Atie " Fine daddy ngatipedzisei nyaya yacho tione kuenda panechimwe chikamu " pese pataitaura baba vaBlessing vaive vakanyarara havo vachingoona drama havo . Vachibva vazoti

" Pamusoroi baba nanamai nofunga nyaya yajeka kuside kwemukomana uyu . Ini ndinodakutaura sababa ndichikumbira sry kunaMatipa ndiye muroora wangu wandinoziva . Zvimwe zvese izvi zvaive zvakuitwa naBlessing

zvinondirwadza nekuti handina kumboona chakaipa pana Matipa . Saka muroora ndokumbirawo uregererewo mumwe wako wangozviona kuti panechakanaka hapashaiwe satan . I hope you will forgive my son moenderera mberi nehurongwa hwenyu mwanangu chatove chikumbiro kwauri ?"

Ndisati ndapindura mai vaRumbi ndivo vakabva vadaira vakati " Ko uyu anenhumbu yemwana wenyu murikutii naye zvamunenge matoconcluder nyaya . Taurai tinzwe kuti murikutii naye

" Zvikanzi nababa vaBlessing

" Ndanga ndisati ndapedza hangu amai murikundimhanyira . I think mazvinzwa kuti mwana wenyu haana kubvira adanana newangu . Saka we are not sure nenyaya yenhumbu kuti ndeyake here. Saka for now takumirira kuzvarwa kwemwana toita DNA test . Kana mwana akabuda ariwedu tinobhadhara madamages totora mwana wedu . Uyu mwana wenyu oenderera mberi nehupenyu.  Saka ndipo patakusiira nyaya yacho " Vachibva vaita kupupuma nehasha mai vaRumbi vakati

" Oooh saka makutoti mwana wangu azvionere hanty . Kutoreva kuti akutoita a single parent ndizvo ?" Ndakavatarisa hangu mai vaRumbi ndakatomboda kuseka kuti now vakuona kuti kuve single parent hakuite . Asipavakatora baba vangu havana kuona kurwadza kwazvo . Zvikanzi nababa vaBlessing

" Izvozvo mama munokwanisa kubvunza mwana wenyu kuti paaiita musikanzwa yakadaro haanawo kumbozvifunga here kuti magumo azvo ndiwaya . Kana maona kuti takubatirirai you are free kuenda kucourt henyu . Court tinongoiudza zvese zvakaitika tongomirira kuzvarwa kwemwana toita DNA test . Handikwanise kuti nditi agare kumba kwangu iye

asinakumbodanana nemwana wangu . Chero imi paoneyii mwana wenyu ingaataura ega kuti hatina kudanana iye ndiye aida mwana wangu nekuda kurwadzisa sisi vake . Zvino ini handishande negodo nekuti godo rinovaka huroyi dai murimai chaivo vanovaka murikutoti kumwana wenyu kumbira sorry kuna sisi vako nezvawakaita . But hamusikutomboona kutadza kwemwana wenyu kureva kuti hamukwanise kurovedzera mwana wenyu panzira yakanaka . Saka tozonzwa nemi kuti masarudza ipi nzira inoita court or kumirira mwana azvarwe toita DNA test kana results ati ndewedu tinoripa madamages "

Mai vaRumbi vakaita kupererwa kushaiwa chero pekubata . Zvikanzi nababa vaBlessing

" Bee chiita tione zvinoitwa hanty ukuona patasvika . Musikana wako uyu ariapa akatobatikana nezvese zvawakaita  zvinonyadzisa zvamakaita . Chimukumbira sorry tione kuti tinopedza sei nyaya dzako " ndakamutarisa Blessing ndichibva ndatarisa pasi ndikaona asimuka achibva auya pamberi pangu achibvaapfugama achibvaati

" Babe ndokumbirawo undiregererewo ndinoziva kuti wakambondibvunza

nezvazvo after receiving a call from Rumbi ndikaramba . Inyaya yangaichitondishaisa peace ufunge hako chero paukabvunza kuti hauna here zvipande ndakada kutaura but ndakapindwa nefear sorry babe . I know I wronged you tese nehanzvadzi yangu nekukunyepera . Ndaifunga kuti ndichangopedza nyaya dzangu zvopera pasina zvese izvi . Ndaisada kukurwadzisa chero pandakaona mama kuavenues ndaive ndatongoitwa zvekumanikudzwa kuti ndiende naye . But pasina kuwiririrana I love you Matipa ndiwe munhu wandinoda not zvimwe zvese izvi babe . Ndokumbirawo undinzwisisewo kuti muyedzo wakangouyawo pakati pedu sry babe "

nguva yaaitaura hanzvadzi yake yakabva yauyawo akapfugama akati

" Makoti ndinoziva kuti wakanditsamwira nekukunyepera ndaisada kuti urwadziwe ufunge . Unozviziva kuti ndinokudisa chaiko zvekuti nyaya yaRumbi yakaita kuti ndinetsane naye Blessing . Asiakarambisisa kuti handidanane naye ndosaka ndisina kuda kukurwadzisa nenyaya dzacho .Please find it in your heart to forgive me makoti forgive us kutadza kunowanikwa muvanhu tinoripa hedu . " vakataura

vakanditarisa kumeso chaiko ndikaona kuti vaitorwadziwa nazvo . Uyuwo Blessing aive akutoburitsa musodzi akangonditarisa ndichibva ndatura mafemo ndikati

" Tete handina kukutsamwirai musatye henyu ndaive ndakatsamwa yes but after knowing the truth ndakatoona pane nyaya yese saka you are forgiven mese henyu " pandakadaro tete vakabva vandimbundira vakati

" Thanks makoti wangu wandisunungura ndaitove nekubatikana kubva nezuro handina kana kuwana hope ndichiti ndichatarisana newe sei

thanks sweetheart l love you muroora wangu " l smile hangu nguva iyoyo Blessing akabva aburitsa ring yakanakisa achibvaati

" Matipa will you marry me babe ?" Ndakaita kushamisika kuti he's proposing me pamberi pevabereki vangu . Ndakatarisa sisi Atie musodzi yakutozara vachibva vasekerera vachigutsurira musoro . Ndichibva ndati

" Yes ,yes babe l will marry you " achibvaandiisa ring muchigumwe kwakundimbundira nguva iyoyo ndakanzwa mhere yaRumbi achibvaati dhii pasi ndiye ziii

End of chapter

[30/08, 8:31 am] +27 67 926 5880: https://chat.whatsapp.com/Gv7qGdv9MCk3f2oxCVkkhJ

BOOK 21

A SISTER'S PROMISE

WRITTEN BY MASIBANDA MAMA DELPHY

+ 27 74764 7472

+ 27657269362

READ COMMENT AND SHARE

CHAPTER 19

MAIVAMATIPA

MaivaRumbi pakadonha mwana wavo vakabva vatarisa murume wavo uku musodzi yazara mumatama vachibva vati

" Are you happy now baba Rumbi ,wazviona zvawakonzeresa mwana wangu manje if anything happens to her ndipo pauchaona kuti pese apa wayigara nemunhu asiriye . Zvawandiita nhasi izvi you will regret it . " Vachibva vasimuka vakuzunza zunza mwana wavo vachiti

" Rumbi mwanangu muka ,Ruu muka kani mwanangu " Rumbi wacho kana kutsukunyuka hake ndichibva ndasimuka ndikaenda paari ndakuda

kuti ndimubatsire kumuita first aid mai vacho vachibva vati

" Don't touch my daughter makuda kumupedzisaka hanty you planned this " ndikati

" Mai Rumbi l am a doctor musakangamwe l just want to help her " vakati

" Don't touch her tsitsi dzeyi kubvisa mwana wemvana madzihwa " ndichibva ndamusiya ndikati kuna baba vacho

" Ndokumbirawo muchitorana muende nekuti zvakuitika mumba mangu

handichazvifarire . " Vachibva vati " Noo mai Atie handina kwandiri kuenda navo " vachibva vasimuka vakaenda kukitchen vakanotora mvura vakauya nayo vakatanga kumumwaya mwaya . Ndikati

" Mubvisei bhutsu mumurarise ari straight movhura mabutton etop yake " baba vacho vachibva vakuita ivo . Mai vacho vaive vakungochema vakamutarisa mwana wavo . Achibvaazomuka papera 20mins achibvaagara . Mai vacho vachibva vamutarisa vakati

"Handei kumba mwanangu pano tatsvinyirwa zvekuti moyo wangu watsemuka tsemuka " Zvikanzi naRumbi " Sisi Matipa Ndokumbirawo

kutaura nemi ?" Ndakatarisa Matipa wacho akatoshamisika nekunzi sisi uyo aive akatogara naBlessing vakabatana maoko achibvaati

" Oky taura tinzwe " achibvaambonyarara Rumbi wacho achiita kunge ayifunga zvacho zvaaida kutaura achibvaazoti

" You are my sister right ? Kana uri sisi vangu ndokumbirawo uzviise mutsoka dzangu undinzwisisewo utaure naBlessing kuti anofanirwa kundiregerera totaurirana handidi kuti mwana wangu akure asina baba plz

Matipa.  Moyo wako haurwadze here kuti munin'ina wako chaiye is suffering imi muchifara naBlessing?" Ndakamutarisa Rumbi ndichitoshamisika kuti nezvese zvaitika achitori carry on nenyaya yake yekuti Blessing amubvume . Matipa achibvaati

" I have a question for you Rumbidzai ukagona kundipindura mubvunzo wangu I will think twice . My question is pawakaisira Blessing friendly request hanty you said waida kuparadza rudo rwangu naye nekuda kwegodo rakakubata . Saka apa zvasiyaneyii ndikakuregerera hanty unenge watozadzisa mission yako . Saka give me one good reason yekuti ndikuregerere after snatching my

boyfriend and destroyed my happiness?"

Achibvaatura mafemo akati

" I was jealous yes but now I can't be a single parent ndiri mwana mudiki mwana anongoda baba vake varipo . Saka iwewe unofanirwa kungoita move on urimunhu akadzidza Matipa you can't be my competitor " Matipa achibvaaseka akati

" It's too late Rumbi sezvaurikuona I have accepted his proposal kureva kuti

tatove pakuroorana saka I am sry . Kuve single parent kunongorwadza kana usingashande but sezvaunoona isusu takarerwa nasingle mother vari doctor hatina chataishaya saka wakufanirwa kutoshinga nemapeace job kutira mwana wako awane better life "

Mai vaRumbi vachibva vati

" Rumbidzai Usanetseke nezvese izvi hazvina kwazvirikuenda soon anokutsvaga Blessing uyu usatye hako vasiye vamboita " ndakavatarisa ndikaona kuti matauriro avo ndeye

munhu afunga zvemushonga ndikati

" Mushonga une expiry date mai Rumbi dai murimumwe matodzidza kubva panezvaitika izvi . Anyway l think nyaya yapera regai tisunungure vabereki vaBlessing vaende havo tisare tipedzise dzedu " pandakadaro baba vaBlessing vakabva vadairawo vakati

" Sure tanga takutooneka ndinotenda nezvese zvaitika pano . Ini nemhuri yangu takunogarapasi toronga date remarooro evana vedu . Ndirikutoda zviitwe nekukasira saka tichatuma munyayi anytime soon " ndikati

" Zvakanakai baba tinenge tiripo hedu "

Vachibva vasimuka nemhuri yavo tikavaburitsa kusvika kumota yavo vachibva vaenda . Tikasara zvino nemhepo idzi Rumbi namai vake . Zvikanzi namai vaRumbi " Daddy handei ?" Baba vacho vachibva vati " I am sry mai Rumbi handichakwanisa kugara newe . Ndadzoka kumhuri yangu wochiita hako zvehupenyu hwako zvisina inini mukati " mai vaRumbi vakaita kufemereka vachibva vati

" Soo urikuti zvangu newe zvatopera nekuda kwaRumbi here or wangawagara usisade hako be frank enough " Zvikanzi nemurume wacho

" Truly speaking ndaida kudzoka kumukadzi wangu kare but ndaive nenyadzi nekumbomusiya . Saka nhasi I

thank my daughter's for making it easier to me kuti ndidzoke pano pamba and move on nehupenyu hwedu "

Mai vaRumbi vakatanga kuchema vachibva vanditarisa vakati

" Soo murikutii nazvo nhai mai vaMatipa makuvabvuma back here baba ava after kukusiyai kwavakaita for 18 yrs " ndichibva ndatura mafemo ndikati

" Ndiye murume wehumhandara hwangu muhupenyu hwangu ndakaziva murume mumwechete . Ndikazviudza

kuti kana ariwangu achadzoka ndinonamata inini . Saka kudzoka kwake hakushamise nekuti imombe yaive yakarasika yazodzoka mumusha tinoyigamuchira nemaoko maviri tichitenda vana  vakwanisa kumira kuti baba vavo vaite the right thing " Vachibva vatura mafemo vakati

" What about us nhai baba vaRumbi munoziva kuti handishande makandimisa basa kucompany kwenyu karesa now ndinodii nemwana wenyu anenhumbu futi " baba vacho vachibva vati

" Mototanga kutsvaga zvekuita mai nemwana nekuti inini handichadzoka muhupenyu hwenyu futi . Rumbi mwana wangu hazvichinje ndichapota ndichisender something kuti adye asi not that much zvekuti nditi mese plus mwana wake hazvigone . Imba tora hako ndakavakira mwana wangu iyeyu munoisa malodger dzimwe 2rooms mobatsirika . Ini pano handichabva I am sry ndomaperero aita rudo rwedu " vakaridza mhere kunge vafirwa mai nemwana ini ndikaramba ndakangotarisa zvikanzi naAtida

" Daddy handei munotora hembe dzenyu nezvese zvinokosha especially your company documents nekuti now hatichada maexcusses . Kana madzoka

pano uko hamuchafanirwe kuendako saka zvese zvinoti imimi handei tinotora " baba vacho vachibva vati

" Yeah handei tinotora " Vachibva vasimuka vese naMatipa zvikanzi naMatipa

" Mom we are using your car nekuti daddy vanofanirwa kutakura vanhu vavo mumota yavo toenda takadungamidzana " ndikati

" It's oky endai nayo " Vachibva vabuda mai VaRumbi vachibva vasimuka nemwana wavo vachibva vanditarisa

vakati

" Nhasi wandigona asiziva kuti kumberi kunehondo . I will show you kuti l am not cheap uyu murume ndiye arikuzodzoka kumba kwake zvekuti you will regret accepting him back . Kwenyu kurikuda murume here makore ese iwaya waishaya here varume zvaunoswerera kuteverana nemurume akambokutsvinyira . Apa ndipo pawaratidza kuve dofo munhu wadoctor " l laughed ndikati

" Mwari wandinonamata mukuru kudarika zvese zvepasi pano .

Ndaizviziva kuti murume wangu wakamudyisa and pese pandaitarisana naye airatidza kurwadziwa nekuti hatisi pamwechete.  Saka ndaizviziva hangu kuti achadzoka saka usanditi ndatora murume wako nekuti he is my husband wazvinzwa . Now l won't be soft sezvandakaita pawakamutora this time ndirikuenda naye kucourt kunochata and ndachata unoziva the consequence of dating murume wemunhu anemuchato l will sue you . Saka itayi yaurikuda kuita but the truth is murume wangu adzoka kumba kwake . Chero hama dzake dzichapembera vagara vanga vasingakude uchashaya anomira newe . Next time tsvaga wako ari single usiyane nevarume vevanhu wazvionera

kuti vanongoita penga udzoke " achibvaaseka akati

" Tusiri twuvana twako twunenge twakapanda chirimo twaita kumanikidza murume wangu to choose between ivo naRumbi manje zvinobatsireiko nekuti one wacho zvaari a moving grave guva ririkufamba very soon tinokubatayi maoko " mashoko avakataura akanondigara pamoyo ndikatanga kufunga nezvecancer yaAtie ndikatoona kuti mai iyi inechekuita nazvo ndichibva ndati

" Muroyi asinganyare zvavagara tese tiri

makuva arikufamba manje chausingazive ndechekuti chawakaisa pamwana wangu chichadzokera kumwana wako . I will pray kusvika Mwari vataura . Hanty unaye Rumbidzai one asina kana mukoma or munin'ina uchachema zvakumwana wako inini handisati ndakura zvekuti izvezvi kudzoka kwaita murume wangu I can have a baby ndichida hangu . Hameno iwewe wakadya chibereko or wakatengesa nekuda kwemhiko dzemushonga . Manje touch not the anointed ones wangu mwana haafe a premature death I reject it we shall see "

Achibvaaseka achifamba kubuda nekuti baba vaMatipa vanga vakuridza bhero remota vaona mai Rumbi vasirikubuda mumba . Pavakabuda ndakatanga kufunga mashoko avo ndikatoziva kuti ndivo vakaroya mwana wangu how come vataura mashoko akadaro . Uye vazivasei kuti mwana wangu anofa soon .Ndakaita kurwadziwa ndichibva ndafunga kufonera pastor vangu kuti nditaure navo . Ndakatora fon yangu ndichibva ndafona vachibva vadaira ndikati

" Father murisei henyu nemhuri?" Vakati

" Ndinofara mai Matipa kwakadii kumba kwenyu nemhuri " ndikati

" Kurinani hako father l need your prayers pane zvirikuitika zvakawandisa kana zvichibvira ndinokumbirawo musvike kumba kwangu tinamate " vakati

" Musatye mai Matipa what ever zviripo hazvinasimba tinokunda ndinouya musatye ndagara ndanga ndichida kuuya ndine vision yandakaratidzwa nezuro ndirimugomo pavana venyu vasikana one wacho . Mwari vakanditi l must pray for her nekuda kwecancer but haisi cancer akadyiswa kuhope she needs deliverance . Wakaipa haasikufara nekubudirira kwevana venyu saka regai ndinosvika kumba kwenyu musatye " ndakaita kunzwa kumerera muviri wose ndikatanga

kuchema ndikati

" Amen father muuye mundibatsire munhu waMwari hondo yandakatarisana nayo yakakura mazviita henyu father I will be waiting " vakati

" Be blessed mai Matipa Mwari vanokudai musatye " ndikati " Amen " ndichibva ndakata call yacho ndikatotanga kunamata ndaive ndakutonzwa simba mandiri rekurwisa muvengi

End of chapter

[30/08, 5:32 pm] +27 62 191 5872: https://chat.whatsapp.com/Gv7qGdv9MCk3f2oxCVkkhJ

BOOK 21

A SISTER'S PROMISE

WRITTEN BY MASIBANDA MAMA DELPHY

+ 27 74764 7472

+ 27657269362

READ COMMENT AND SHARE

# CHAPTER 20

## ATIDA

Patakabuda pamba tichienda kubudiriro kwana Rumbidzai taive mumashure mota yadaddy iripamberi . Sekunhu kwataisaziva kuti ndekupi taitotevera mumashure mavo . Ndakaburitsa fon yangu ndichibva ndafonera Freddy. Paakadaira akabvaati " Babe nditori muroad kuuya ikoko urisei hako ?" I smile ndikati

" Ndiriboe babe kana urikuuya kumba saka boe unomira ikoko tokuwona manje manje tadzoka " achibvaati " Ko asiwabuda babe ?" Ndikati

" Yes tese naMatipa tirikuenda kumba kwadaddy kubudiriro " pandakadaro akaratidza kushamisika akati "

Kubudiriro kunoiteyii kutanga rinhi kuenda ikoko nhai babe " ndikati

" It's a long story babe ndinokuudza ndadzoka pane zvirikuitika kumba kunamama usatye " akati

" Oky musazononoka ikoko plz I miss you babe " I smile ndikati " Miss you too my love tinokasira kudzoka I love you " akati

" Love you too babe see you soon " ndichibva ndadropa call yacho zvikanzi naMatipa

" I hope hakunoitwe hondo kumba

kwadaddy ikoko.  Manje vakada zvehondo I am ready hatisikuzovasiya daddy " ndikati

" Vanenge vakuda kurohwa mai nemwana tinosiya tavakiya pamba pavo ipapo . Vanotofanirwa kutodzikama havo nekuti isuhatina kufambira izvozvo. "

Patakasvika pamba pacho takaparka paside pagate kunze hatina kuda kupinda mukati . Daddy vakadzika vachibva vauya kwatiri vakati

" Girls pindai mundibatsire kurongedza tiite zvekukasira " ndakatarisana naMatipa ndikati

" Ngatipinde shaa tinoda kuona kuti vachadii " Tichibva tatofamba tichipinda mukati patakasvika pamusiwo mai vaRumbi vachibva vati " Pererai panze ipapo handidi vanhu mumba mangu . Mauyaka nemushonga kuti musiye maisa mumba mangu manje hamundigone " takabva tamira daddy vachibva vati

" This is my house mai Rumbi hauna right yekurambidza kuti vana vangu vasapinde. Ndini ndavati vapinde vandibatsire kurongedza " mai vaRumbi vachibva vati

" Paye ndakunyarai nekuti ndanga ndisiri mumba mangu . Musade kuti ndiite noise yekuti maneighbour anoungana pano . Torai zvinhu zvenyu

mubude makanyara " daddy vakati

" Fine ana Matipa musapinde regai nditore zvinhu ndichikupai muchinoisa mumota " hatina kuda kuita nharo takamira panze daddy vakapinda vachitora zvinhu zvavo . Takatanga kunzwa kupopotedzana mumba imomo voice ramai vaRumbi ndiro raive pamusoro. Takazoona daddy vakuuya nemabag vachitipa tikanoisa mumota . Pavakapedza takutoda kubuda gate Rumbi akabvaamisa daddy tese tichibva tamira achibvaati " Soo daddy makutoenda here , matoshinga kuenda

muchitisiya here ,?" Ukumusodzi ichiita kunaya . Daddy vachibva vati

" Yes ndakuenda Rumbi and I won't come back again if uine zvaunoda kutaura you can call me or kuuya kuoffice kwangu " achibvaatura mafemo akati

" Soo ndini here ndaparadza imba yenyu namama nhai daddy " daddy vakati " Imba ipi yawaparadza iyi imba yagara yanga yakaparara kare . Ndakukusiyai munyatsosununguka kuita zvamunoda namai vako . Urinani ndatokusiya wamunhu mukuru ko ava anasisi vako

vandakasiya dziri pwere pain yaurikunzwa iyoyi ndiyo pain yavainzwa varikumba kwavo vega . Ndakudawo kuvapa rudo zvandaiitawo kwauri ndaenda Rumbidzai " Vachibva vafuratira kufamba akasara achiridza mhere . Tichibva tatonopindawo mumota tichidzokera kumba . Patakasvika kumba ndakaona mota yaFreddy yakatopaka neimwe yakafanana neyaMufundisi .

Takaburutsa zvinhu zvadaddy tichibva tapinda mumba mama vaive vakatogara naMufundisi naFreddy vachikurukura . Takanoisa zvinhu

zvadaddy muguestroom nekuti taisada kumhanya kuzviisa mubedroom. Tikamhoresana navo Mufundisi naFreddy nofunga vaitoshamisika kuti chii chaiitika . Takagara hedu pasi zvikanzi namama

" Magona makasira kuuya manga matomiririrwa naMufundisi kuti tinamate " ndikati

" Hoo oky yeah parikutomboda prayer yakasimba vagona vauya havo munhu waMwari " Zvikanzi namama " Yeah ichokwadi saka ngatisapedze nguva tipinde pamunamato " tese takabva tasimuka Matipa akashaura worship song tikatanga kuimba . Pakaimbwa 3maworship song tikatanga kunamata .

Takanamata for about 1hr Mufundisi vachibva vazoti " Ndine zvandanzi nditaure zvishoma kunemi baba ndisati ndaenda kuvana . Handizive kuti munotenda here kuti nditsanangure " daddy vachibva vati " Hongu munhu waMwari ndinotodawo kubatsirwa " Mufundisi vakati

" Ndinotenda baba vangu pandanga ndichinamata ndine zvandaratidzwa zvandanzi ndinofanirwa kukubatsirai nekuti ndaona baba muchirarama muri mucage . Munoziva cage zvayakaita hanty ?" Daddy vakati " Hongu man of

God taurai henyu "Zvikanzi naMufundisi " Uuum baba ndinoda kumbokudzoserai kumashure mbichana ndirikuona maive makagara muoffice menyu pachibva papinda mukadzi . Mukadzi uyu aiita sekuti aikushandirai akapinda akabata lunch box yegreen yaive nemascones mukati . Handizive kana muchiri kurangarira ?" Daddy vakambonyarara vachifunga vachibva vazoti

" Ehe I remember mai vaRumbi vachiri secretary wangu vakambondipa mascones aive mulunch box yegreen " Zvikanzi naMufundisi

" Ndipo pamakadyiswa baba hanty murimunhu aida mhuri yake zvekuti maigara muchingorumbidza mukadzi wenyu kubasa kwenyu . Zvino mukadzi uyu anekun'anga kwaakaenda akanoti arikuda nezvenyu nekuchiwa hupfumi hwenyu . Achibvaagadzirwa zvaakaitirwa zvacho ndokubaker mascones ake achibvaaita zvaakaita achitaura nezita renyu . Zvekuti paakakupai mascones acho hamuna kuramba kudya . And mapedza kudya pfungwa dzenyu dzakatadza kunyatsofunga mushe maive makungofunga nezvake ndirikunyepa here ?" Daddy vakati " Pastor murikutaura kunge manga muripo chokwadi ndakaita kunge ndapfekwa

chaiko ndakutonzwa kumuda mukadzi iyeye " Zvikanzi naMufundisi

" Makabva matomuda iye haana kana kuramba and same day makabva matonorara kulodge naye mukanyepera mai ava kuti maenda out nebasa . Baba pfungwa dzenyu dzaive dzakungofunga nezvemukadzi uyu . Kusvika matoona kuti better muite barika mukatobudira mukadzi wenyu pachena kuti ndafunga kuroora secretary wangu . Amai ava vakaramba vakati handidi kuparikwa imimi mukasarudza kusiya musha vana ava vari vadiki . Mukashinga kufuratira

kwaisave kuda kwenyu baba . Mukadzi wenyu anomuka anotoroyachaiko . Munoziva here kuti hamusimi murume wake wekutanga ?" Daddy vakaita kuvhura maziso vakati

" Handizvizive nekuti inini haana kumbondiudza kuti akamboroorwa " Mufundisi vachibva vaseka vakati " Akamboroorwa akadzingwa kwaaive aroorwa mushure mekunge adyisa murume mushonga achibvaafa murume wacho . Zvikaziikamwa nehama dzemurume akadzingwa sembwa . Anotoziikamwa kwaaive akaroorwa kuti anomuka ndosaka imimi aive akugonayi "

Daddy vakatanga kuchema zvekuti ndakavanzwira tsitsi.  Zvikanzi naMufundisi

" Zvino zvese zvamaiitira vana venyu mukadzi uyu zvaimurwadza pese pamaipembedza vana venyu vagraduater nemabasa avo ese ainzwa godo maari zvekuti kutorarama vana venyu kusvika nhasi munamato yaamai ava yaivachengetedza .Day raroorwa mwana wenyu muhombe uyu mukadzi wenyu madzoka muchiita kufara muchimuratidza mapics hamuna kuziva kuti matengesa mwana . Mukadzi

wenyu akauya husiku mwana uyu akarara akamudyisa kuhope zvaakamudyisa . Kuti zvisanduke kuita cancer kuti afe or kutadza kubata mwana , Zvino Mwari vazviramba " pandakanzwa Mufundisi vachidaro ndakaerekana ndaridza mhere ndikabatwa naMatipa ndichibvva ndati

" Soo Mufundisi murikureva kuti cancer yandakabatwa ndivo mai ava here ?" Zvikanzi nadaddy " Atida what are you saying mwanangu wakabatwa cancer riinhi and you didn't tell me " Zvikanzi naMufundisi

" Usatye Atida hauna cancer mwanangu ndinoda kukunamatira urutse zvese zvawakadyiswa mese nababa vako . And pauchapedza kurutsa ndinoda kuti uzodzokera futi kunoitwa check up uzondiudza kuti maresults ako anotii. Mwari vanokudai Mai Matipa hanty maive makutoda kubvisisa mwana nhumbu kuti atange treatment yecancer . Mwari vati mwana arimudumbu haasikuzofa and mune mwana mukomana.  Cancer yasatan ndirikuibvisa nezita raJesu " munhu wese akabvaati " Amen " ini ndaive ndakutochema Freddy akandimbundira uku daddy vachichemawo . Zvikanzi naMufundisi

" Baba mukadzi wamanga muinaye aive atokurongerai kuti akuurayirei vana venyu ava musare musina . Kungoti mudzimu yamai ava yakasimba ndinoda kutenda Mwari akashandisa vana ava vakabatana kukudzosai pano pamba kuti nhasi uno muponeswe muite a happy family again . Ndinonzwa tsitsi ndakakakutarisai nekuti maiita kubikwa everyday nemukadzi uyu kuti musafe makacheuka kumashure . Asi Mwari ndiMwari wenyasha zhinji anombopa satan mukana wekuti aite vachiita sevasingaone zvekuti ukasasimba unoti havako Mwari vacho . Asi nguva yekudzikinurwa kana

yokwana ndipo pamunozoona kuti hakuna chinesimba pasipezuva kudarika musika akachisika . Saka ndokumbirawo mukaka fresh ndinoda kuunamatira ndokupai baba mumwe . Uyu musikana ndinoda apfugame apa ndimunamatire futi ndinoda arutse zvinhu izvozvo zvakaonekwa nemadoctors nemushini secancer iyo isiri "

Matipa akabvaatomhanya mukitchen akanotora fresh milk akavapa Mufundisi vakatanga kunamata tese

tichinamata daddy vakapfugama vachibva vazopihwa mukaka uye kuti vamwe . Matipa akanzi atore 2mabuckect ekurutsira akauya nawo one rikapihwa daddy pavaive vakapfugama ini ndikapfugamawo ndikapihwa rangu. Mufundisi vakatanga kunamata vakabata dumbu rangu zvekuti ndakatanga kunzwa kunge kusvotwa mudumbu mukatanga kupisa . Ndaive ndakuita kunge munhu aiswa moto mudumbu . Ndakatanga kunzwa moyo wangu kumira ndikatanga ndichisvipa mate kupedzisira ndakurutsa . Ndakatanga kurutsa zvinhu zveblack kunge coke. Ndakarutsa kusvika mbabvu dzakurwadza pasisina chaibuda. Daddy

vachiitawo zvimwechete Mufundisi namama naMatipa naFreddy vachingonamata .

Patakapedza kurutsa Mufundisi vachibva vati

" You are free mese zvese . Mai Matipa tarisai zvarutsa mwana wenyu izvi ndizvo zvamainoona pamatest amaiita kuchipatara zvoita secancer wakaipa anoita zvinhu zvekuti munovhiringika nekufunga. Dai akatanga treatment yecancer ndiko kwanga kwatove kufa kwake but we thank God kuti zvakaramba now she's free and mwana

arimudumbu is also free. Baba vasunungurwa pfungwa dzichatanga kufunga zvakanaka zvese zvaikuitisai kuti musafunge mushe ndizvo zvabuda izvi tichiti mbiri kumusiki. Asi ndaona zvese zvaibatwa naye mukadzi uyu zvadzokera kwaari ndinoda mundiverengere mazuva mashanu muchanzwa zvichaitika kumba ikoko ndatopedza " ndakaita kuchema nemufaro tese imba yese yaive yakungochema nemufaro . Daddy vangu ndivo vakandinzwisa tsitsi machemero avaiita

End of chapter

[31/08, 8:49 am] +27 62 191 5872: https://chat.whatsapp.com/Gv7qGdv9MCk3f2oxCVkkhJ

BOOK 21

A SISTER'S PROMISE

WRITTEN BY MASIBANDA MAMA DELPHY

+ 27 74764 7472

+ 27657269362

READ COMMENT AND SHARE

# CHAPTER 21

## RUMBIDZAI

Zvese zvaiitika zvaiita kunge drama kwandiri ndakambofunga kuti ndairota here or ndichangoerekana ndakunzwa kuti kutamba hangu pazvese . Daddy pavakabuda ndakatanga kuona kuoma kwehupenyu mumba maive musisina kana mufaro . Mama vangu vakachema vakazvivharira mubedroom mavo ndaivanzwa vachichema . Ndaive ndakuzvishora kuti chii chandaive ndakaita now vabereki vangu vaparadzana nekuda kwangu . Mai vangu vaizondiregerera here apa ndaive ndakutototya chero kumira padhuze navo . Ndakanozvivharirawo muroom mangu ndiine kubatikana kwakanyanya . Hatina chero kubika takangorara

nenzara umwe arimake muroom.
Mama havana chero kuuya kwandiri kusvika ndibatwe nehope .

The following morning ndakamutswa namama vakapinda vachibva vagara pabed pangu vachibva vati " Rumbidzai muka tione titaure " izwi ravo raive risina hasha asi riine kubatikana. Ndakamuka ndichibva ndagara ndakavatarisa vakat " Ndinoda undiudze chokwadi wazvinzwa zvawakaita kwana Matipa wakandinyadzisa Rumbidzai handina

kuziva kuti ndichanonyara neconfidence yandaive nayo . Ndaivimba newe ukatadza kundiudza chokwadi about Blessing.  Chiona kwazvazoperera ndakanyadziswa nekurambwa zvese now baba vako vakaenda nekuda kwako . Moyo wako urikunzwasei vaenda kudai baba vako sekuseka kwawaiita anaMatipa kuti vakakurira mubroken family. Now ini newe zvatafanana iwewe wacho single parent neni single saka  uchaitasei now ?"

Ndakaeredza musodzi I wish mashoko

aiitwa reverse ndaiswa ndawithdrawer my statement but it was too late the damages is already done . Ndakavatarisa mama ndikati

" I am sry Mama handina kuziva kuti ndaikava datya zvese zvandaiita . Handina kubvira ndakarota kuti daddy vangatisiye kudzokera kumba kwavo . Ndirikutadza kunyatsozvinzwisisa kuti chii chakanyatsoitika . Ndiregerereiwo Mama Blessing ndaimuda nemoyo wese ndaifunga kuti ndichabudirira paari " Vakanditarisa Mama vakati

" Tell me Rumbidzai nhumbu yaunayo ndeyaani ?" Mubvunzo wavo wakandivhundutsa ndikaramba ndakanyarara vakati

' Ndiri kutaura newe Rumbidzai enough of your drama wazviona kuti hazvishande dai wakandiudza chokwadi ndakakakubatsira nemaidea but wakasarudza kundiitisa benzi pavanhu . Chiona vana vababa vako vacho wakavaitisa manyemwe mukomana waunoda wacho he proposed your sister in front of us shame on you Rumbidzai.  Ndiudze kuti nhumbu iyi ndeya Blessing zvechokwadi here . Remember kuchaitwa maDNA test and akabuda mwana asiri wake unoda ndife here nebp . At least akaita waBlessing vabereki vake vakati tinochengeta . Saka tell me the truth ?"

Vakataura vaita kukwidza izwi ndichibva ndati

" Mama l am not ready to talk ndine kwandiri kuda kuenda ndinozodzoka ndichitaura nemi . Parizvino l am not okay nezvese ndirikunzwa kurwara chaiko saka mukaramba muchitongesa tongesa zvinondiita kuti ndifunge kuzviuraya hangu . " l said ndakutochema Mama vachibva vatura mafemo vakati

" l am not forcing you mwanangu ndinoda kuziva chokwadi Inga ndinomira newe wani nguva dzese why wasarudza kundivanzira zvinhu zvakadaro mwanangu.  Itazvaurikuda

kuita but today I need answers Rumbidzai. Ndinoda chokwadi kubva kwauri ndizive zvekuita hatingati iwewe single inini single hazviite " she said vachisimuka vachibva vabuda .

Ndakasara ndikambochema ndichibva ndamuka ndikageza ndikachinja ndikatora wallet yangu ndaive ndisina mari yakawanda maingove ne5us chete ndichibva ndabuda . Ndakanokwira kombi kuenda kutown ndikakwira imwe kuenda kumba kwaPhilip. Ndakasvika aripo akatonditambira nemufaro .

Achibvaati

" Ko zvaunenge usiri kufara nhai Rumbi kwakanaka ndinodzoka ndotya ?" Musodzi yakatotanga kubuda ndikatanga kuchema achibvaandimbundira akati

" Waitwasei nhai Rumbi talk to me hanty watouya pano kare . Saka taura neni usacheme " ndakazama kuzvishingisa kuti ndisacheme asi moyo wangu wairwadza . Ndakamutarisa ndikati

" Our plan failed Philip " achibvaati

" How Rumbi ?" Ndichibva ndatura mafemo ndichigara pasofa iye akagarawo paside pangu ndikati

" Blessing akandiramba pamberi pevabereki vangu vese . Akauya nevabereki vake tikaita meeting kwana Matipa akaramba achiti hatina kudanana ndaingove shamwari yake . And chakanyanya kundirwadza he even proposed Matipa that very day pamberi pangu nevabereki vedu . I am heart broken Philip " ndakatanga kuchema futi Philip akatanga kundinyararidza akandiisa pachest pake achibvaati

" Haa ndozvaakaita Blessing ko zvaaita kunge anemaintrest wani . Eish sry Rumbidzai thought kuti achasiyana naye Matipa wacho and zvataifunga

kuti Matipa achamuramba hazvisi izvo zvaitika zvabva zvaita vise vises eish sry shaa "

Ndakatura mafemo ndikati

" Worse daddy vangu vabva vatoramba Mama vangu vakatotuta zvinhu zvavo vakadzokera kumba kwana Matipa. Izvezvi Mama vangu vatove single nekuda kwangu Philip. She's in pain zvekuti ndikushaya kuti ndovanyaradzawo sei nekuti zvati mai vatsva kumusana mwana atsva

kudumbu saka achabereka umwe ndiani . Haa ndavatadzira Mama vangu pasi nekudenga . Ndirikufunga kuzviuraya hangu kuti ndisarambe ndichifunga nezvazvo " akati

" Haa zvazviri serious nhai Rumbidzai. Unoreva kuti daddy vako vakatoenda nekuda kwenyaya yako . I think vagara vachingoda kuenda Rumbidzai unoziva munhu anenge aine imwe family yaakatanga kuita kashoma kuti ayisiye zvekudaro . Saka daddy vako vaingoda way out kuti vawane kuenda . Usazvipe mhosva Rumbidzai it's not your fault pamwe kutsamwa havo vanodzoka "

Ndikati " Philip hauna chawakaona nezuro kudzoka daddy havachadzoke ndakavarwadzisa and vana vavo vakabva vatotora advantage yesituation kwakubatana vakati kuna daddy he must choose between them and me . And my father chooses them imagine " Philip akatoshamisika achibvaati

" Yeah tight situation Rumbidzai eish thought soon takupembera muchato wako naBlessing saka zvaramba nhai ?" Ndakapukuta musodzi ndikati " Yeah Blessing is marrying Matipa and hakusisina kana hope yekuti achandicheuka . Ndatoona kuti he even blocked me pawhatsapp yake I can't see his profile " ndakataura ndichitora

fon yangu ndichibva ndavhura kuapp ndikati

" You see he blocked me " achibvaatora fon yacho akatarisa akati " Yes he did ko wadii kuzama kutaura nasisi vako Matipa maybe anotogona kunzwisisa ototaura naye Blessing wacho . Nekuti pamwe sisi vako vakangozviitira mukutsamwa kuti vakurwadzise but deep down vasisamude Blessing wacho . Waifanirwa kunovachemera chaiko uchikumbira sry I think she will understand " ndakazunguza musoro wangu ndikati " It's not that easy

semafungiro ako Philip. Everyone arikuside kwaMatipa even mai vaBlessing chaivo kundipandukira . You still remember ndichikuudza kuti she's pampering me vachitoti handina muzukuru anokurira musango.  Zvese izvo zvakachinja kusvika pakundiudza kuti ndiri muroyi mai vaBlessing chaivo " akati

" Hii ingazvazvakaomawo eish ugoona ndivo vataive tatoti game over zvaita nekuti she was on your side . Haaa saka zvinhu zvacho zvatove complicated " ndakatura mafemo

ndichibva ndamutarisa ndikati

" Soo toitasei Philip?" Achibvaaita kakuvhunduka akati " What do you mean toitasei ?" Ndikati

" You know the truth Philip kuti this child is yours haisi yaBlessing "

Akati " Rumbidzai noo I am not sure nekuti wanga usiri virgin . Saka zvekuti nhumbu ndeyangu ndinozivasei ?" Ndakatanga kuburitsa musodzi ndakamutarisa ndikati

" Phill unonyatsoziva kuti pese pandaiuya kuno tairara tese pasina protection uchiti uchandibatsira kuti ndihwine Blessing. Now wakuti you are not sure . Even day reparty takarara tese the whole night tadhakwisa

Blessing tikazongomuisa pabed pangu asina kupfeka kuti zviite kunge ndarara naye . Unozviziva kuti handina kubvira ndarara naye Blessing he's Inocent munyaya iyi . But zvazvaramba zvekuti ndive naye Blessing wacho chiona zvekuita nekuti I am carrying your child "

He laughed akati " Rumbidzai unoziva kuti wakapusa chaizvo iwewe . Unofunga kuti ndinotambira nhumbu yawamboenda nayo kuna Blessing.  Dai waindida usina kubvira waenda nayo

kuna Blessing saka zvekuti hauna kubvira wakarara naye ndiani anozviziva . Ko kana urikuda kutondiitisa sekuitisa kwawaiita Blessing handina kupusa zvekudaro shaa " ndakamutarisa kuti ndiye here Philip uye aindiisira mari painbucks achinditi huya kumba ndouya achirara neni paadira in the name of kurongerwa Blessing. Ndakatanga kuona kupusa kwangu nekuitiswa zvakadhakwa naye . Ndakatanga kuchema neshungu achibvaati

" Kuchema hakubatsire Rumbidzai

nyaya iripo ndeiyi ,kana zvaBlessing zvaramba better kuita abortion zvopera woita normal life yako. Panobuda maresults wodzokera kuchikoro I can pay doctor akuite abortion ichiri diki iyi hazvitore kana nguva kuti ubviswe . Saka choose zvinokuitira nekuti ndine musikana wangu wandirikuda kuroora not iwewe . Angaangori madeal ekuitisana unozviziva saka kana mwana ariwangu rega ndimubvise ndini baba vacho ndadaro " ndakanzwa chigodo kuti mbii pahuro ndichibva ndati " Ndiwe here Philip wandinoziva munhu waita kunditi huya izvezvi babe ndatonzwa nekumisa I love you Rumbidzai uchichemererera pamusoro pangu . Nhasi uno ndiwe wakuti angaari

madeal ekuitisana . Manje handisikuzobvisa nhumbu iyoyi. And vabereki vaBlessing vakati vanoda kuita DNA test and obvious maresults achangobuda asiri wake . And vachabvunza kuti muridzi ndiani I will tell them the truth kuti ndiwe . Remember kuti takambosvikirwa naBlessing tichangopedza kurara tese day riye and mukanetsana zvekuti nanhasi hushamwari hwenyu hwadzikira . Saka ndizvo zvaurikuda here kuti ndimuudze chokwadi Blessing ?"

Ndakanzwa izwi raBlessing richideedzera kuti

" No need for that Rumbidzai ndazvinzwa zvese zvamamuchitaura and look l was recording everything " takaita kuvhunduka tese naPhilip kwakutarisa kudoor kwakuona Blessing akatomira paseri pesofa rataive takagarira akatobata fon akatitarisa ndichibva nda____)

End of chapter

[31/08, 6:06 pm] +27 62 191 5872: https://chat.whatsapp.com/Dt8h6FDC0OnH2iH81C9mYq

BOOK 21

A SISTER'S PROMISE

WRITTEN BY MASIBANDA MAMA DELPHY

+ 27 74764 7472

+ 27657269362

READ COMMENT AND SHARE

# CHAPTER 22

## BLESSING

Patakabva kumba kwanaMatipa ndaive ndakunzwa kufara kuti aive andinzwisisa nekundiregerera . Ndaive ndakutofunga kuti rudo rwangu naye rwakutoparara . Munhu wandaifunga kuti achaomesa musoro ndibaba vake but havana kana kumbondiomesera . Takasvika kumba tichibva tagara musitting daddy vachibva vati " Nyaya dzako dzapera Blessing handichada madrama futi . Kunyanya imimi mai Blessing ndimi maibva mada kuenda kumberi now I hope madzidza kuti nyaya dzevana hadzisi dzekupindira . Now ndakuda kuti tichiendesa roora kuti makoti auye hazvichada kutora nguva izvi panozoita futi muyedzo . Saka ndichafonera sekuru vako vauye

tironge zviitwe zvipere " I smile ndikati " Thanks daddy yeah neniwo ndakuda munhu wangu padhuze . Ndaitya kuti acharamba ndangandisina kugadzikana mumba mavo paye "

Zvikanzi namama

" At least tese tasununguka and ndafarira zvaitwa naMatipa nasisi vake kubatana kuti daddy vavo vadzoke kumba . I wish vana vangu mukazodarowo kumira neni kana baba venyu vaita mavato . Ndavatya vasikana ava maona kuti baba vacho vaitakupererwa kuti vodii . Pfungwa

dzangu ndatoti vachati vanodzokera kumba kwavo . Ndafara kutaurachokwadi mai vaRumbi pandangovaona ndanzwa kuvavenga hameno kuti why . Ndopaunoona kuti varume zvavanomboitawo zvakaoma . Tarisa kunyorova kwakaita mai vaMatipa utarise mai vaRumbi kuti ritori jeti zvaro . Manje varwadziwa murume wemunhu haabatwe " I laughed ndikati

" Yeah neniwo ndafara veduwee vagona gulzy vangu naMatipa kubatana kudzosa baba vavo panzvimbo . Rumbidzai akavhaira kutukirira Matipa

achidada manje nhasi uno zvakumba kwavo ndipo paave kudzidza hupenyu manje . Thank you soo much daddy nemi mama nekumira neni kwasara kuti tipedzise chivanhu chacho muroora auye pano " mama vachibva vasekerera vakati

" I can't wait kuti auye makoti wangu ndakuda muzukuru wako chaiye not mahumbwe atanga taitirwa aya . But unofanirwa kuenda unotaura naPhilip mwanangu pane zvaunofanirwa kunonzwisisa kwaari especially nyaya yeparty yaakaitira Rumbidzai asingakuudze ipapo ndine mubvunzo napo .Ndinoda unomuona mutaurirane uchinyatsomubvunza unogona kutozobata pane nyaya mwanangu "

Ndikati " You are right mama why akandivanzira kureva kuti vane zvavaiitirana behind my back . Mangwana ndinonomuona kumba kwake ndinoda kumubvunza nyaya yeparty iyoyo " daddy vachibva vati " Yeah unofanirwa kunomuona ndatoona kuti Philip haasi shamwari yakanaka pese apa ndaitofunga kuti urikungomufungira . But pane zvakaitika chete pavanhu ivava " ndikati

" Yeah ndinoendako mangwana ndatozviona kuti haasi boe . Anyway rega ndinozororora veduwee stress

yakanditadzisa kurara nezuro " vachibva vaseka ndikasimuka ndikaenda kuroom kwangu . Ndaida kufonera Matipa but sevanhu vandaive ndasiya vachiri mumatare avo ndakangoti regai ndisamukanganise .

The following morning ndakanononoka kumuka ndikatozomuka kumapast 9 . Ndakageza ndichibva ndachinja ndikaenda kukitchen ndikaita cup yecoffe ndikamwa ndichibva ndabuda . Ndaisada kuenda nemota ndaitonzwa husimbe hwekudriver ndikatokwira

hangu kombi kuenda kwanaPhilip . Pandakasvika ndakapinda nepagate kadiki kasingakiiwe ndichibva ndafamba kuenda kudoor . Ndisati ndaknocker ndakanzwa achitaura nemunhu voice racho raiita kunge raRumbidzai . Ndichibva ndadongorera nepawindow ndikatoona ndiye Rumbidzai akatoiswa pachest . Ndakabva ndanyahwaira door raive risina kuvharwa zvaro .Pandakapinda havana kana kundinzwa ndikatomira paseri pesofa ndikatanga kunzwa nyaya dzavaitaura . Ndakaita kupererwa ndikatanga kuvarecorder ndakamira kudaro .

Ndipo pandakatanga kuona kuti Philip was never my friend sure kundirongera zvakadaro kurikuda kuparadza rudo rwangu naMatipa.  Ndakaita kunzwa hasha ndakufunga zvese zvandaiitiswa naRumbidzai achiziva hake kuti handina chandakaita naye . Pavakapedza kutaura ndipo pandakadeedzera kuti ndazvinzwa zvese and ndakuziva chokwadi. Ndakaona vanhu vaita kuvhunduka uyu Philip achibvisa Rumbidzai pachest pake achibvaamira akanditarisa ndikati

" I thought you are my friend Philip nhasi Mwari vaita havo vandiratidza your true identity " akaita kubwaira bwaira maziso ake achibvaati

" I can explain Blessing shaa I am sry " ndakamutarisa ndichinzwa hasha ndikati

" Ndakakutadzirei nhai Philip zvekuti unosvika pakundirongera zvakadaro . Asi wanga uchidawo musikana wangu here Matipa. Why wakaita zvakadaro kwandiri huh ?" Akati

" Bule shaa sry unoziva handizive kuti chii chakaitika mabasa aRumbidzai iyeyu anenge anemushonga chete . Nekuti kuuya kwake mulife medu akabvaatinyonganisa . Ini ndaitongomunyeperawo hangu kuti

ndirikutaura newe kuti mudanane ndinewo day here randakambokuti mude nhai Bule . Sry zvandakaita ndakatadza but kamusikana aka ndiko kanyoka chaiko " ndakaridza tsamwa ndikati

" Ndanga ndauya pano ndichida maanswers ekumuitira party kwawakaita but I have all answers dzandaida dzacho . I thank God for everything I wish you the best naRumbidzai wako since you are responsible for her pregnancy ndasunungurwa I am done here . " I said ndakutofamba kubuda achibvaati

" Bule shaa I am sorry wangu ngatisaparadzaniswe nekamunhu aka you are my guy kubvira kare . Handizive kuti ndaive ndapindwa neyii zvekusvika pakuita zvandakaita I am sry shaa . I hope one day you will forgive me tigodzokera pamazuva edu ekare ataiwiririrana " ndikati " No Philip handichaite zvemafrenzy now ndakuroora and mukadzi wangu ndiye achave frend yangu good day " I said ndichitofambisa kubuda gate handina kucheuka ndichibva ndatofonera hanzvadzi yangu kuti auye nemota mutown tiende kumba kwanaMatipa akati akuuya .Ndaida kunozvisunungura kuna Matipa kuti azive kuti ndaisanyepa

kuti handina kurara naye Rumbidzai.

Ndakasvika mutown ndikawana Anita atosvika ndichibva ndapinda mumota achibvaati

" So quick asiwamushaya Philip wacho ?" Ndichibva ndatura mafemo ndikati

" Pandakataura nyaya yekuti handina kumborara naRumbidzai noone believe me maitoti ndirikuda kuhwanda nyaya hanty . Now I have the evidence muzvinzwire kuti I am Inocent " achibvaati " What evidence do you have nhai Bee " ndichibva ndatora fon yangu

ndikaplayer recording yandaive ndaita Philip NaRumbidzai ndikati

"listen to this let me drive " achibvaakuteerera ndichidriver . Ndakaona aita kuvhura ziso achiita kushamisika nezvaainzwa paakapedza akaita kuombera maoko ake akati

" Haa kana mazogara kune vanhu vanoroya pasi pano . Ndosaka vazhinji vachipikira mhosva dzisiri dzavo mumajeri umu . Uuum Philip zvaanoroya nhaiwe saka apa aizama kuda kudii chaizvo huh . Kana akurambanisa naMatipa zvozodii .

Uuum chero iye Rumbidzai mwana haana kukwana uyu . Chokwadi kurarwa nekuda kwekurwadzisa sisi achishandiswa kudaro . Kutorarwa pese paadira Philip ndarwadziwa dai Rumbidzai arimwana wamai vangu ndaimurova zvekuti demon riripaari raienda.  Ko wavarecorder sei nhai Bee ?" Ndakatura mafemo ndikamutsanangurira zvese zvandaive ndaita achibvaati " Yeah wanzwengeswa naMwari apa yako nyaya yajeka iyi vabereki vake ngavazive hunhu hwake wagona wavarecorder . Anonyadzisa Rumbidzai zvino Philip wacho zvaave kuramba nhumbu achadii ?" Ndikati

" I don't know izvozvo ndozvisineyi neni dea hanty vaida kundiwachisa zvino azowacha ndiani . Zvekuti ndimainini vangu handina basa nazvo atondiratidza kuti chero mumba mangu handimude anozondiuraya or kuuraya sisi vake nekuda kwegodo rake . Ngaapedze nyaya dzake naPhilip wake chaasingazive Philip is a womanizer I know him haasati achema musiye "

Taive tatosvika pamba pana Matipa tichibva tadzika mumota tikanoknocker padoor tikavhuririrwa naiye Matipa. Ndakasekerera ndakamutarisa achibvaandimbundira ndikamupa kiss

ndikati " Babe nhasi ndauya kuti ndinyatsozvisunungura kwauri " achibvaaseka achimhoresa Anita akazoti

" Unoda kusunungurwa kangani nhai babe zvakatopfuura izvo " I laughed ndikati

" But mumoyo unongoti but why hanty ?" Achibvaaseka akati

" Ngatipindei mumba titaure mama varipo vese nadaddy maiguru vako naFreddy vanga vakutoda kubuda kuti vaende kumba kwavo " I smile ndikati

nechemumoyo zvanaka vese varipo vanofanirwa kuziva chokwadi. Takapinda mumba tikasweresana ndakanyatsoona kuti mumba vanhu vanemufaro . Ndakambonyara ndichishaya kuti ndotangasei nyaya yangu ndichibva ndangoti better nditaure zvipere . Ndichibva ndati

" Pamusoroi mama nemi daddy ndauyawo ndine nyaya yandinoda kukuudzai " daddy vaMatipa ndivo vakadaira vakati

" Oky son sununguka hako kutaura " ndichibva ndagadzirisa pahuro ndikati

" Ndati ndizvisunungure panyaya yaRumbidzai iye sekutaura kwataive taita tichiisiyira pamaDNA test . Now

hatichaite matest nekuti ndakuziva muridzi wenhumbu yaanayo "

Vanhu vese vakashamisika vakanditarisa zvikanzi nadaddy vaMatipa " Ooh oky ndiani muridzi wenhumbu yacho " ndichibva ndavatsanangurira maendero andaive ndaita kwana Philip ndichinoona Rumbidzai ariko nekuzovarecorder ndichibva ndavaisira kuti vanzwe . Pavaiteerera munhu wese akaita kuritsa tsamwa nekurwadziwa payakapera baba vacho vachibva vati " Son thank you soo much hauna mhosva

uri clean nzenza ndiyo yangu mwana uyu ndokumbirawo undisendere maaudio iwayo izvezvi ndiisire amai vacho vanzwe mabasa emwana wavo . Inini ndageza mumaoko nezvaRumbidzai handichada kunzwa nezvake angandiurayire mwana wangu negodo rake " Zvikanzi naMaiguru

." I told you Matipa kuti inini bamunini I trust him wazviona kuti promise yashanda here . Ndakakuti promise me kuti usarambe bamunini usaratidze kurwadziwa ukateerera chiona nhasi tawana enough evidence kuti he's Inocent munyaya yese . Ko dai

wakarega kuteerera maidai makatorambana nekuda kwemunhu anegodo . Thanks bamunini mandifadza nhasi and masunungurwa mukusvibiswa zita nenzenza iyi " I smile ndikati " Yeah ndozvinoita Mwari kana vada kuzviratidza vanokunzvengesa neimwe nzira yekuti unosara uchizvibvunza kuti chii chambonyatsoitika "Zvikanzi namai vaMatipa

" Mwari vagara havanyadzise mwanangu Mufundisi vangu vakataura nezuro kuti ndirikukupai 5 days zvese zvinenge zvafumuka hona kuenda kwawaita nekutononzwa chokwadi kuti nhumbu haisi yako unozoda Mwari vakaitasei . Vanhu kusanamata kurega

hedu asidzimwe hondo dzatinorwirwa naMwari dzakakurisa I am happy for you vanangu remain blessed "ndikati " Amen mama thank you " Ndichibva ndasendera baba vaMatipa audio yacho vachibva vasendera mai vaiye Rumbidzai vacho zvekuti paanodzokera kumba anowana vakamumirira mai vake

End of chapter

[01/09, 8:43 am] +27 62 191 5872: https://chat.whatsapp.com/Dt8h6FDC0OnH2iH81C9mYq

BOOK 21

A SISTER'S PROMISE

WRITTEN BY MASIBANDA MAMA DELPHY

+ 27 74764 7472

+ 27657269362

READ COMMENT AND SHARE

# CHAPTER 23

MAIVA RUMBIDZAI

Pakabuda Rumbi ndakasara ndichiita kunge benzi mumba ndichiti ndikapinda mubedroom ndobuda ndopinda musitting ndobuda . Ndaitadza kuzvigashira kuti baba vaRumbidzai kundisiya zvechokwadi here kudzokera kumukadzi wavo . Ndakatanga kufunga kuti chii chandaive ndakakanganisa nekuti ndainyatsoziva kuti havana kwavaienda ndaive ndakapedza navo kare . Ndakatanga kufunga kuti pamwe mai vaMatipa vaive vakafamba vakanogadzirawo murume kuti adzoke. Ndakatoona kuti pano ndikada kuvata nezamu mukamwa inofa kwangu . Ndaitofanirwa kutonoona sekuru vandiitire nekukasira chero Blessing

zvekuti arikuramba nhumbu yake ndinoda auye ega pano achipfugama kukumbira sorry . Ndakatonzwa simba richiuya mandiri ndichibva ndasimuka ndikanogeza nekukasira ndikapedza ndikachinja ndichibva ndabuda .

Ndakanokwira makombi ekuenda kumapurazi kusunvalley kwavaigara sekuru vacho  . Muroad mese ndaingoti nhasi vanoswera vadeedzwa nemushonga baba vaRumbi vakadzoka kumba . Ndaida kuona kuti zvivana zvavo zvaizodii vadzoka kumba .

Ndakasvika pakomboni pacho ndichibva ndaenda kumba kwavo pandakasvika ndakaona pakati zii ndikaknocker hapana akandidaira . Ndakatonetseka kuti kovaendepi nekuti ndaivaziva vasingafambe pese pandayiuya ndayivawana varipo. Ndakati regai ndinobvunza panext door pandainzwa vanhu vaitaura ndichibva ndaenda ndikawana vamwe mai ndikavamhoresa ndikati

" Ndokumbirawo kubvunza kuti sekuru muchawa veapa panext penyu

mambovaonawo here ?" Vakanditarisa vachiratidza kushamisika vachibva vati " Aaah makapedzisira kutaura navo rinhi nhai amai ?" Ndikati " Pane mazuva about 6month ago" vakati " Hoo ndosaka musiri kuziva sekuru vakarwara vakatakurwa nehama dzavo kuendeswa kumusha kwavo kuMalawi asi takazonzwa kuti vakashaika " ndakaita kunzwa kupera simba zvekuti ndakatadza kuzvigamuchira . Ndiye munhu wandaivimba naye nekuti kana pari pamushonga chero munhu arikuLondon vanomudeeedza akauya . Munhu anoerekana akutoti ndakutokwira izvezvi kuenda kuzimbababwe . Ndakapererwa zvekutadza kuzvidzora musodzi

ikatanga kubuda ndichibva ndati " Hoo aaah shame vakashaya kana kuzviziva mufunge . Zvisineyi maitabasa regai ndidzokere "

Ndichibva ndafuratira ndaive ndakutoita makumbo ekuzvuuwa chaiko simba rese raive rapera . Ndakanokwira kombi kudzokera kumba ndisina mufaro . Pandakasvika kumba ndakaita kuzvikanda pasofa ndainzwa kunge mweya wakupera wekufema . Ndakanzwa fon yangu ichipinda message ndichibva ndaitora ndikaona

ichibva kunababa vaRumbi. Ndakatanga kunzwa kunyevenuka ndichitofunga kuti vafunga kukumbira ruregerero vaona kutadza kwavo . Ndichibva ndavhura ndikaona iri audio ndakanyatsogarisika ndichida kunyatsoteerera . Ndakaivhura ndikatanga kunzwa voice raRumbidzai achitaura nemunhu wandisingazive . Nyaya dzavaitaura dzakaita kundipedza simba rese kuti tsvai . Chokwadi mwana uyu apindwa neyi kundinyadzisa zvakadaro . Chero hope yandaive nayo yekuti baba vacho vanodzoka uye Blessing anouya ndakabva ndatoona pasisina chimuko .

Ndakatanga kuchema kuti chokwadi Rumbidzai kuita kurarwa nemukomana iyeye nekuda kurongerwa Blessing. Zvino audio zvayabva nekunababa vake kureva kuti zvatosvika kwana Blessing kwacho . Obvious pamwe vana vavo ndivo vatopa baba vacho audio yaRumbi.  Ndakarwadziwa zvekusvika pakuti ndaida kumurova Rumbidzai. Ngaasadzoke hake pano pamba agare kumukomana wake iyeye . Ndakaita kubuda furo nehasha . Nguva iyoyo ndipo paakasvika hake Rumbidzai akatoisa maearphone munzeve . Ndakangosimuka ndiine hasha ndichibva ndanhonga ayini yaive patable ndikamutema nayo . Achibva

angoti

" Maiwee kani "achiwira pasi  ndikaona ropa rakuererera kubva mumusoro mandaive ndamutema ndipo pandakavhunduka kuti ndaiteyii ndikaridza mhere .

Ndichinopfugama paari ndikati

" Rumbidzai mwanangu sry kani ndabatwa nehasha muka kani Rumbi mwanangu " akangonditarisa asingadaire uku ropa rakuita kuerera ndikabuda mumba ndichimhanya ndichibva ndaenda panext door

ndichiridza mhere . Ndikaona baba vepo vanemota ndikati

" Ndokumbirawo help mwana wangu akuvara kani ndiende naye kuchipatara " baba vaye vakanditarisa vakaona ropa raive rakazara pahembe pangu . Havana kudakubvunza vakangopinda mumota yavo vachibva vareverser vachibuda pagate vakanopinda pamba pangu . Ndakapinda mumba ndichimhanya baba vaye pavakamuona Rumbi vakati " Aaah aitasei mwana uyu ?" Ndikati " Tinozotaura kani ndibatsirei timuendese kuchipatara " Vachibva vaona ayini yaive paside pake vakati " Asi mamutema neayini nhai mai Rumbidzai angaaitasei mwana zvekusvika pakumukuvadza kudai .

Manje yatove police case iyi " ndikati

" Ngatitakureyi mwana tiende naye kuchipatara arikurasa ropa rakawandisa kani " baba vaye vachibva vamusimudza Rumbidzai vakanomuisa mumota ndikatora kabag kangu ndikanopindawo mumota . Vakamhanyisa mota kuenda naye kuchipatara. Patakasvika akabva aiswa muemergency room akutobatsirwa nekuti ropa aive arasa rakawandisa. Doctor akandideedza achibvaati " Ko aitasei musikana nekuti akuvara zvakanyanya musoro ?" Ndakatanga

kutsenga tsenga mukamwa ndichitya kutaura zvikanzi nababa vandaive ndauya navo

" Vamutema neayini hameno kuti angaaitasei zvekuti munhu ungakuvadze mwana wako zvakadaro " Zvikanzi nadoctor

" Aaah saka yatove police case iyi let me call the police " ndikati

" Noo musafonere mapurisa please Doctor she's my daughter mwana iyeyu andirwadzisa ipapa anenhumbu apo akamirira maresults eform 4 . Samai

ndatadza kuzvitambira ndikangobatwawo nehasha kwakumutema neayini " doctor vakati

" Mama hamuite hasha dzekusvika pakutema mwana neayini ko akafa munoitasei . This case inotoda mapurisa l am sry let me call them " achibvaatofuratira doctor achipinda muoffice make . Baba vaye vachibva vati

" Ko baba vaRumbi varipi ?" Handina kuvadaira ndaive ndakutochema vachibva vati

" I have his number let me call him " Vachibva vatoburitsa fon yavo vakatofonera baba vaRumbi vachivaudza kuti ndatema Rumbidzai

neayini saka akuvara zvakanyanyisa titori kuhospital.  Handina kunzwa mhinduro yavo ndakangonzwa vakuti " Oky oky saka inini ndakudzokera kumba mai vacho varipano pahospital munovaona " vachibva vapedza kutaurirana vakazonditi

" Baba vaRumbidzai vakuuya saka ini ndakuenda "

Ndikati " Maitabasa henyu " Vachibva vatofamba vachienda . Ndakatanga kunzwa kupera simba ndikati pasi bvurukwacha pafloor chaipo . Nekuti mamhanyiro aiita manurse muroom

maive naRumbi ndakatanga kuona mwana wangu atofa ndatosara ndisisina mwana . Ndakatanga kuona kuipa kwehasha zvese zvaive zvakuitika muhupenyu hwangu zvaive nechirevo . For the first time kunamata ndakatanga kunamata ndakagara mufloor imomo . Ndaive ndakuita kunge benzi chairo ndichinamata . Pandakapedza ndakaona baba vaRumbi nemukadzi wavo naMatipa vachisvika . Vakasvikomira pandaive ndakagara vachibva vati

" Ko waitasei mwana wangu nhaiwe ?"

Ndakavatarisa musodzi yazara ndikatanga kundandama ndikati " Ndaaa ndaa mutema neayini nekuda kweaudio yamandiisira " Vachibva varitsa tsamwa vakati

" Wamaona mabasa ako ekuroya kwaakusvitsa now wakudakuzvidyira mwana wako waona kuti vana vamai Atida wavatadza. Huroyi husinganyare manje namata kuti mwana wangu aite zvakanaka nekuti akangofa I will kill you " handina kudaira ndakangoramba ndakanyarara . Doctor vakabvavauya pataive vakati

" Her condition is serious unfortunately hatina zvakakwana pano pachipatara saka motomuendesa kupare " Zvikanzi namai vaMatipa " Don't wry doctor I am

a doctor also l will be in charge l will take her to avenues kwandoshandira kuBaines clinic . Let me see her timutakure do you have ambulance?" Doctor vakati " Yes we have let me call driver auye "

Mai Matipa nemurume wavo naMatipa vakabva vapinda mukati maive naRumbidzai ini ndikasimukawo ndakuteverawo . Ndakamuona ari zii asingatsukunyuke aive asonewa nekuiswa mabandage mumusoro. Apo achinzi anoda kuwedzerwa ropa arasa rakawanda necondition yaari yekuti

anenhumbu zvinomukanganisa . Baba vake vakanditarisa neziso raive rakatsvuka vachibva vati " Let me call the police wakadyaidzwa " nguva iyoyo mapurisa achibvaatopinda vachibva vati

" Iripi mhondi yatema munhu neayini ?" Zvikanzi nababa vaRumbi " Iyi mhondi iripano iyi " vachindinongedzera. Mapurisa vachibva vanditarisa vakati " Ko zvamakasvika wani nhai amai chii chaitika kuti muteme mwana neayini mumusoro worse tanzwa doctor achiti anenhumbu kureva kuti maita attempted murder pavanhu vaviri " ndakatanga kuchema ndikati

" I hasha officer I lost everything nekuda kwake mwana iyeyu andirwadzisa kani " zvikanzi neumwe mupurisa " Amai tinokurovai mazvinzwa chero mwana akatadza hamuteme mwana neayini mumusoro matoita muchida kuuraya . Asi munengozi inoteverana nemi huh ?" Zvikanzi nababa vaRumbi " Yes akambouraya murume wake wekutanga saka anengozi uyu " ndakaita kupindwa nechando kuti ko nyaya yaex husband yangu baba vaRumbi vaive vainzwa nani . Zvikanzi nemapurisa " Saka imhondi amai ava vakatombouraya havo tipei maoko enyu

tione mhondi kujeri ndiko kunoenderana nemi " ndichibva ndaiswa chain mumaoko mapurisa aye achibvaati kuna doctor

" Tinoda report yakazara inotaura kuti akuvara zvakadii zvese ndizvo zvichanovasungirira mucourt " doctor vachibva vati

" I will do the report neichaitwa futi nadoctor ava ndivo vakuita take over nekuti pano hatina mushonga yakakwana . Plus ropa pano hatina saka zvakawanda zvichaitwa nadoctor ava " Zvikanzi nemapurisa " Fine tinenge tichibatana regai tiende nemhondi iyi kwakakodzerana nayo "

Ndakabudiwa neni ndichichema ndikatoona veambulance vatomira padoor vakutoda kutakura Rumbidzai kuti aendeswe kuavenues kuti anobatsirwa namai VaMatipa. Ndakatanga kuona kuipa kwehutsinye kuti munhu wandakarwadzisa makore ese aya ndiye same munhu akubatsira mwana wangu . Ndakanzwa kuzvituka nekuzvishora kuti sei ndaiitira hutsinye munhu anemoyo wakanaka kudai . I wish ndawana mukana wekuonana navo mai vaMatipa ndivakumbire ruregerero hangu

End of chapter

[01/09, 6:13 pm] +27 62 191 5872: https://chat.whatsapp.com/Dt8h6FDC0OnH2iH81C9mYq

# A SISTER'S PROMISE

WRITTEN BY MASIBANDA MAMA DELPHY

+ 27 74764 7472

+ 27657269362

READ COMMENT AND SHARE

CHAPTER 24

SEMI FINAL

Mai vaMatipa

Kudzoka kwababa vaMatipa kumba handina kuda kuvaomesera ndakagara navo pasi ndikavati tinofanirwa kuita matest kuti tione kuti hapana anechirwere here pakati pedu . Havana kuramba takaita matest acho vana varipo vese akabuda negative ndichibva ndavati vanomborara muguest room

kusvika ndave ready kuti vadzoke mubedroom.  Havana kupikisa semunhu aive nenyaya dzake ndaidawo nguva yekuti ndive ready mongozivawo kuti zvinhu zvakangoitwa nevana zvikatoita . Ndaisada kuti ndivarwadzise and ndakagara murume wangu ndichimuda chero zvairwadza kudaro .

Atida aive adzokera kumba kwake ndaida kuti azoitwe matest after 2weeks kuti  tione kuti zvaakabatsirwa naMufundisi chirwere aive achiburitsa chese chikapera here. Mumoyo mangu

ndaitove nefaith yakakwana kuti she's totally healed nekuti Mwari wandinonamata mukuru .Taive takatogara hedu naMatipa nababa vake pandakanzwa fon yababa Matipa yakuringer vachibva vadaira vakataura nemunhu wacho pavakapedza kutaura vakanditarisa vakati

" You can't believe zvandirikunzwa pafon mai Atie" ndikati

" Ndiani hanzii ?" Vakatura mafemo vakati

" Rumbidzai arimuchipatara atemwa neayini mumusoro namai vake " hana yangu yakarova ndikati " What haa imi kutema mwana neayini amai ava vakakwana here nhaimi " Zvikanzi

naMatipa

" Hii saka hanzi arisei nhai daddy ko ndokwazvasvika here vakomana " daddy vachibva vati " She's serious injured zvekuti hanzi arasa ropa rakawanda " ndakanzwa kubatikana ndichibva ndati " Daddy let's go kuchipatara kwacho izvezvi tinoona . Chokwadi mai iyi inengozi kukuvadza mwana wako sure " Matipa achibvaati " I will go with you daddy remember She's my half sister chero aribenzi hake apa pakutoda help yedu " ndakasimuka ndichibva ndaenda mubedroom

ndikachinja ndichibva ndabuda ndikawana Matipa atopedzawo kuchinja tichibva tanopinda mumota yangu ndikati

" You can drive daddy hanty maudziwa kuchipatara kwaari " vakati

" Yeah kubudiriro ikoko " Vachibva vamutsa mota tikabuda . Ndainyatsonzwa kurwadziwa kuti mai ava vaneshavi here . Ndivo vakaitisa kuti mwana aite mabasa erima kudai asi vakumupondazve neayini zvakaoma

Takasvika pachipatara pacho

tikavawana vakagara pasi chaipo pafloor vachiita kuchema ndakaita kunzwa hasha kunge ndichavarova . Patakaona mwana wavo necondition yaaive ndakatoona kuti better ndinomurapira kuprivate kwedu nekuti paaive mushonga paive pasina . Mai vacho pavakasungwa vachiendwa navo nemapurisa takabva tatobudawo sezvo ambulance yaive yatove ready kuti imutakure . Takabuda takadungamidzana nayo ambulance kusvika kubasa kwangu akaiswa mukati ndichibva ndatonanga kuoffice kwangu ndikapfeka dust coat rangu ndakutonomubatsira .Ndichibva ndati kuna baba vacho " Blood group renyu ichii tione kuti munokwanisa kudonater

here kumwana wenyu ?" Vakati " Ndombozviziva zvematype here mai Atie ingotorai hanty munoita masample here " vakati

" Oky let's see if murimusame group " Zvikanzi naMatipa " Also check mine hanty we are sisters I can donate for her as well " ndikati

" Oky huyai kuno tinoita matest acho "

Tichibva taenda munotorerwa ropa ndikatora rababa vacho ndikatora futi shoma raMatipa ndichibva ndaendesa kulab kuti vatarise if one of them

arimusame group . We waited for maresults acho kubva kulab takagara hedu . Paakazouya maresults acho ndakapihwa envilop ndichibva ndaivhura ndikatanga kuverenga. Ndakatarisa baba vacho ndikati " Mese hapana arikumatcher nera Rumbidzai " daddy vachibva vavhura maziso vakati " Meaning kuti haasi mwana wanguka " ndikati " No hazvisizvo baba Atie type yeblood inogona kusiyana not kuti haasi wenyu mwana . But renyu NaMatipa isame type group A mese " Vachibva vatura mafemo vakati

" I need a DNA test mai Atie nekuti how come rangu neraMatipa ramatcher asirake Rumbidzai raramba kumatcher haa ipapo handidi kupikiswa let's do the DNA test I can pay for that ndingatonzwa nekuitiswa nemuroyi uyu " ndakapererwa and kuti ndichivatsanangurira vanzwisise ndakatoona kuti havachatonzwisise ndichibva ndati " Fine will do it pano vanoita futi " Vachibva vati " Izvezvi mai Atida ndinoda kuziva kuti ndewangu zvechokwadi here ndizive " Zvikanzi naMatipa " Yes mama ngapaitwe DNA test tibatsire tichiziva kuti mwana wedu here or haasi " ndikati

" Fine regai ndifonere vekumaDNA acho ini hakusi kudepartment kwangu "

ndichibva ndapinda muoffice mangu ndikafona kunoitwa maDNA acho vakadaira ndikavati ndine varikuda kuitwa masample if kusiri buzzy vakati hakusi ngavauye . Ndichibva ndatobuda ndikati

" Vati huyai saka regai nditore vhudzi raRumbidzai agara agerwa paasonewa ndongomugera zvishoma tiende " ndakapinda muward maaive Rumbidzai ndikamugera mbichana vhudzi ndikaisa muplastic ndichibva ndabuda . Tichibva taenda kudepartment racho rinoitwa maDNA tikasvika ndikavatsanangurira zvataida zvacho vachibva vanzi

vanovatorwa  masample emukamwa vese naMatipa vacho . Vachibva vaitwa zvikapera zvikanzi maresults after 3days tichibva tabuda ndikati " Asi baba Atida mungati mwana haasi wenyu here hanty mwedzi yamakagara mese muchizoudziwa zvenhumbu maiverenga zvikaenderana here ?" Vakati

" Handina kuzvitarisa ini mai Atida unenge uine trust pamunhu naiyo mushonga yekudzungaidzwa iyi unombozviona here . But akabuda asiri wangu mai Atie ndirikutengesa imba yangu yekuBudiriro . Mwana wavo vachamuudza kuna baba vake ndokwaachaenda ndakaitiswa zvakakwana " I laughed ndikati

" Mwana ndewenyu henyu kungoti zveblood types hamuzvinzwisise chete . " vakati

" Let's wait for the results tione chokwadi ndokuti nditange kuzvinzwisisa zveblood zvacho . Nekuti now handisi kuzvinzwisisa sekutaura kwako . Iwewe uri doctor unoziva zvino isusu tinotoda kutenda taona saThomas. I hope she's mine nekuti kahubenzi kaanako nevana vangu it's totally different.  Tarisa mai Atie iwewe uri doctor wakadzidza inini ndiri business man ndakadzidza vana vedu

vese magraduates and magenes edu akatofanana. Ko Rumbidzai sei aita zambiringa munyemba huh ?" I laughed ndikati

" Akatora magenes ekwamai usanetseke nezvisinabasa shaa " Zvikanzi naMatipa

" Let's wait for the results plz tingatotanga kufungira zvisizvo " ndikati

"Yeah let me arrange rimwe blood lucky ririko rakafanana nerake "

Takadzokera kuward ndichibva

ndaarranger blood rimwe rikauya

ndikatanga kumuisa nekuti ndaive ndakutyira condition yake .

Baba vacho naMatipa vaive vakangomira vakatarisa ndichimhanya mhanya kuti zviite . Pandakapedza ndakabva ndaenda pana Matipa nababa vake ndikati " Let's see kuti zvinofambasei after tamuita zvataita izvi but anoita hake zvakanaka " baba vacho vakati

" Thank you mai Atie l hope anoita zvakanaka takamirira maresults ataita. Unoziva kuti ndirikunzwa hasha dzisingaite . Hameno kuti kumutema ikoko kwavaiita ndikwo kwaichinja situation here mwana wavo akatoporonga kare hazvichinje " ndikati

" Zvakangooma musakangamwe kuti Mufundisi vakati chii paye ikozvino vatema mwana vakuenda kujeri ndikwo kwazvavasvitsa uku . Unopedzisira wakutonzwira munhu tsitsi . Mai vaRumbidzai vanofanirwa kutendeuka vanamate ndiko kuti Mwari avaregerere chokwadi demon riripavari nderekuuraya hezvo vanga vauraya zai regondo " Zvikanzi naMatipa

" Let me call Blessing ndimuudze pamwe anokwanisa kubata Philip wacho anofanirwa kupedza nyaya dzake now akudakuurayisa munhu

akajaidzwa " she said achitobaya fon yake achibva afonera Blessing wacho akataura ariparefu nesu . Paakapedza kutaura akadzoka achibvaati " Mama you can't believe zvandanzwa naBlessing " ndikati

" Hanzii kwakanaka " akati

" Philip atotiza kuenda kuLondon kunevabereki vake anenge angaagara achitoda kuenda . Hanzi atoisa mastatus aripa airport achitoti See you Zimbabwe after 3yrs . Hanzi naBlessing ndamufonera akatoti ndaenda shaa vabereki vangu vakanditengera ticket 3days ago ndanga ndagara nditori parwendo . Saka kuna Philip zvatodhakwa izvi yatove nhamo yake Rumbi yekusiirwa mwana " ndakaita

kupererwa ndikati

" Haa saka hapasisina hope kuna Philip kwacho zvazvakaoma nhai watove mutoro wenyu baba vacho " Vachibva vati "  Ndokunge ari wanguka Rumbidzai wacho anongorera hanty akazviitira zvinhu zvake ega nhai mai Atida.  Ko ini ndinokwanawo papi ?" Ndikati

" Now mai vakuenda kujeri anoda support yenyu obvious result richati ndewenyu munofanirwa kudzora moyo mumubatsire tichazotaura hedu kana apora parizvino let's focus nezviripo .

Tinogona kuchidzokera kumba anosara achitariswa nemamwe madoctors. Will check her mangwana kuti anenge arisei " vakati

" Oky ngatiendeyi hedu asi mai vacho vanofanirwa kuenda kujeri ndiko kuti vadzidze . "

Ndikati " Obvious vanoenda report yandichanyora neichabva kuna doctor vatanga kumuattender ndiyo ichavasungirira mucourt  zvakangooma. Dai vanhu vachisiyana nemishonga yanga yatove ngozi kaiyi dai afa mwana iyeyu vaiitasei " takabva tabuda tikaenda kumota tichibva tadzokera kumba .

End of chapter

[02/09, 8:19 am] +27 62 191 5872: https://chat.whatsapp.com/Dt8h6FDC0OnH2iH81C9mYq

BOOK 21

# A SISTER'S PROMISE

WRITTEN BY MASIBANDA MAMA DELPHY

+ 27 74764 7472

+ 27657269362

READ COMMENT AND SHARE

CHAPTER 25

FINAL

ATIDA

**" God is good babe ndaive ndayirwadziwa nemwana arimudumbu umu . Uuum ndaitadza kurara babe ndaive nestress unoziva . But varoyi ngavasadaro shaa kuisa chirwere mumunhu asina kukutadzira ?" Freddy said achipuruzira dumbu rangu ndaive ndakamurarira hangu pachest pake ndikati " Ndosaka achinzi muroyi babe**

haatarise kuti makambotukana here akangokuitira godo chete watove enemy yake . Imagine kurwadziwa nekuti ndakadzidza ko kudzidza kunorambidzwa munhu here . Chero ikokuroorwa kunorambidzwa munhu zvekuti munhu angaite godo rekusvika pakundididyisa " ndaitonzwa kubhowekana navo mai vaRumbi zvikanzi naFreddy " I was worried shame ndinokudai guys makandikoshera mese najuju wangu . I hope zvese zvapera now hakusisina chirwere chasatani mumuviri wako . Takufanirwa kusimba pakunamata mukadzi wangu " ndakagutsurira musoro ndikati

" Yeah nekuti muvengi haazorore " fon

yangu yakatanga kuringer Freddy achibvaanditambidza akati " Ndibamunini Blessing " ndichibva ndaitambira ndikadaira achibvaati

" Gulzy ndiripagate penyu " ndikati

" Horait bamunini regai bamukuru venyu vauye vakuvhuririrei " vachibva vakata ndikati kuna Freddy " Blessing aripanze muvhuririrei gate " achibvaatosimuka akatora remote achibvaabuda . Ndichibva ndasimukawo ndikaenda kukitchen ndichinotarisa poto yangu . Vakadzoka vese bamunini naFreddy tikamhoresana

vachibva vagara pasi . Ndakatora juice nemaglass ndikavaisira ndichibva ndagarawo pasi bamunini vachibva vati " Ndakutsikai maiguru nemi bamukuru ndakuda kuti nyaya dzedu tidziite weekend dzemarooro . And nekuda kwenyaya dzakazovhiringa zviringa hatina kuzoita party yebirthday raMatipa . Saka ndichangobatanidza pamarooro ipapa weekend . Ndikapedza zvekubvisa I will take her out for her surprise birthday " I smile ndikati

" Woow weekend makutokanda mumhu

mumba bamunini yeah magonesa maita chinhu chakanaka zvekuti . " vakati

" Yeah sekuru vangu vatouya kuti tipedze nyaya dzacho vatoenda kumba kwenyu kuti vanopihwa list remarooro . Ragara ranga ririko renyu saka hazvinakunetsa ndakudawo munhu wangu padhuze " Zvikanzi naFreddy

" Yeah now makufanirwa kuchinyatsofara nekuti mumoto mamaive maipisa . Ndaikunzwira tsitsi munin'ina paye wanga wateyewa pamusungo chaipo but we thank God zvese zvavepachena " he laughed vakati " Now zvakutorwadza nekuti mukomana wekupa Rumbidzai nhumbu akatiza kuenda kunze kunevabereki

vake . Saka hapasisina kuti achaenda ikoko avekutongotambura nenhumbu yake ariega " ndakatonzwa kubatikana ndikati

" Zvakaoma asi ini ndine nhumbu kudai ndinotonzwa kuda baba vacho padhuze kuzoti vasipo uuum inguva yakaoma iyi . Chokwadi Rumbidzai akazvikanyira hupenyu ega . Munhu kutangirira musikanzwa arimwanana here vakomana.  Isuvamwe taitozviti chikoro pamberi ndinoda kuzoita mukomana ndapedza chikoro iye buzz kuitamusikanzwa nekuda kwegodo

chete . Manje achaona kuti hupenyu hauna kuchipa uye kuve single mother kunongoda uripabasa not wakatarisa kuitirwa nevabereki " ndakatataura ndichitora fon yangu yaive yakuringer futi aive Matipa aifona ndichibva ndadaira akati

" Shaa tirikubva kuhospital Rumbidzai atemwa namaivake musoro akakuvara neayini atori kuavenues zvakaoma mai vacho vatosungwa " ndakavhunduka ndikati

" Hezvo tirikutototaura nezvake izvezvi ko vakutemana futi vakupandukirana mai

nemwana zvadiizvee . Saka arisei haana kunyanya kukuvara here ?" Akati " Akuvara uyu ropa rabuda rakawanda saka pakuzoda kuwedzerwa ropa mama vati kunadaddy vatariswe kuti blood group rimwechete here raramba kumatcher even nerangu saka daddy vabva vati tiite maDNA test kuti vaone kuti mwana wavo here " ndakapererwa ndikati " Haa why vafunga kuti haasi wavo zveblood group hazvinabasa hanty unozviziva"

Akati " Yes l know but daddy vabva vangoti ndinoda matest saka pakaipa l hope ndewawo nekuti akabuda asiri wavo uuum vanorwadziwa daddy kuitiswa for 18 yrs veduwee " ndakatura mafemo ndikati

" Hii chero neni ndingarwadziwe nekuti takaparadzaniswa nadaddy vedu vachiti vamitisa munhu ozobuda kuti haasi wavo . Denga vanoita rekugoogler mai vaRumbidzai chokwadi " akati

" Oky ndinokubata later shaa kumaresults kunotoda tese tiripo tichatozara muward maanenge ari if ariwedu we celebrate naye anofanirwa kuchichinja hunhu hwake " ndikati

" Uko ndinotouya handirege ndizvinzwire " she laughed akati " Oky tine vayenzi sekuru vaBlessing vauya kuzopihwa list yemarooro hanzi

weekend ndopavarikuuya kuzobvisa " I smile ndikati " Yeah bamunini varikuno he told me I am happy for you shaa . Unouya hako mangwana tinotsvaga maoutfit edu atichazopfeka paweekend " achibvaaseka akati

" Obvious ndinouya mangwana shaa ndinoda kuti tiende kushop yawakatenga epako aye ndakaona inemaoutfits akanakisa " ndikati

" Yeah muye munongotengeswa zvemawedding saka tinoenda ikoko " akati

" Oky sisi regai ndibikire vayenzi byee " achibvaadropa call ndichibva ndatarisa Freddy ndikati " Nyaya yaRumbidzai kwayave kwaona shaa daddy vaita maDNA test " Freddy akanditarisa avhura ziso akati

" Maiwee pashata apa ini maDNA ndakamavenga unoita seuchafa nestress ndinoona pachirongwa chaTinashe chiye munhu achinzi zero percent haaa unonzwa kutsva chaiko . I hope kuna Rumbidzai zvichamufambira zvakanaka " ndikati

" Worse vatemana namai vake she's in hospital haa zvinhu zvacho soo idrama rega rega, regai ndibikire hangu bamunini nyaya dzana Rumbidzai dzinotemesa musoro idzi " I said

ndichitosimuka kuenda kukitchen

Rumbidzai

Ndakapepuka ndichinzwa musoro wangu uchiita kurwadza ndikazama kuda kumuka ndikaona ndiri muchipatara ndakatanga kufunga kuti chii chaive chaitika ndikazorangarira kuti mama vaive vanditema musoro . Ndakatanga kubata musoro wangu

ndikanzwa uine mabandage ndikaziva kuti ndaive ndakuvara . Ndakatarisa tarisa muroom mandaive ndichiti pamwe ndingaone mama but handina kuvaona . Pakazopinda umwe doctor achibvaati " Aaah Rumbidzai wamuka thank God urisei hako " ndikati

" Asindanga ndakarara here doctor zvamurikuti ndamuka . I can't remember anything ndirikutoona ndirimuchipatara handizive kuti ndauyasei kuno " doctor vachibva vati

" Relax Rumbidzai now you are out of danger ndozvakakosha . let me call

your daddy ndivaudze kuti wamuka " ndikati

" What about my mom ?" Vakati

" Mama vako she's in police custody nenyaya yavaita yekukutema musoro wapotsa watofa Rumbidzai " ndakamboramba ndakanyarara ndakutorwadziwa kuti mama vasungwa ndikati

" Saka vasungiswa nani ?" Doctor vakati

" Nadoctor kwawasvikira hazvaigona kuti urapwe pasina police report saka ndokusungwa kwavaita . But unelucky watozouyiswa kuno kuavenues kuti ubatsirwe kuno namai VaMatipa she's a nice person shame " ndkapererwa kuti mai vaMatipa chaivo ndivo

vandibatsira nezvese zvandakaita . Ndakanzwa kubatikana nekuzvinyarira . Doctor vachibva vatofonera daddy vachivaudza kuti ndamuka .

The following morning vakauya vese daddy namai VaMatipa vakatondiona ndakatogara ndaive ndakunzwawo zvirinani asimusoro ndiwo wairwadza nekuda kweronda . Vakandimhoresa mai vaMatipa vachibva vanditambidza box rechicken inn nejuice vakati

" Idya Rumbidzai wakunzwasei now " ndaitonyara kuvatarisa ndikati " Musoro ndiwo urikundirwadza chete but

ndanani hangu " vakati

" Don't wry you will be fine zvagara ronda rinotorwadza " daddy vaive vakanyarara vakanditarisa vachibva vazoti

" Mai vako vakasungwa saka vachaenda kucourt mangwana " ndikati

" I want to withdraw the case " daddy vakaita hasha vakati " Withdraw what unopenga here iwee unoziva kuti wapotsa wafa . And mai vako vanenyaya dzakawandisa . Handidi kuzvinzwa izvozvo wakuda kunetsana neni " handina kuzodaira ndatoona kuti nyaya yacho zvayatokora . I wanted to forgive my mother nekuti ndini ndaive ndavatadzira.

Havana kuzogara vakabva vabuda vakaenda ndakatsvaga fon yangu ndikaishaiwa ndaifunga kuti yaive kuno kuhospital. Saka yaive yasiiwa kumba . Ndakashaya kuti ndodii ndaida kufonera mukoma wamama . Ndakaswera ndirimo muchipatara pfungwa dzichingofunga amai vangu vaive vasungwa . The following morning ndaive ndatove boe chero doctor vakauya vakati ndirikuburitswa nhasi ndichienda kucourt kwaitwa nyaya yangu namama . Ndakatogara ndageza ndamirira kusvika kwadaddy

nekuti ndivo vaiuya kuzonditora . Pavakasvika ndakaona vauya musha wese kubva kuna Atida nemurume wake Matipa naBlessing ivo daddy namai VaMatipa.  Ndakatoti vanhu kuuya vakawanda kudai kundifarira here .

Vakandimhoresa vese ndainyara kutarisana naBlessing nekuda kwezvandaive ndakaita . Ndakazonzwa mai vaMatipa vakuti

" Let me go ndinotora maresults ave ready tiwane kuenda kucourt " ndakatoshaiwa kuti aive maresults eyii

vachibva vatobuda vakaenda ndaingonyara ndakatarisa pasi . Pavakadzoka vakabata envilop vakabva vati

" Mamuudza here Rumbidzai nyaya yemaresults ndisati ndavhura " Zvikanzi nadaddy

" Handina kumuudza muudzei henyu " Vachibva vanditarisa mai vaMatipa vakati

" Rumbidzai daddy vako vakaita maDNA test newe kuda kuona kuti urimwana wavo here . Saka envilop iyi ndiwo maresults acho andakuda kuvhura kuti tizive chokwadi "

Ndakapererwa kuti vanhu ava sure vangafungire mai vangu zvakaipa kudaro kuti pamwe handisi mwana wababa VaMatipa.  Ndakanzwa kurwadziwa ndikanzwa musodzi yakubuda ndikakasira kuzvidzora zvikanzi nadaddy

" Vhurai mai Atida tirikufanirwa kuenda kucourt " Vachibva vavhura envilop iye vakatanga vaverenga reaction yavo yakandivhundutsa vachibva vatambidza daddy vakashama muromo . Daddy vachibva vakuverenga vakaita noise vakati " 0% she's not my child " munhu wese akakanuka vakutambidzana maresults vachiratidzana daddy vakati

" You are not my child Rumbidzai your mother betrayed me she will pay for this . 18 yrs ndichikuchengeta uri bonga hako " vachibva vatanga kuchema .

Ndakatanga kuona kuguma kwehupenyu hwangu zvekuti chero mai vangu ndakanzwa kuvavenga . Zvese zvandaironga kuno withdrawer nyaya mucourt ndakabva ndatoti ngavaende mujeri havana moyo . She destroyed my life now handisi mwana wababa Matipa ndichadii . Ndakachema zvekuti musoro wangu waive wakurwadza munhu wese akapererwa . Machemero

akaita daddy akandirwadza vachibva vati

" Let's go to court this DNA will be presented in court also " takabva tabuda muchipatara tikanopinda numota kuenda kucourt kwacho . Ndaingochema muroad mese ndichizvituka ndaive ndakanganisa hupenyu hwangu nekuda kwegodo apo wandaiitira godo aisave mwana wababa vangu ndaitovewo gora zvaro .

Patakasvika mama vaMatipa vakaendesa mareports ekukuvara kwangu zvese naye DNA pakatangwa

nyaya mai vangu vakauyiwa navo vakapfeka zviuniform zvekuprison . Nyaya yakatangwa vakaverengerwa report yekwadoctor vakawanikwa vaine mhosva yeattemped murder . Zvikanzi najudge zvaari mwana wavo pamwe anezvekutaura tisati tapa judgement kuna maivake ndikanzi ndisimuke nditaure . Ndakasimuka ndikanomira mubox ndichibva ndatarisa mama ndikati

" Mama why you deceived everyone huh . Why muine moyo wakaipa kudaro munesure kuti for 18 good yrs muchichengetesa munhu mwana asiri wake . Makazviitirei mama huh tell me who is my father ndinoda kuziva " pandakadaro vakaita kuvhunduka

vakati

" Rumbidzai no baba vako ndivava handina kukuhura mwanangu.  Yes ndiri munhu akaipa hangu but avandivo baba vako " pavakadaro ndakanzwa hasha ndikati

" Hamuchinje mama manje proof iripo kare baba Matipa is not my father " ndakatanga kuchema zvikanzi najudge
" Yes mama tine DNA results iri riripano ririkuti 0% kureva kuti mwana uyu haasi wababa ava . Saka udzai mwana chokwadi kuna baba vake " mama vakatanga kubwaira bwaira maziso vachibva vati

" I am sry mwanangu handina zvandaikwanisa kuita ndaive ndapererwawo baba vako variko munin'ina waex husband yangu yekutanga . Ndakarara nabamunini ndikaita nhumbu yako saka kumusha kwako ndekwaRusape mwanangu urimuyera Ngara uriwekwaRukweza "

Ndakapererwa zvekuti ndakavatarisa neziso reruvengo ndikati kuna judge

" Munogona kuvapa sentence henyu inoenderana nemhosva dzese dzekunyepera munhu for 18yrs all the damages dzavakakonzeresa kufamily

iyi for 18 yrs nedzangu dzese she must pay for her sins thank you " mama vakaridza zimhere zvikanzi najudge " ko baba munotikudiiwo nenyaya iyi " daddy vachibva vasimuka vakati

" God will judge her she destroyed my life ndikarasa mhuri yangu nhasi uno dai pasina vana vangu vasikana vaviri ava vakandibvisa mumoto . Dai ndichingoitiswa nemuroyi uyu manje nhasi chokwadi chabuda ini handichineyii nemwana uyu audziwa kunababa vake anoenda ikoko kwaRusape . Imba yangu ndikutengesa izvezvi ndakutoisa paauction chese chinondireminder of her I will destroy it . Ndakarwadzisa mhuri yangu ndichiitiswa ndarwadziwa mukadzi

akaipa uyu "

He said vakutochema judge achibvaavapa mama mutongo we 9yrs muprison vakanzi havana makore avarikubvisirwa nekuda kwenyaya dzavo dzekurwadzisa daddy . Nyaya yakabva yapera tikabuda ndichibva ndanopfugama pamberi pana Matipa nemhuri yavo ndikakumbira ruregerero ndichichema . Vakandinzwisisa daddy vakanditi ndiende kwamaiguru mukoma wamama vakandipa mari yekombi . Vakati tizosangana kubudiriro tese namaiguru vabvise zvinhu zvamama

zvese imba yakutengeswa.
Ndakavatenda ndichibva ndaenda .

Three day's later

MATIPA

Madrama ese aive apera ana Rumbidzai vaive vabuda muhupenyu hwedu for good ndakabvisirwa roora zvakanaka zvikafadza vabereki vangu . Zvese zvakaitwa zvikapera ndaive ndave mukadzi waBlessing.  Ndisati ndaenda kumba kwangu taive tarongera mama nadaddy surprise naAtie . Takavadeedza musitting vachibva vauya ndichibva ndati

" Mama nadaddy nofunga madrama ese apera now tave happy family hanty ?" Mama vachibva vasekerera vakati " Yeah ndirikufara vanangu zvese zvadzoka panzvimbo " I smile ndikati

" Oky soo tine surprise yenyu muri two " vachibva vavhura maziso vese nadaddy vakati

" Oky ndeyeyii ?" Ndichibva ndatarisa sisi Atie ndikati " Sisi vapei surprise yavo " Atida achibvaasekerera akasimuka akavapa envilop achibvaati

" You can open henyu " Vachibva vatora mama vakavhura vakatanga kuverenga vese nadaddy mama vakati " Hiii girls dzangu 2 tickets to Dudai for 1week for us " I smile ndikati

" Yes for your honeymoon mama hanty

daddy is sleeping muguest room.  Now takakuitirai zvese kuhotel kwamuchange muri zvese nemari yeshopping you must go and spoil yourself " mama vakaita kubuda musodzi nemufaro vachibva vasimuka vese nadaddy vakatipa hug daddy vakati

" Vana vangu murambe makabatana ndimi makandirwira hondo dzangu . Nhasi uno tinemufaro nekuda kwenyu . I am proud of you girls dzangu Mwari varambe vachikutungamirirai mudzimba menyu ngamuve nemufaro wakawedzera . Handina kuziva kuti kunze uko kune vanhu vanoroya samai Rumbidzai.  Ndikazvifunga ndinochema " ndikati

" Zvakapfuura daddy plz go and spoil yourself mangwana flight yenyu na12 pm we love you guys " mumba makave nemufaro zvekuti ndakanzwa kuti yeah ndiyo family yangu yandinoziva.

Mama nadaddy vachienda kuhoneymoon kwavo ini naBlessing ndichiendawo kuhoneymoon kwedu . I really enjoyed zvese kutanga

kuexperiencer marriage for the first time and Blessing was happy kundiwana ndiri musikana . Vabereki vake vaiita kufara neni zvekuti ndainzwa kuti zvese zvakarongeka . Sisi Atida maresults avo akabuda vasina kana cancer yacho kuita kwaMwari kunoshamisa veduweee . Taive tanemufaro semhuri takamirira kuzvarwa kwaboy boy wedu . Rumbidzai ndaigara ndichitaura naye pafon achiti akatambirwa hake zvakanaka kwababa vake she's happy and she's a changed person nekuti vaanogara navo vakamunzwisisa situation yake . Vaiziva history yamai vake saka vakamugashira sezvazvaari

Magumo

I hope book rakudzidzisai zvakawanda ndinotenda mafans angu nerutsigiro rwenyu shuviro yangu ndeyekuparidza kuburikidza nemabook andinonyora to change people's life thank you

Tisangane panew book redu loading rinotanga kuuya neMonday

MASIBANDA MAMA DELPHY LOVES YOU ALL